

Gid etid Bib la Leson Lekòl saba yo


KLAS GRANMOUN YO

KLAS GRANMOUN YO

Repo nan Kris la

3^e TRIMÈS
JIYÈ - SEPTANM 2021





A L E L O U Y A . O R G

Repo nan Kris la

Gid etid Bib la

jiyè-septanm 2021

Plan

- Entwodiksyon trimès la
- 1. Viv nan yon sosyete 24 sou 7 (26 jen – 2 jiyè)
- 2. San pasyans e rebèl (3-9 jiyè)
- 3. Rezon ki fè n ajite (10-16 jiyè)
- 4. Pri repo a (17-23 jiyè)
- 5. « Vin jwenn Mwen » (24-30 jiyè)
- 6. Jwenn repo nan fanmi an (31 jiyè-6 dawou)
- 7. Repo, relasyon ak gerizon (7-13 dawou)
- 8. Lib pou w repoze (14-20 dawou)
- 9. Kadans* repo a (21-27 dawou)
- 10. Repo saba a (28 dawou-3 septanm)
- 11. Anvi plis (4-10 septanm)
- 12. Pwofèt la panike (11-17 septanm)
- 13. Dènye repo a (18-24 septanm)
- Entwodiksyon 4^m trimès 2021 an.

Otè : Yon kolektif prezidan inivèsite advantis
Redaktè prensipal : Clifford R. Goldstein
Redaktè annapre IADPA : Dina Albicy
Adaptasyon lengistik : [Jean Carmy Félixon](#)
Responsab piblikasyon : Lea Alexander Greve
Grafik ak ilustrasyon : Lars Justinien / [Max Guybert Lyron](#)

Se depatman lekòl saba Konferans jeneral advantis setyèm jou yo ki prepare *Gid etid Bib lekòl saba pou granmoun yo*. Gwoup ki sipèvize travay redaksyon kesyonè sa a se responsab Komite entènasyonal evalyasyon leson lekòl saba yo, tout manm komite sa a se konseye redaktè. *Gid etid Bib la* reflekte lide ak rekòmandasyon manm komite sa a, kidonk se pa senpman osnon nesèsèman lide/panse otè yo ki ladan.

Nan kad travay adaptasyon an Kreyòl ayisyen :

Alelouya! itilize yon sistèm tradiksyon ki chita sou langaj kouran Ayisyen an Ayiti pale. Nou adopte sistèm gramè Akademi Kreyòl Ayisyen pou redaksyon an.

Depi se pa yon tradiksyon pèsònèl, nou itilize tèks bibliik ki nan *Bib HCV (Haitian Creole Version)*, men nou retire apostwòf nan tèks yo pou n kapab suiv òtograf Kreyòl Ayisyen an.

Demach adaptasyon lengwistik sa a se pou ede plis Ayisyen konprann leson lekòl saba yo. Li fèt ak sèl finansman resous staf Alelouya, ni li pa gen vokasyon pou rantre lajan non plis.

Nan sousi pou pèmèt plis moun konprann e gen aksè ak kontni leson yo, Alelouya! prepare yon vèsyon odyo ki anrejistre chak jou e ki pataje sou rezo sosyal yo.

©2021 **Alelouya Publishing**
(A division of Alelouya! Ministries)

REPO POU SILA KI TOUMANTE YO

Gid etid Bib la

Jiyè – dawou – septanm 2021

Entwodiksyon trimès la

Tout moun te byen trankil nan avyon an, tout bagay te oke. Bripsoukou, moun k ap dirije vòl la, pandan l nan kabin pilòt la, anonse avyon an pral travèse yon gwo loraj. « Tanpri, tache senti n. Nou pral rive nan yon ti tan », se sa l di pou l fini anons lan.

Pa gen anpil tan depi l fin di sa a, avyon an kòmanse tranble, kòm si l t ap goumen ak loraj la pou l fè yon wout pou l pase. Sou tèt nou, kote n te mete bagay nou yo kòmanse louvri, tout moun panike kote yo chita a. Vin gen yon gwo sekous, gen yon moun ki fè yon gwo rèl nan avyon an. Gen moun ki gentan ap imajine zèl avyon an rache pou l al kraze atè a. Tout pasaje yo te sanble toumante e panike. Tout moun nèt, sof yon ti fi ki te chita nan premye ranje nan klas ekonomik lan. Li te okipe, li t ap desine sou yon tablèt (telefòn) pliyant ki te devan l. Tanzantan, chak fwa yon kout zèklè pati, li fè yon ti gade nan fenèt (iblo) avyon an, epi l rekòmanse desine. Apre moman sa a ki te sanble pran anpil anpil tan, finalman avyon an te byen ateri. Tout pasaje yo santi yo soulaje paske yo ateri, yo gen rekonesans, yo tout bat bravo.

Ti fi a ranje afè l yo nan valiz li e l t ap tann pasaje yo desann, gen yonn nan pasaje yo ki vin mande l si l pa t pè. Kijan l fè rete trankil tout tan sa a nan avyon an pandan yon gwo loraj, e avyon pran gwo sekous ?

Li reponn mesye a ki tou sezi : « Mwen pa t pè ». « Papa m se pilòt la, e m konnen l t ap retounen lakay ak mwen ». Nève ak laperèz souvan mache ansanm. Viv nan yon mond kote moun yo okipe 24 è sou 24, e 7 jou sou 7, kapab lakoz nou nève epi n gen laperèz. Kilès ki pa dwe goumen kont laperèz, toumant, tèt chaje ki gen pou vini yo ? Pase a fini, prezan an se kounye a, men, se lavni ki plen kesyon, e nan mond sa a ki toujou ap chanje, nou pa toujou jwenn repons nou vle tandè yo. N ap mande tèt nou si n kapab respekte delè yo, si n ap kapab peye kay nan jou k ap vini yo, peye lekòl/inivèsite, sove maryaj nou ki an difikilte, apre se yon lòt traka. N ap mande tèt nou si Bondye kapab kontinye renmen n, menmsi nou dese vwa l, chak jou ki jou.

Pandan trimès sa a, nou pral atake kèk nan krentif sa yo dirèkteman. Repoze nan Kris la se pa sèlman tit yon Gid etid, yon bèl slogan pou [yon] kanpay evanjelizasyon osnon yon rankont. Repoze nan Kris la se kle pwomès kalte lavi Kris pwomèt tout moun k ap suiv Li yo : « Lè vòlè a vini, se vòlò li vin vòlò, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè. Mwen menm, Mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l an kantite » (*Jan 10.10*).

Chantal ak Gerald Klingbeil, yo chak soti nan yon kilti diferan, sa fè lajwa nan maryaj yo a. Yo travay ansanm. Chantal se direktрис annapre nan Ellen G. White State, li soti nan peyi Afrik di Sid, alòs Gerald se redaktè annapre nan Ministè Adventist Review e l se pwofesè k ap fè rechèch sou Ansyen Testaman an ak Etid sou Pwòch-Oryan ansyen an nan inivèsite Andrews, li fèt nan peyi Almay, se l al grandi.

26 JEN - 2 JIYÈ

VIV NAN YON SOSYETE 24 SOU 7

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Jenèz 2.1-3 ; Egzòd 20.11 ; 2 Samyèl 7.12 ; Mak 6.30-32 ; Jenèz 4.1-17.

Pasaj pou n memorize a :

« *Jan mwen anvi wè kay Seyè a sa! M ap deperi sitèlman m anvi al lakay Seyè a. M ap chante, m ap fè fèt pou Bondye vivan an* » (Sòm 84.2, HCV)

Tik, tak, tik, tak. Se konsa revèy la t ap plede fè alòs tan an t ap pase. Nan de (2) zèdtan saba a ta pral kòmanse. Mari fè yon kout soupi lè l wè kijan jwèt timoun yo te gaye nan salon an, kuizin nan tèt anba, alòs Sara, dènyè ti pitit li a kouche ak yon lafyèv cho. E, li te deja aksepte pou l te asire sèvis akèy la nan legliz li demen maten, sa ki vle di yo te dwe kite lakay yo anviwon trant (30) minit anvan lè yo konn kite l la. Mari di byen tris : « M tèlman ta renmen repoze demen. »

Pandan tan sa a, sou bò pa l, Jòch, ki se mari Mari a, nan yon liy nan yon makèt. Gen yon pakèt moun, pou peye nan kès la se tèt chaje. Se tankou tout moun te vin achte an menm tan. « Mwen tèlman bezwen repo, mwen pa kapab kontinye konsa. Lavi a se pa sa sèlman l ye ». Sa se pawòl Jòch.

Men ak kisa lavi n sanble : al travay, al kay doktè, pale ak lòt moun, al achte, jere kesyon lekòl timoun... Kit nou nan machin prive osnon machin piblik pou n al regle afè n, fason tanbou lavi n ap bat nan mond lan san lè fè n bliye sa k vrèman enpòtan an.

Kijan n kapab jwenn repo nan pil traka sa yo ?

*Etidye leson semèn sa a pou saba 3 jiyè.

About epi fatigue

► **Li Jenèz 2.1-3. Poukisa Bondye kreye yon jou repo, anvan yon grenn moun te fatigue ?**

Anvan menm lòm kòmanse viv lavi strès yo chwazi a, Bondye te deside mete yon pwen fiks pou yo, yon mwayen pou yo rafrechi memwa yo. Li te vle n gen yon jou antye pou n fè yon ti poze pou n kapab byen jwi lavi, yon okazyon pou n konsyan de moun nou ye a e pou n pa travay, pou n kapab selebre kado n resevwa yo tankou plant yo, lè n ap respire a, bèt yo, dlo yo, moun, men, sitou Kreyatè a ki fè tout bagay yo bon.

Se pa t yon sèl envitasyon ki pèdi valè l depi lè lòm pa nan jaden Edèn nan ankò. Bondye te vle sèten envitasyon sa t ap toujou la malgre move tan, se depi nan kòmansman tout bagay li enskri repo saba a nan tan an. Envitasyon pou n viv ak kè kontan nan selebre kreyasyon an te dwe fèt chak semèn, toutotan n ap viv.

Nou kapab imajine, gras ak tout aparèy ki pèmèt nou mwens travay, kò nou vin fatigue mwens pase zanzèt nou yo ki t ap viv nan lane 1800 yo. Men, li toujou difisil pou lòm repoze jodi a pase nan tan pase yo. Menmsi n p ap travay, nou toujou sou aktivite. Pou yon rezon, nou toujou anreta ; kèlkanswa sa n reyisi fè, toujou gen yon bagay anplis pou n fè.

Rechèch yo tou, yo montre nou dòmi mwens, e gen anpil moun ki gen gwo bezwen kafeyin pou yo pa kagou. Menmsi n gen telefòn pòtab ki rapid, òdinatè wòdpòte, bon sèvis entènèt, nou sanble pa janm gen ase tan.

► **Kisa tèks sa yo aprann nou sou enpòtans repo a (gad Mak 6.31 ; Sòm 4.8 ; Egzòd 23.12 ; Detewonòm 5.14 ak Matye 11.28).**

Bondye ki kreye n nan konnen nou t ap bezwen repo pou kò n. Li tabli yon woulman – lajounen, lannwit ak saba – pou pèmèt nou repoze fizikman. Aksepte Jezi kòm chèf lavi n vle di tou nou pran oserye responsablite pou n repoze. Li klè, kòmandman saba a se pa yon senp pwopozisyon. Se yon lòd !

► **Kijan sa ye nan lavi w ? Èske w toujou fatigue ? Kisa w kapab fè pou w viv repo Bondye vle ofri w la pi byen, fizikman e spirityèlman ?**

Lè n santi nanm nou vid

Manke dòmi ak kò kraze lakoz fatig, sa yo se gwo pwoblèm. Men, lè n vid epi n pa jwenn afeksyon, sa pi grav. Sa k pi grav toujou se lè n manke dòmi mete sou li, nou vin dekouraje nèt.

Bawouk, moun ki t ap ekri pou Jeremi an, te viv sa a souvan nan dènye lane toumant anvan gwo kriz nan Jerizalèm nan, ta pral genyen soufrans ak traka lè babilonyen yo te fin detwi vil sa a.

► **Li Jeremi 45.1-5. Ekri yon ti paragaf sou kijan Bawouk te santi l.**

Èske w kapab imajine kijan w t ap santi w si Bondye te voye yon mesaj pou ou pèsònèlman ? Bawouk te resevwa yon mesaj ki soti dirèkteman nan sal twòn Bondye a (*gad Jeremi 45.2*). Yo di n sa te rive « katriyèm lane manda Joyakim, pitit Jozyas, wa Jida », nan lane 605 osnon 604 anvan Jezi. Tèks Jeremi 45.3 se yon bon rezime sou sa lòm santi lè yo bouke kouri pou granmesi.

Dapre sa n konnen sou koze sa atravè Bib la nan peryòd sa a, li klè, Bawouk pa t ap plenyen paske l te gen anvi plenyen. Li te gen bon jan rezon pou l santi l dekouraje, pou l santi l vid. Anpil vye bagay t ap fèt, e sa potko ap fini.

► **Kijan Bondye te reponn plenyen ak soufrans Bawouk yo ? Li Jeremi 45.4, 5.**

Repons Bondye devan soufrans Bawouk yo raple dezespwa ak doulè Bondye yo te pi gwo pase pa Bawouk yo. Li te konstwi Jerizalèm, e L te sou wout pou kraze l. Li te plante Israyèl menm jan yo plante yon jaden rezen (*gad Ezayi 5.1-7*), e L te sou wout pou derasinen l, epi depeyize l. Se pa t sa Senyè a te vle pou pèp Li a, men sa te dwe rive paske pèp la t ap fè rebèl ak Li.

Men, gen yon limyè lòt bò chemen an pou Bawouk. Bondye te deside sove lavi l, malgre destriksyon, egzil ak lanmò.

► **Reli pawòl Bondye di Bawouk yo. Ki mesaj jeneral nou kapab jwenn pou nou ? An n di, kisa tèks sa yo aprann sou [prezans] Bondye ki toujou ak nou, kèlkanswa sitiyasyon n ?**

Repo a nan Ansyen Testaman an

Se sèten nou tout bezwen repo, e se pou rezon sa a nou abòde tèm sa nan divès pasaj nan Bib la. Menmsi Bondye kreye n pou n travay, aktivite n yo dwe gen moman repo ladan yo.

Nan Ansyen Testaman an, nou jwenn divès tèm pou pale de repo an Ebre. Nan Jenèz 2.2, 3, Bondye itilize vèb *chabat* ki vle di « sispann travay la », « repoze w », « pran konje », pou dekri jou repo setyèm jou Li fin kreye a. Se nan vèb sa a mo « saba » a soti. Nan Egzòd 5.5, nou jwenn menm vèb sa a sou yon fòm (fòm kozal) ki montre Bondye fè [yon moun] fè lòt moun repoze, e yo tradui l konsa « fè sispann » travay yon moun. Farawon an, ki an kòlè, akize Moyiz ki « fè sispann travay di » pèp la.

Nan katriyèm kòmandman an, tèm yo anplwaye pou pale de repo Bondye jou saba a soti nan vèb *nuak* (*gad Egzòd 20.11 ; Detewonòm 5.14*). Nan Jòb 3.13, yo tradui vèb sa a konsa a « repoze w » osnon, pou pi klè « stòp », sa gen rapò ak « ti kay alyans » lan nan Resansman 10.36. Nan 2 Wa 2.15, nou wè lespri Eli te « poze » sou Elize.

Chagat se yon lòt vèb enpòtan nan panye repo a. Li vle di « repoze w » « santi yon soulajman » « trankil ». Nou jwenn *chagat* nan Jozye 11.23 kote yo dekri repo peyi a te genyen apre lagè, lè Jozye te gen viktwa yo. Lè n wè « lapè » nan liv Jozye ak Jij, se tèm sa yo itilize.

Yo sèvi ak vèb *raga* tou pou pale de repo. Nan pasaj Detewonòm yo, kote pèp la jwenn avètisman kont dezobeyizans, Bondye di pèp Israyèl la l p ap jwenn repo lè L va depeyize l la (*Detewonòm 28.65*). Nou jwenn menm fòm kozal sa a nan Jeremi 50.34, k ap dekri yo pa kapab jwenn repo.

► Li Detewonòm 31.16 ak 2 Samyèl 7.12. De ki kalte repo y ap pale la a ?

De (2) vèsè sa yo sèvi ak mo ki soti nan vèb *chakab* ki vle di « kouche », « dòmi ». Nan alyans Bondye fè ak David yo, Li fè pwochen wa Israyèl la pwomès sa a : « Lè w fin fè tout jou w yo, e w va kouche menm kote ak zanzèt ou yo, se pitit ou k ap pran plas ou a, sila ki va soti nan ou a, m ap kenbe l sou pouvwa a » (*2 Samyèl 7.12*).

Lis vèb ebre yo (yon lis ki long) ki pale de repo a ede n konprann repo a pa konsène kèk ti mo. Nou repoze n pèsònèlman, nou repoze n an gwoup. Repo a konsène kò n, lespri n ak relasyon n, e se pa saba sèlman l konsène.

► Sètènman lanmò se lenmi n, yon jou l ap disparèt. Men, menmsi n ap kriye pou pwòch nou yo ki mouri, e n sonje yo. Poukisa n jwenn rekonfò lè n konnen omwens y ap repoze ?

Repo a nan Nouvo Testaman an

Nan Nouvo Testaman an, nou souvan jwenn tèm *anapauō*, ki vle di « repo », « distraksyon », « trankilite ». Nou jwenn li nan yonn nan deklarasyon ki pi popilè Jezi fè sou koze repo a : « Vini jwenn Mwen, nou tout k ap trepase anba yon chay ; Mwen menm, M ap ba n repo » (*Matye 11.28*). Mo sa kapab ap pale de repo pou kò a (*Matye 26.45*). Nan dènye salitasyon Pòl fè Korentyen yo, li montre kijan l kontan paske lespri zanmi ki ak li yo trankil (*1 Korentyen 16.18*).

Hēsychazō (esikazo) se yon lòt tèm yo itilize pou pale de repo. Li dekri repo disip yo jou saba a, alòs Jezi t ap repoze nan kavo a (*gad Lik 23.56*). Men, yo itilize l tou pou dekri yon lavi trankil (*gad 1 Tesalonisyen 4.11*), e l kapab montre paske yon moun dakò, li fèmen bouch li (*gad Travay 11.18*).

Nan Ebre 4.4, se vèb *katapauō* ki dekri repo setyèm jou nan kreyasyon Bondye a. Vèb sa a vle di « fè sispann », « repoze », se menm vèb sa a bib Septant lan, ki se yon tradiksyon Ansyen Testaman an an Grèk, itilize. Li enteresan pou n remake se nan Ebre 4 yo itilize tèm sa a.

► **Li Mak 6.30-32. Poukisa Jezi mande disip Li yo pou yo mete yo apa, lè n konsidere tout sa yo te gen pou fè nan misyon yo a ? Lè n ap reponn kesyon an, reflechi a kontèks Mak 6 la.**

Ekspresyon (gwoup mo) : « Mete n apa [...] epi repoze n yon ti kras » la (*Mak 6.31*), se pa sou fòm yon envitasyon, se sou fòm yon lòd, yon kòmandman. Jezi te sousye L de disip yo, de sante yo. Yo te apèn soti nan yon vwayaj misyonè kote Jezi te fè yo mete yo an gwoup ki gen de (2) moun (*gad Mak 6.7*). Tèks Mak 6.30 lan dekri santiman yo. Disip yo te gen anpil bagay pou yo rakonte. Yo te vle pataje ak Jezi viktwa yo ak echèk yo ; poutan, Jezi te stope yo pou L mande yo repoze. Mak ba n yon eksplikasyon : « Paske anpil moun ta prale, anpil moun t ap vini, e yo pa menm gen tan pou yo manje » (*Mak 6.31*). Disip yo vin pa gen tan e yo twò okipe nan travay Bondye a. Jezi raple n nou dwe veve sou sante nou, pou n santi n byen alòs n ap planifye tan pou n repoze.

► **Kisa w kapab fè pou soulaje pastè a, ansyen legliz ou yo osnon tout lòt moun nan antouraj ou k ap travay nan kad misyon an, ki kapab fatigue lakoz responsablite yo ? Kisa w kapab fè pou w montre yo ou rekonesan epi w vle ede yo repoze ?**

Yon vagabon san repo

► **Li Jenèz 4.1-12. Poukisa Kayen vin tounen « grenn pwomennen epi vagabon sou latè » (Jenèz 4.12) ?**

Bib la pa esplike pou ki rezon Bondye prefere Abèl ak ofrann li a, olye Kayen ak ofrann li a (Gad Jenèz 4.4, 5), men, nou konnen sa k fè sa a : « Kayen te pwoche kot Bondye li t ap babye, epi kè l te plen dout sou padon Bondye te pwomèt la ak rezon k fè sakrifis yo te nesesè a. Ofrann li a se pa t yon fason pou l te rekonèt fòt li yo. Menm jan pou anpil moun k ap viv jodi a, pou Kayen, si l te suiv plan Bondye a epi tann sove Bondye nan Jezi sa t ap montre l se yon moun ki fèb. Li te sèmante fòk li endepandan, kòm kwa li merite tout bagay, olye l pwoche kot Bondye ak yon ti mouton, e san mouton sa a t ap sèvi nan ofrann nan, li pote fri l yo, kouraj ponyèt li ». — Ellen G. White, *Patriarches et prophètes*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 5, p. 52.

Lè Bondye te di Kayen ap « grenn pwomennen epi vagabon sou tè a », se pa sa Bondye te swete, men, se sa move aksyon Kayen yo ak dezobeyisans li a te lakoz. Kayen ki pa t jwenn repo nan Bondye, vin dekouvri l pa t ap jwenn repo lòt fason, an n di li pa t ap jwenn vrè repo a.

Yo ta kapab tradui mo ebre yo mete pou « prefere » a (*Jenèz 4.4*) konsa tou « gade pi pre », « konsidere ak atansyon ». Rega Bondye plis chita sou kè moun k ap fè ofrann olye ofrann nan. Paske Bondye ki refize ofrann fri Kayen an sa pa vle di Bondye t ap fè kapris. Tèks la plis montre pwosesis pou etidye epi sonde karaktè, konpòtman ak enterè moun ki pote ofrann nan. La, nou jwenn yon bèl ekzanp sou jijman investigatif (faz ankèt) la.

► **Li Jenèz 4.13-17, epi dekri reyaksyon Kayen an devan jijman Bondye a.**

Lè n ap eseye kouri pou prezans Bondye, nou vin ap enkyete, nou toumante. Nou tante chache bagay materyèl, nou rapwoche n de kèk moun, nou fè aktivite, nan lide pou n ranplase gras Bondye. Kayen kòmanse konstwi yon dinasti (yon pouvwa kote se yon menm kòd fanmi ki toujou ap gouvène) ak yon vil. Se bèl pwojè ki mande anpil fòs ak enèji, men, bati yon dinasti ak yon vil san Bondye, sa pa t ap vo anyen.

► **An jeneral, nou peye konsekans peche n yo. Men, kijan n kapab aprann aksepte padon nou jwenn sou lakwa pou peche n yo ?**

Apwofondisman

« Dapre raben (chèf relijye juif yo) yo, depi w toujou okipe, sa vle di ou atache a relijyon an. E w te dwe fè aksyon pou w montre w atache a relijyon an. Kidonk, raben yo t ap elwanye nanm yo de Bondye epi yo prezante zèv yo. Depi n ap reyisi nan sa n ap fè, nou riske mete konfyans nou nan metòd ak plan n yo. Nou gen tandans priye mwens, epi gen mwens lafwa. Konsa, menm jan ak disip yo, nou riske santi n pa depann de Bondye, e n ap chache yon mwayen pou n sove nan sa n ap fè a. Fòk nou toujou gade sou Jezi, e konprann se puisans Li k ap aji. Alòs nou met tout enèji n pou n travay pou n sove sila ki pèdi, an n pran tan pou n priye, medite e etidye Pawòl Bondye a. Nou pral konstate se sèl aksyon ki fèt nan priyè e travay Kris la sanntifye, se yo menm k ap bon e k ap aji pou byen moun » – Ellen G. White, *Jésus-Christ*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 38, p. 320.

MEDITASYON

- **Nou souvan ap sibi presyon pou n kapab bay pi bon rezilta e pou n toujou disponib (fizikman osnon sou entènèt) pou n kapab satisfè yon seri objektif/ideyal ki pa reyalis, e Bondye pa vle tou. Sa ka fè n malad mantalman, fizikman e spirityelman. Kijan Legliz nou an kapab yon kote moun ki bouke, ki fatige, e ki vle repoze kapab vin pran refij ?**
- **Èske l posib pou n twò okipe, menm pou n fè bon bagay pou Bondye ? Reflechi sou istwa Jezi ak disip Li yo nan Mak 6.30-32, e diskite nan klas nou an ki leson n kapab jwenn ladan jounen jodi a.**
- **1899, gen yon rekò yon bat nan vitès : yon moun ki t ap kondui yon machin a plis pase 60,000 mètr chak inèdtan (60 km/h) pa mouri. Jodi a, se sèten machin yo pi rapid. Vitès motè telefòn nou yo pi rapid pase motè gwo òdinatè ki pi rapid nou te konn itilize lontan yo. Men, nou vwayaje pi rapid kontrèman ak lontan. An rezime, kounye a nou fè tout bagay pi vit pase jan n te konn fè yo lontan an. Men, nan ki objektif ? Nou toujou prese e n pa repoze n ase. Kisa sa ta dwe aprann nou sou moun nou ye a ? Nan kisa sa pèmèt nou konprann poukisa Bondye fè repo yon eleman enpòtan konsa nan kòmandman L yo ?**
- **Bondye te vin ak repo a nan jaden Edenn, anvan peche a. Apre leson n kapab jwenn nan verite sa a, kisa sa aprann nou sou nesite repo a, menm nan yon mond pafè e san peche ?**

SAN PASYANS E REBÈL

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Resansman 11.1-33 ; 12.1-3 ; 13.23-27 ; 14.1-23 ; 1 Korentyen 10.1-11 ; Resansman 14.39-45.

Pasaj pou n memorize a :

« Tout bagay sa yo rive pou sa sèvi lòt yo ekzanp. Yo ekri yo nan Liv la pou sa sèvi nou avètisman. Paske, pou nou menm k ap viv koulye a, pa rete lontan ankò anvan pou lafen an rive » (1 Korentyen 10.11, HCV)

Lè pral gen tranblemanntè, anpil moun gen chans wè jan chen ak kèk lòt bèt (zannimo domestik) yon ti jan ajite.

Kounye a, syantifik yo di bèt sa yo kapab gen santi premye siyal yon tranblemanntè, premye siyal ki deklannche ki pral lakoz sekous yo. Byen petèt se pou rezon sa a yo gen konpòtman sa a anvan menm te a kòmanse tranble. Kèk bèt, tankou elefan, kapab tande ti son tou piti epi santi ti vibrasyon piti, sa lòm pa kapab fè.

Kèk minit anvan tranblemanntè 5.8 ki te frape Wachinton (Etazini) 23 dawou 2011 lan, kèk bèt nan zou (pak bèt) nasyonal Smithsonian te komanse gen yon konpòtman dwòl. Nan mitan yo genyen lemiryen yo ki tonbe kriye byen fò pandan anviwon kenz (15) minit, jistan spesyalis yo vini.

Nan etid semèn sa a, n ap etidye kèk ekzanp jan lòm ajite se pa lakoz katastwòf natirèl tankou tranblemanntè, men, lakoz peche lòm ki pèdi e ki refize konte sou sa Kris ofri tout sila yo ki vin jwenn Li atravè lafwa ak obeyisans.

**Etidye lesou semenn sa a pou saba 10 jiyè.*

Ajitasyon nan dezè a

Pèp Israyel la te dwe toumante, twouble epi malere lè l kite Sinay pou l al Kanahan. Plis pase yon lane te pase depi yo te kite Ejip (gad Resansman 1.1). Yo te pare pou yo te antre nan tè Bondye te pwomèt la. Yo te fè resansman e yo te òganize yo. Yo te viv yon mizerikod Bondye yon pakèt fwa, yo te wè anpil siy ki te montre Bondye prezan nan mitan yo. Epoutan, annik yo rive yon premye kote, lè yo fin kite Sinay la, yo pran plenyen.

► Li Resansman 11.1-15. Poukisa israyelit yo ap plenyen ?

Israyelit yo te gen yon gwo anvè manje vyann, konkonm, melon, pwawo ak lay Ejip yo. « Kilès k ap ba n vyann pou n manje ? Nou sonje pil pwason n te konn manje gratis an Ejip, konkonm, melon, pwawo, zonyon ak lay ! Kounye a n pa gen anyen : anyen ankò ! Kounye a, se lamàn selman n ap gade » (Resansman 11.4-6). Ala memwa yo konn chwazi, yo sonje sa yo te konn manje, men yo pa sonje yo te esklav epi yo t ap viv pi mal pase bèt (gad Egzod 1).

Lamàn Bondye te voye ba yo a pandan plis pase yon lane te pèmèt yo manje. Poutan, yo te toumante, yo te swete l pakèt t bagay. Menm Moyiz te fache. Eseye dirije yon gwoup moun ki ajite pa sanble fasil. Men, Moyiz te konnen kot kilès pou l ale : « Poukisa W fè m tout mechanste sa a, mwen menm, sèvitè W ? Poukisa W pa t fè gras, Ou mete tout pèp sa sou kont mwen ? » (Resansman 11.11).

► Kijan Bondye reponn plenyen israyelit yo ? Li Resansman 11.16-33.

Lè n nan bezwen, lè n ajite epi n twouble, Bondye pa soud. Nan ka pèp Israyèl la, li te ba yo vyann kay (yon bè volay) pou te satisfè bezwen vyann yo te genyen an. Men, se pa t vyann sa a pèp la te vle. Lè n pa ere, nou ajite, nou pa kontan, se van n ap veye pou n al Lagonav, sa k mete n an kolè a se yon okazyon, se pa li ki koz la. N ap goumen paske gen yon bagay nan nou ki pa mache, sa ki gen konsekans sou relasyon n yo. Pèp Israyèl te kanpe kont volonte Bondye. Kèlkanswa sa n ap viv, nou dwe veyatif nou kapab kanpe kont volonte Bondye pi fasil pase nou ta panse.

► Poukisa n gen tandans montre kijan pase n te bèl epi konsidere l pi bon plis pase sa l te ye reyèlman ?

Yon konsekans ki atrapan

► Li Resansman 12.1-3. Pou ki rezon Miryam ak Ahawon te kontrarye ?

Ta sanble Miryam ak Ahawon te an kòlè lakoz Sefora, madan Moyiz. Sefora ki se desandan kouchit yo, se te yon etranje ki soti Madyan (gad Egzòd 3.1). Menm nan « elit » pèp Israyèl la, n ap wè jan lòm nan pa bon. Bon, kisa n ta ka espere ?

Men, tèks bibliik la montre aklè se te yon pretèks. An reyalyte, israyelit yo te an kòlè lakoz manifestasyon don pwofesi a. Nan Resansman 11, Bondye te mande Moyiz pou l te nome swasann-dis (70) ansyen ki t ap ede l nan responsablite l ki se jere pèp la (*gad Resansman 11.16, 17, 24, 25*). E, jiskaprezan Ahawon ak Miryam t ap bay Moyiz bon jarèt (*gad Egzòd 4.13-15; Miche 6.8*). Kounye a, yo santi yo menase lakoz fason bagay yo ap evolye a, yo di : « Poukisa se atravè Moyiz sèlman Bondye pale ? Poukisa L pa pale atravè nou menm tou ? » (*Resansman 12.2*).

► Kijan Bondye te reponn plenyen yo a ? Li Resansman 12.4-13. Poukisa n panse Bondye reyaji sevè konsa ?

Bondye te reponn lapoula, e pa t gen tan pou okenn moun komante. Lè w gen don pwofesi sa pa vle di w dwe genyen lòt pouvwa. Moyiz te kapab dirije, paske l te konnen nan ki nivo l te depann de Bondye.

Paske vèsè 1 an site non Miryam anvan Ahawon, sa ta vle montre se li menm ki t ap mennen atak la kont Moyiz. Lè sa, Ahawon te deja Gran-Prèt an Israyèl. Si lèp te tonbe sou li, li pa t ap kapab antre nan tabènak la pou l al fè travay pèp la. Lè Bondye voye yon lèp pou yon ti tan sou Miryam sa montre aklè kijan L te fache kont de (2) moun sa yo e sa te vin fè te gen yon chanjman nan fanmi sa a, yon chanjman yo te bezwen. Paske Ahawon al mande gras pou tèt li sa montre l te nan bagay la tou (*Resansman 12.11*). Kounye a, olye Ahawon kritike e ajite, nou konstate l k ap mande gras pou Miryam (*Resansman 12.11-13*). Lè sa a, Moyiz mande gras pou Miryam. Men ki konpòtman Bondye swete pèp Li a genyen. Bondye koute Moyiz epi L geri Miryam.

► Li toujou fasil pou n kritikite dirijan Legliz yo, nan kèlkanswa nivo a. Men, èske Legliz nou an ak lavi spirityèl nou pa t ap pi anfòm si, olye n plenyen, nou te priye pou dirijan n yo, menm lè n pa dakò ak yo ?

Ajitasyon se wout rebelyon

Istwa a kòmanse ak yon nòt pozitif. Israyelit yo rive sou fwontyè Kanahan an, epi yo voye douz toutè (espyon) pou al pran tout enfòmasyon sou peyi a. Rapò yo bay la te estrawòdinè.

► **Li rapò douz espyon yo nan Resansman 13.27-33. Ki lè israyelit yo te santi yo pèdi lespwa ?**

Malgre entèkansyon Kalèb la, moun ki pa vle kwè san prèv yo ak sila ki t ap doute yo fè pèp la pèdi lespwa. Israyelit yo pa vle al pran peyi Bondye te pwomèt yo a. Israyelit yo, ki toumante e ajite, pito bougonnen epi kriye olye yo leve pou yo mache epi rele viktwa.

Lè n toumante, nou goumen pou n aji sou baz lafwa. Men, toumant lan pa gen konsekans sèlman sou emosyon n yo. Syantifik yo fè konnen gen yon lyen (koz-konsekans) ant mank repo (manke dòmi tou) ak move chwa n ap fè yo. Kidonk, nou kapab soufri obezite (moun ki twò twò gwo), toksikomani (moun k ap pran dwòg), e n kapab plis toumante e pi malere.

Li Resansman 14.1-10. Kisa ki vin pase annapre ?

Se pi mal bagay yo vin pi mal. Kalèb deklare : « Pa fè tèt rès ak Senyè a, e pa pè pèp Kanahan an » (*Resansman 14.9*), men, pèp la pa okipe l. Tout pèp la ap prepare yo pou yo lapide dirijan yo. Ajitasyon an lakoz rebelyon, e rebelyon an lakoz lanmò.

« Espyon enfidèl yo, ki san jèn, fè tapaj ak Jozye ak Kalèb. Pèp la mande lapide mesye yo. Pèp la an kòlè, yo ranmase wòch epi y ap voye dèyè mesye yo, pandan y ap di pawòl piman bouk. Bripsoukou wòch yo sot tonbe nan men yo. Vin gen yon gwo silans, e pèp la pran tranble tèlman, yo pè. Bondye vini pou l te stope yo. Tout pèp la wè glwa prezans Bondye ki klere tabènak la, li klere anpil. Yon Pèsonaj pi puisan te la, e nan prezans Li okenn moun pa t kapab kontinye rezistans lan. Espyon yo ki t ap bay manti, yo vin pè, yo kouri rapid vit al refijye yo nan tant yo » – Ellen G. White, *Patriarches et Prophètes*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 34, p. 362.

► Lè sa a, glwa Bondye parèt piblikman. Lè n ap li Resansman 14, nou sanble ap asiste yon sèn, epi n ap tande Bondye ak Moyiz k ap pale. Bondye fè remake, menmsi se sou Moyiz, Kalèb ak Jozye yo t ap voye wòch yo, men, rebelyon an se te kont Bondye.

Yon avoka

► **Devan rebelyon an, ki solisyon Bondye pwopoze Moyiz ? Li Resansman 14.11, 12.**

Bondye pwopoze pou L detwi israyelit yo, epi pou L kreye yon nasyon tou nèf ki t ap gen Moyiz kòm papa nasyon sa a.

► **Kijan Moyiz reyaji devan gwo rebelyon sa a ki fèt kont li ak kont Bondye a ? (Gade Resansman 14.13-19)**

Se nan moman sa a nou pral wè bonjan sèvitè Bondye a pral montre ki moun li ye. Nan repons Moyiz bay la, li anonse 1400 lane davans Avoka ki ta pral priye pou pwoblèm disip Li yo (*gad Jan 17*). Alò, anpil tewolojyen ak sila k ap etidye Bib la wè nan reyaksyon Moyiz la yon ekzanp sa Kris fè pou nou an. Kilpabilite israyelit yo, ki se kilpablite pa n tou, te klè. Poutan, Moyiz defann yo lè l di : « Tanpri, padone fòt pèp sa a, paske W fidèl anpil » (Resansman 14.19). E menm jan Senyè a te padone apre entèvansyon Moyiz la, Li padone nou nan non Jezi, atravè lanmò L ak rezireksyon L lan, e gras ak ministè kòm Avoka.

Konsa, Moyiz deklare : « Tanpri, padone fot pèp sa a, paske W fidèl anpil, jan W te padone pèp sa a soti depi an Ejip pou l rive la » (*Resansman 14.19*). Gras la konbat rebelyon ak ajitasyon depi nan rasin, e padon Bondye a pèmèt yon nouvo kòmansman.

Toutfwa, sa gen yon pri. Gras Bondye a se pa yon gras bon mache. Menmsi pèp la jwenn padon, li te peye konsekans rebelyon an, jenerasyon rebèl la pa t antre sou Tè pwomès la (*gad Resansman 14.20-23*).

Yon fwa ankò, Bondye te soutni israyelit yo nan dèzè a pandan trant-uit (38) lane. Li nourri yo epi L pale ak yo atravè tabènak la. Li te bò kote yo nan dèzè a. Men, yo mouri, e yon jenerasyon tou nèf vin fèt e yo jwenn repo nan Tè pwomès la.

Sa sanble yon jijman ; poutan, se vrèman yon siy gras. Kijan jenerasyon sa a ki potko aprann mete konfyans li nan Bondye t ap kapab pran gwo vil Kanahan yo ? Kijan israyelit yo ta kapab limyè pou lot nasyon yo alòs yo menm y ap kilbite nan fenwa ?

► **Ki lesou difisil ou aprann sou konsekans peche ki jwenn padon yo ?**

Lafwa ak pretansyon

► **Ki menm bagay nou jwenn ant pèp Israyèl ki te pèdi nan dèzè a ak sitiyasyon pèp Bondye a, anvan retou Jezi a ? (gad 1 Korentyen 10.1-11).**

Pandan yon pakèt tan, pèp Bondye a pèdi nan dèzè a, y ap chache Tè pwomès la. Dèzè sa a pran divès fom. Pou epòk pa n nan, li sanble ak yon larivyè enfòmasyon nan medya yo, mesaj k ap monte sou telefòn nou tanzantan ak mwayen distraksyon ki tout kote. Li tante fè n kwè pònògrafi se lanmou, epi byen materyèl se repons tout pwoblèm. Si n te kapab yon ti kras pi byen kanpe, yon ti kras pi jèn, pi rich, pi beèl, pwoblèm nou yo t ap regle.

Tankou israyelit yo, n ap chache lapè tankou chen fou, e byen souvan nou chache l move kote a.

► **Kòman israyelit yo te reyaji devan jijman Bondye a nan Resansman 14.39-45 ?**

Reyaksyon pèp Israyèl la devan jijman Bondye a te klè. « N ap monte kote Bondye te di a, paske n peche » (*Resansman 14.40*).

Yon angajman yon moun pran a de (2) kè sanble ak yon vaksen yo mal bay : li pa fè okenn efè. Jodi a, medsen yo rekòmande anpil pou tout ti moun pran vaksen kont Epatit B anvan menm yo gen de (2) jou depi yo fèt. Se yon bon kòmansman, men, apre premye dòz la, si l pa pran de (2) osnon twa (3) dòz jan sa dwe fèt, ti moun sa yo pa gen okenn pwoteksyon kont epatit B a.

Israyèl ki vin pran yon lot desizyon nan fen Resansman 14 la, vin lakoz deksepsyon ak lanmò, paske israyelit yo refize suiv konsèy Bondye epi yo deside al goumen san « kay alyans » lan epi san se pa Moyiz k ap dirije.

Lè y ap fè pretansye a sa pa san konsekans, li lakoz lanmò. Anpil fwa, se laperèz ki fè n pretansye. Kòm nou pè yon bagay, nou pran desizyon n vin regrèt annapre.

► **Panse yon epòk kote w te aji sou baz lafwa ak yon lòt epòk se pretansye w t ap fè. Ki diferans ou wè ?**

Apwofondisman

« Israyelit yo te sanble sensè, y ap repanti epi yo tris lakoz move konpòtman yo a, men, sa yo te regrèt vrèman se paske yo te pèdi, se pa t dezobeyisans yo ak engratitid yo yo te regrèt. Lè yo konstate Bondye p ap tounen sou desizyon L, yo montre aklè sa yo vle a e yo di yo p ap tounen nan dèzè a. Lè Bondye ba yo lòd pou yo kite peyi lennmi yo a, Bondye t ap teste obeyisans yo e L te wè yo te sou blòf. Yo te konnen yo te fè yon gwo gwo peche lè yo lage nan fè vyolans kriminel kont espyon (toutè) yo ki t ap sipliye yo pou yo obeyi Bondye. Men, gwo laperèz te anvayi yo lè yo te dekouvri yo te fè yon gwo fòt ki t ap gen move konsekans. Kè yo pa chanje, yo te sèlman bezwen yon pretèks pou yo rekòmanse rebelyon an. Pretèks sa se lòd Bondye ba yo atravè Moyiz pou yo retounen nan dezè a. » – Ellen G. White, *Patriarches et prophètes*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 34, p. 364.

« Lafwa pa mache ak pretansye. Sèl sila ki gen vrè lafwa a ki pa pretansye. Pretansyon se yon lafwa dyab la refè. Lafwa reklame pwomès Bondye yo, epi l pwodui fri obeyisans. Pretansyon revandike pwomès yo tou, men, tankou Satan, li sèvi ak yo pou l montre l gen rezon peche. Lafwa t ap kondui premye paran n yo pou yo konfye yo nan lanmou Bondye a, obeyi kòmandman L yo. Pretansyon fè yo transgrese lwa L la, yo panse gwo lanmou Bondye a pa t ap kite yo peye konsekans peche yo a. Lafwa pa mande Bondye favè san l pa ranpli kondisyon ki mache ak gras la. Yon lafwa ki solid gen baz li nan pwomès ak nan ansèyman Bib la » – Ellen G. White, *Jésus-Christ*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 13, p. 105.

MEDITASYON

1. Diskite diferans ki genyen ant lafwa ak pretansyon. Poukisa anvayisman Kanahan se te dabò yo aksyon lafwa, men, li vin yon aksyon pretansye lè israyelit yo atake a ? Nan ki nivo rezon (motivasyon) n yo ak sikonstans yo jwe yon wòl nan fè diferans ant lafwa ak pretansyon ?

2. An n reflechi sou sa, menm si n jwenn padon pou peche yo, nou dwe viv ak konsekans peche sa yo. Kijan n kapab ede sila yo k ap goumen pou yo konnen si yo jwenn padon pou yo peche ki genyen konsenkans negatif sou yo, e petèt menm sou pwòch yo ?

3

10 - 16 JIYÈ

REZON KI FE N AJITE

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Matye 10.34-39 ; Lik 12.13-21 ; Filipyen 2.5-8 ; Lik 22.14-30 ; Matye 23.1-13.

Pasaj pou n memorize a :

« Paske, kote ki gen jalouzi, kote moun ap kouri dèyè enterè pa yo, fòk gen dezòd ak tout kalite mekanste » (Jak 3.16, HCV)

Gen yon pyebwa ki rele tranb. Se yon bèl pyebwa ki kapab mezire ant 15 a 30 mètr lè l fin grandi. Li leve kote ki fè frèt osnon ki fè fre. Yo konn sèvi ak li pou fè mèb, alimèt ak papyè. Lè l fè frèt anpil anpil gen yon seri bèt tankou sèf, se nan pyebwa sa y al manje, paske kòs li gen yon pakèt eleman ki kapab nourri yo. Tranb yo bezwen anpil solèy, yo pouse tanzantan, menm nan peryòd gwo fred, pandan livè, se sa k fè pyebwa sa a se yon depo manje pou anpil zannimo.

Men, yonn nan bagay tranb yo genyen, se yo menm ki sanse gen rasin ki pi long nan tout plant yo. Rapid vit rasin yo kapab pouse epi layite kò yo pou yo fè jèn ti boujon. Yon tranb kapab viv jiska 150 lane, alòs ti boujon ki pran yo kapab viv plizyè milye lane.

Nan etid semèn sa a n pral dekouvri rezon ki fè n ajite konsa. Anpil bagay anpeche n twouve vrè repo a nan Jezi. Gen kèk nan rezon yo ki parèt aklè, nou pa bezwen al reflechi pou n wè yo, men, gen kèk bagay ki kapab pa klè, tankou ti boujon tranb yo anba tè a. Nou pa toujou konsyan de sa k separe n ak Sovè a.

Etidye leson semenn sa a pou saba 17 jiyè.

Jezi simen divizyon

Se yon ti ponyen moun ki renmen konfli. Nou swete viv an amoni ak nan lapè. Nou menm òganize seminè sou divès mwayen pou n jwenn lapè ak sou fason pou n rezoud konfli yo, konfli nan legliz nou ak lòt kote.

► **Li Matye 10.34-39. Kisa Jezi vle di lè L deklare L pa vin pote lapè sou latè, men, se epe ? Kisa sa vle di lè n konsidere Jezi se « Prens lapè » a (Ezayi 9.6) ?**

Deklarasyon Jezi a nan Matye 10.34-39 la li chokan epi l fè moun sezi. Sovè a vin sou latè tankou yon ti bebe san defans, se pa tankou yon gwo wa ki plen sòlda k ap pwoteje L, Li preche lanmou an menm tan pou zanmi n ak pou lennmi n yo, men L deklare disip Li yo Li te vin pote divizyon ak goumen. Jan n ap fè sa jounen jodi a, se sèten disip Li yo t ap poze tèt yo kesyon sou sans pawòl Li yo. Kijan sa posib ?

Tèks Matye 10.35-39 la chita sou obeyisans (alejans) ak lwayote. Jezi site Miche 7.6, pou L ankouraje sila ki t ap koute L yo pou yo fè chwa k ap gen konsekans etènel. Yon ti moun dwe renmen epi onore paran l. Se sa lwa Moyiz te jwenn sou montay la mande. Sa fè pati mòd fonksyonman Bondye mande a. Men, si lanmou sa dwe pran plas angajman disip yo pou Jezi, sa lakoz desizyon difisil. Yon papa ak yon manman dwe renmen epi pran swen pitit yo. Men, si lanmou sa a dwe pran plas angajman paran yo pou Jezi, sa lakoz pou yo pran desizyon ki difisil. Se konsa, nan pasaj sa a Jezi raple n sa a.

Li montre chwa sa a nan twa fraz, nan chak fraz Li itilize mo : « merite ». Merite a pa chita sou baz moral osnon kapasite n genyen pou n gen viktwa sou peche. Vrè merit la chita sou relasyon n genyen ak Jezi. Nou merite L lè n chwazi L anvan tout bagay, tout moun, te mèt se fanmi n. Nou chwazi soufrans lakwa epi nou suiv Jezi.

« Tout sa m swete se wè jenès la genyen lespri sa a ki idantifye vrè relijyon an, sa a ap mennen jèn yo pran kwa yo epi suiv Jezi. Jèn disip Kris la, pran wout la, kite prensip Bondye yo dirije n epi mete wòb sennte ak jistis la. Sovè n nan ap pèmèt nou jwenn sitiasyon ki pi adapte ak talan n yo e L ap mete n kote n kapab pi itil la » – Ellen G. White, *Testimonies for the Church*, vol. 5, chap. 6, p. 87.

► **Pafwa nou gen obligasyon pou n pote yon kwa n pa chwazi, e pafwa n pote kwa n ak tout volonte n. Nenpòt jan sa ta ye, kòman n kapab pote kwa sa a pandan n ap pwouve nou fidèl a Jezi ?**

Egoyis

Tankou nan ka tranb lan (gad pati samdi a) ak sistèm rasin anba tè l la, egoyis fè pati yon gwo gwo sistèm kache ki rele « peche », e ki anpeche n jwenn vrè repo a nan Jezi. Nan tout fòm peche nan lavi n, se egoyis ki sanble pi popilè. Pou anpil nan nou, fè jès egoyis natirèl tankou se respire.

► **Li Lik 12.13-21. Dekri pwoblèm Jezi lonje dwèt sou li nan parabòl la. Èske planifye pou demen se egoyis ak mepri anvè wayòm Bondye a ? Sinon, kont kisa Jezi ba n pinga la a ?**

Se sèlman nan levanjil Lik la n jwenn parabòl sa a, e Jezi rakonte l pou L te reponn yon kesyon yon moun te poze L. Yo poze Mèt la yon kesyon konsènan yon eritaj, Li refize jwe wòl abit ant de (2) frè. Olye sa, Li chwazi fè wè yon pwoblèm anba anba ki pi enpòtan : pwoblèm egoyis la. Li fè yon bon rale pou L fè n pran konsyans sou kantite rasin ki se baz aksyon pèsone nou yo.

► **Panse a tout okazyon kote w montre w egoyis. Nan ki nivo sa afekte relasyon w ak Bondye, mari w osnon madanm ou, fanmi w, legliz ou, vwazen w ak kòlèg ou ? Ki repons nou jwenn nan Filipyen 2.5-8 ?**

Palan de rich san non nan parabòl Jezi a, pandan l ap konsantre l sou pwòp bezwen l ak anbisyon l, li te bliye konsidere reyalite envizib ki konsène syèl la. Prensip ki fonde wayòm syèl la pa gen rapò ak kilès ki pi gran, pi bon e pi enpotan. Pòl di n yon ti bagay zuilit sou sa ki te motive Jezi tounen ranplasan n nan.

Tèks Filipyen 2.5-8 la esplike kisa sa vle di fè lòt moun pase anvan, imilite ak vrè lanmou. Si lanmou n pou Bondye ak pwochen pa gide chwa n yo e pa ede n rechwazi sa ki priyorite pou nou an, n ap kontinye konstwi plis kòfrefò pou nou sou tè a olye n investi nan trezò syèl la (Matye 6.20).

► **Poukisa n fasil gen tandans vle genyen plis richès, plis byen materyèl ? Nou tout bezwen lajan pou n viv, men, poukisa n toujou anvè gen plis pou n mete sou sa n genyen deja ?**

Anbisyon

Etid sou dènye semèn ministè Jezi a sou latè anvan yo te krisifye L la se yon sous ankourajman ak enspirasyon. Li ofri tou yon apèsi sou fason anbisyon ak ajitasyon pouse n pafwa pou n fè e pou n di bagay ki pa gen plas yo.

Li Lik 22.14-30 e panse ak sa Jezi te petèt santi lè L tandè disip yo ki t ap fè gwo pale anpil pandan Lasèn nan, pou yo te konnen kilès nan yo ki t ap pi gran (gad Lik 22.24). Poukisa disip yo te bliye jan moman sa te enpòtan epi yo konsantre yo sou grandè lòm ?

Li rar pou n diskite ak lòt moun nan lide pou n konnen kilès ki pi gran nan legliz nou, nan fanmi n ak kote n ap travay. Petèt nou panse sou sa anpil, men, kilès ki pale ouvètman sou sa ?

Se pa premye fwa disip Jezi yo poze kesyon sa a. Tèks Matye 18.1 a rapòte n yo te poze Jezi kesyon sa yon fason ki plis anbachal « Kidonk, kilès ki pi gran nan wayòm syèl yo ? » Jezi te reponn yo pou yo byen konprann. Li rele yon timoun, Li mete l nan mitan yo. Disip yo mande yonn lòt poukisa L fè sa. Jès Kris la te dwe gen yon eksplikasyon e, nan Matye 18.3, Mèt la di pawòl sa a : « Sètènman, M ap di n sa a, si n pa kase tèt tounen pou n vin tankou timoun yo, nou p ap janm rantre nan wayòm syèl yo. »

Konvèsyon se yon eleman ki esansyèl ki pèmèt nou jwenn vrè repo a nan Jezi. Nou tout nou rekonèt nou bezwen yon èd ki soti deyò. Rapid, nou konprann nou pa kapab konte sou tèt nou, men, nou bezwen konte sou Kris la. Lè sa a nou vin transfòme epi n adopte valè ki tou nèf. Jezi fè disip yo konprann sa a : « Fè M konfyans e konte sou Mwen, tankou timoun sa a fè a. Vrè grandè a se abandone dwa w pou aksepte valè wayòm nan. »

Malerezman, disip yo toujou pa t rive konprann Jezi, menm nan moman L t ap manje ak yo dènye fwa anvan L mouri a. Konkirans ak batay ki te gen ant yo a te gaspiye moman sa a ki ta dwe yon moman kominyon pafè, yon moman yo pa t ap janm reviv.

Poutan, apre yo fin pase plizyè lane ak Jezi, yo travay ak Li, yo tandè pawòl Li e yo aprann anpil nan pale ak Li, men nan ki nivo disip yo te ye. Ala yon ekzanp ki tris sou jan kè lòm nan kowonpi ! Men tou, nou kapab wè sa ak yon lòt je, Senyè a toujou ba n gras Li, nan tout sikonstans. Alò, malgre gwo vye diskisyon sa a, Jezi pa abandone disip Li yo.

Poukisa lè n fikse je n sou Jezi ak sou kwa a sa ta dwe yon gwo remèd kont anvi pou n toujou bay pwop tèt nou priyorite, sa ki yon gwo reflèks lakay lòm, ki se pechè pèdi ?

« Ipokrit »

Yon ipokrit se yon moun k ap jwe yon wòl epi k ap fè sanblan se pa sa, se li se pa li. Nou jwenn tèmsa sèt (7) fwa nan Matye 23, nan yon diskou Jezi t ap fè, diksou ki fè skrib yo ak farizyen yo wont, yo se te gwo responsab relijye nan epòk la (*gad Matye 23.13-15, 23, 25, 27, 29*). Nan Levanjil yo, nou wè Jezi ofri padon L ak gras Li bay moun ki fè adiltè, moun k ap ranmase taks ki te raketè, pye lejè e menm moun ki touye moun, men, Li montre yon ti kras konpasyon tou piti pou ipokrit (*gad divès lòt referans nan Matye 6.2, 5, 16 ; Matye 7.5 ; 15.7-9 ; 22.18*).

► **Li Matye 23.1-13 epi site, dapre Jezi, 4 bagay prensipal ki lakay yon moun ki ipokrit.**

Jezi site kat karakteristik eskrib yo ak farizyen yo. Nan relijyon juif yo (Jidayis) nan premye syèk apre Jezi, farizyen yo te reprezante yon gwoup konsèvatè a, yo pa vle okenn chanjman. Sa ki te plis enterese yo se te lwa a, ni sa k ekri ak ni sa k pa ekri, epi yo te bay seremoni (rit) pirifikasyon yo anpil enpòtans. Sadiseyen yo se te yon gwoup dirijan ki souvan gen mwayen epi yo konsidere yo kòm elit pou gwoup sakrifikatè yo, yo te gen yon lòt panse anndan jidayis la. Kilti grèk yo te enfliyanse yo anpil – yo te pale grèk epi yo te byen konnen tout lide prensipal ki nan filozofi grèk la – e yo pa t kwè nan jijman ni nan lavi apre lanmò. Nou kapab di yo se moun ki liberal. Alòs, tou de gwoup sa yo te koupab ipokrizi.

Dapre Jezi, nou fè prèv ipokrizi si n pa fè sa n ap di, si n egzijan konsènan fason lòt yo ap viv lafwa yo san n pa fè efò pou n respekte menm prensip sa yo, si n vle lòt moun kontanple jan n devwe nan kesyon relijyon epi si n ap revandike onè ak lòt fòm rekonesans ki se pou Bondye sèlman.

Menmsi Jezi te dirèk e klè, Li te toujou gen lanmou ak konpasyon, menm pou sila yo L te konsidere kòm ipokrit.

« Yon pitye ki soti nan Bondye te parèt sou figi Pitit Bondye a, alòs Li t ap gade Tanp lan ak sila yo ki t ap koute L yo pou yon dènye fwa. Ak yon vwa byen tris, Li deklare ak dlo nan je : ‘Jerizalèm, Jerizalèm, ki touye pwofèt yo e ki lapide sila Bondye voye yo, konbyen fwa mwen vle rasanble pitit ou yo, tankou yon manman poul k ap rasanble ti poul ak ti kòk li yo anba zèl li, e nou pa vle’ » – Ellen G. White, *Jésus-Christ*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2018, chap. 67, p. 562.

► **Poukisa l pa nesèsè pou w yon chèf relijye pou w koupab ipokrizi, yon bagay Jezi kondane ak fòs ? Kijan n kapab pran konsyans sou ipokrizi n, kijan n kapab fè efò pou n chanje ?**

Sispann bay tèt nou pwoblèm

► **Li Jan 14.1-6. Lè n ajite, kisa n kapab fè pou kè n pa twouble ? Ki kle n genyen pou n gen viktwa sou divizyon, egoyis, anbisyon ak ipokrizi, epi pou n jwenn repo a vrèman ?**

Jezi kapab kalme ajitasyon nou an. Li se chemen an, verite a ak lavi. Li konnen ki direksyon n ta dwe suiv lè n pèdi nan dezè mond nou an ki plen ak medya. Li menm ki se sous lwa a, Li se verite a menm, e Lespri L ap kondui n nan tout verite a (*gad Jan 16.13*). Lè n fristre, fatigue, san fòs, malad e dekouraje, Li se lavi, e se pa nenpòt ki lavi ! Alò, Li pwomèt nou L ap ba n lavi sa an an kantite (*gad Jan 10.10*). Sa konsène lavi etènèl nou ak kote n ap rete pou tout tan an, men tou, lavi n sou tè sa a. Kreyatè n nan kapab ba nou lavi san mezi e menm pi plis pase tout sa n kapab imajine kounye a.

« Se pou kè n pa twouble » : Jezi envite n viv ak lespwa. Lè n santi n deprime, Li kapab ba remete n kanpe. Lè n ap goumen kont fènwa ak peche, Li se Sila ki, nonsèlman kòmanse yon bon travay nan nou, men tou L se Sila k ap fini travay sa a (*Filipyen 1.6*).

Sa sa fè si wout la move, sonje pwomès nou genyen nan Jezi a. L ap prepare yon « plas » pou nou, yon kote doulè n yo, ajitasyon n yo ak soufrans nou yo pral fini pou tout tan. Se lespwa n genyen nan Jezi, e L ofri l bay nou tout, kèlkanswa idantite n, kote n soti, kèlkanswa nan twou fènwa lavi n te ye osnon n ye.

Solisyon an se vin jwenn Bondye nan feblès nou, nan soufrans nou yo, nan tristès nou ak nan sitiasyon dezespere n nan, L ap aksepte n jan n ye a. Se sa ki gras la, e se poutèt sa a n dwe kwè nou jwenn gras la e nou kapab senpman pran l atravè lafwa.

► **Li Jeremi 3.22. Kisa Bondye mande n pou n fè, e ansuit kisa L ap fè pou nou ?**

► **Panse a pawòl Jezi yo : « M ap retounen vin pran n pou n ak Mwen, konsa, kote Mwen menm, Mwen ye a, nou kapab la, nou menm tou » (*Jan 14.3*). Kisa vèsè sa a aprann nou sou gwo karaktè enpòtan pwomès retou Kris la ? Poukisa pwomès sa a gen valè konsa, sitou pou nou menm advantis ki panse lanmò se yon somèy ?**

Apwofondisman

« Yon lavi ki fèmen sou li menm pa kapab ni grandi ni pote fri. Si w aksepte Kris la kòm Sovè pèsònèl ou, ou dwe bliye tèt ou pou w aji pou pwochen w. Pale de lanmou Kris la, de bonte L, epi fè tout devwa w jwenn pou w fè. Pote fado lòt moun yo pandan w ap fè tout sa k posib pou w sove nanm k ap pèdi yo. Depi w resevwa Lespri Kris la, ki se yon lespri ki aji san enterè e ki fè sakrifis pou lòt moun, w ap grandi e w ap donnen fri. Gras yo ki nan Lespri a ap mi nan ou, lafwa w ap vin fèm, konviksyon w ap vin solid, lanmou w ap vin pafè ; w ap reflekte imaj Kris la pi plis toujou nan sa ki san defo, ki onorab e ki merite lanmou » – Ellen G. White, *Premiers écrits*, « Le semeur », p. 51.

Konsènan pwoblèm ant manm legliz la yo, « nonsèlman divès moun pèdi tan ki gen anpil valè nan pale vye koze, men, moun sa yo fè sèvitè Bondye yo pèdi tan tou nan chita koute yo, alòs kè yo pa koube anba gras Bondye yo. Si n voye jete ògèy ak egoyis, senk (5) minit ap sifi pou regle pifò pwoblèm moun sa yo ap plenyen pou yo a. Tan sa yo n pran pou n montre n gen rezon an yo fè zanj yo fache e yo fè Bondye pa kontan » – Ellen G. White, *Premiers écrits*, « Supplément », p. 119.

MEDITASYON

1. Ak gwoup/klas ou a, reflechi sou mwayen pratik pou n gen viktwa sou egoyis. Kijan nou chak kapab pran responsablite n pou n kapab suiv lide sa yo ?
2. Anbisyon pa yon move bagay. Men, kijan n kapab devanse ak imajine gwo bagay Bondye kapab ba nou yo san n pa tonbe nan pyèj anbisyon ?
3. Jeneralman, de lwen, nan relasyon n yo, nou pa montre n anbisyè, ipokrit, egoyis, jalou. Nou kapab montre n pa gen repwòch nan sa yo. Men, tankou nan ekzanp rasin tranb lan, tout karakteristik negatif sa yo kache anba anba. An n pratik, kijan n kapab kite Lespri a transfòme n ? Kijan n kapab solisyone pwoblèm ajitasyon n souvan genyen an epi jwenn vrè repo a nan Jezi ?
4. Devlope repons ou te bay pou dènye kesyon yè a sou enpòtans retou Kris la. Alò, ki lespwa n t ap genyen san esperans sa a ? San asirans sa a, ki enterè n t ap genyen nan premye vini Kris la, lè n konnen sila yo k ap dòmi jis jou rezireksyon an ki ap fèt sèlman le Kris la retounen ?

4

17 - 23 JIYÈ

PRI REPO A

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

2 Samyèl 11.1-27 ; 12.1-23 ; Jenèz 3.1-8 ; 1 Jan 1.9.

Pasaj pou n memorize a :

« *Kreye nan mwen yon kè san defo, o Bondye, remete nan mwen yon lespri ki nòmàl* »
(Sòm 51.12, HCV)

Anpil moun ta renmen jwenn lapè ak trankilite. Yo menm pare pou yo peye pou sa. Nan anpil gran vil, moun kapab lwe yon pyès kay ki pa gen entènèt. Kay sa yo gen anpil prensip : pa fè bri, pa mennen lòt moun. Moun yo pare pou peye pou yo chita byen trankil, epi reflechi osnon pran yon ti repo. Nan ayewopò yo, li posib pou w lwe kabin pou w dòmi osnon pou w jwenn kas pou w met nan zòrèy ou pou w pa tande bri, e anpil moun ap enterese ak sa yo. Li menm posib pou w achte yon seri ti materyèl an twal osnon ti kabin pliyant pou yon moun foure bout anlè l yon fason pou lòt moun pa deranje l osnon pou l repoze menmsi se nan travay li ta ye.

Vrè repo a gen yon pri. Spesyalis yo ki nan domèn kominikasyon ak nan devlopman pèsònèl pafwa vle fè n kwè n kapab chwazi sa n ap ye demen, epi zafè repo a depann de chwa n ak planifikasyon n. Poutan, si n eseye onèt ak tèt nou, n ap wè byen rapid li enposib pou n jwenn repo pou nanm nou poukont nou. Ogisten (Saint Augustin, an fransè), yonn nan grandèt Legliz la nan lane 300 yo, nan yon liv li ekri ki rele *Konfesyon*, di « Ou fè n pou Ou Senyè e kè n san repo toutotan l pa repoze nan Ou » (liv 1).

Semèn sa a, n ap fè yon ti pase sou fason Bondye fè lavi lòm, yon fason pou n konprann pri vrè repo a.

Etidye leson semenn sa a pou saba 24 jiyè.

Fatige e chaje

Se te yon aswè nan kòmansman ane a (sezon prentan), wa David ajite, l ap fè lèsanpa sou tèt palè l la. Li ta dwe ak lame l la, lòt bò rivyè Jouden an. Li ta dwe ap bay pèp Bondye a viktwa kont Amonit yo, nan lide pou retabli lapè nan wayòm li a.

► **Paske David pa t kote l te dwe ye a sa louvri pòt tantasyon an pou David. Li istwa a nan 2 Samyèl 11.1-5. Kisa k pase la, e ki gwo peche David fè ?**

Pandan David sou tèt palè l la, li wè yon « bèl bèl fi » ap benyen. Sware sa a, move anvi yo pi fò pase David, li kouche Betsheba, madanm yon ofisyè ki plen eksperyans nan lame a. Tankou tout wa yo nan epòk sa a, li te gen yon pouwa san limit, e l pa t gen pou l obeyi okenn nan lwa sila l ap dirije yo ap obeyi yo. Poutan, istwa krèvkè fanmi sa viv apre bagay sa a raple n, menmsi David te wa, li pa t pi wo pase lwa Bondye a.

Alò, lwa a se yon pwoteksyon, yon pinga, e tout moun ki vyole l – menm yon wa – dwe tann move konsekans yo. Annik David franchi limit lwa Bondye a, li kòmanse sibi konsekans yo nan tout domèn nan lavi l. Li panse move pasyon sa a t ap annik pase, poutan, Betsheba ansent, e mari l pa la.

► ***Li 2 Samyèl 11.6-27. Kijan David eseye kouvri peche a ?***

David imajine bèl plan pou fè Iri al dòmi ak madanm li ki se Betsheba, men, se pou granmesi. Se te yon nonm san defo, li reponn David konsa : « Kòf la, Israyèl ak Jida abite anba prela, Jowab ki se mèt mwen, ni lòt nèg yo kanpe san pwoteksyon, e mwen, mwen pral rantre pou m manje, bwè tafya epi kouche madanm mwen ! M sèman sou lavi w, mwen p ap fè yon bagay konsa ! » (2 Samyèl 11.11). Finalman, wa a ki dezespere paske l pa kapab kouvri peche l la, li fè asasine Iri.

► **Li difisil pou n kwè David, li menm Bondye te ba l yon pakèt bagay, rive tonbe ba konsa. Kèlkanswa moun nou ye a, kisa istwa sa a dwe aprann nou ?**

Yon apèl

Pandan David t ap viv yonn nan peryòd ki pi nwa nan lavi l, li resevwa yon bon nouvel. Alòs, Bondye te voye pwofèt Li pou li. Natan ak David te byen konnen yonn lòt. Te gen kèk tan, Natan te gen okazyon konseye l sou pwojè konstwiksyon tanp lan (gad 2 Samyèl 7). Men, jou sa a, pwofèt la te vin kot wa pou yon lòt misyon.

► **Dapre ou, poukisa Natan chwazi rakonte David yon istwa olye l pale ak li dirèkteman pou l benyen l ak repwòch ? Li 2 Samyèl 12.1-14.**

Natan te konn sa l te dwe di, e l fè l yon fason pou David konprann. Li rakonte l yon istwa kote wa a, ki se te yon bèje pandan l te jèn, ta kapab wè tèt li rapidman. Pwofèt la te konnen wa a renmen jistis ak sa k dwat. Konsa, nou kapab di, nan yon sans, li tann yon pyèj pou David, e David pran nan pyèj la.

Lè David pwononse santans lanmò san l pa menm pran konsyans, Natan di l : « Moun sa a, se ou menm » (2 Samyèl 12.7). Gen divès fason pou di : « Se ou ». Ou kapab di sa fò, di sa tankou yon moun k ap akize pandan w ap lonje dwèt ou osnon montre w panike ou bezwen konpasyon. Sètènman pawòl Natan yo te gen gras nan yo. Nan moman sa a, David dwe te santi doule Bondye santi lè yonn nan pitit Li yo konsyan li vyole pawòl Li. Menm kote a wa a panike. Yon bagay dechire kè l.

► **Poukisa David reponn konsa : « Mwen peche kont Senyè a », olye l di « Mwen peche kont Betcheba » osnon « Mwen se yon asasen » (2 Samyèl 12.13 ; gad tou Sòm 51.4) ?**

David konnen peche a ki ajite kè n nan se yon derespektan kont Bondye, ki se Kreyatè n e Redanmtè n. Sètènman se tèt nou nou fè mal, nou blese pwòch nou, nou dezonore fanmi n ak legliz nou, e se yon klou anplis nou foure nan moso bwa Gòlgota a ki gen pwent li nan syèl la.

« Kè David touche. Konsyans li reveye. Li wè gwose peche l la, e nanm li koube nèt devan Bondye. Vwa l pran tranble, l ap plede di : ‘Mwen peche kont Letènèl’. Tout mal nou fè pwochen n retonbe sou Bondye. Wa David te fè Betcheba ak Iri yon mal san reparasyon, e l te santi sa a jis nan zo. Men, peche l la kont Bondye te grav depase » – Ellen G. White, *Patriarches et prophètes*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 71, p. 703.

Padone epi bliye ?

Kidonk, san David pa konnen, li pwononse yon jijman sou tèt li (gad 2 Samyèl 15.5, 6), apre Natan fè l pran konsyans sou jan peche l la grav. Kè David sere, e l avwe peche l la. Menm moman an, pwofèt la deklare : « Senyè a kase fèy Li kouvri sa a ; ou p ap mouri » (2 Samyèl 12.13). Li esplike l li jwenn padon. Bondye padone n lapoula. David pa t gen pou l pwouve l te vrèman sensè pou peche l la te jwenn padon.

Men, Natan, ki te deja di konsekans peche a davans nan 2 Samyèl 12.10-12, kontinye pou l deklare ti moun k ap fèt la ap mouri.

Kisa sa vle di Bondye retire peche David la ? Èske L te senpman efase sa k te pase a ? Èske tout moun annik bliye sa a ? Li 2 Samyèl 12.10-23 pandan n ap reflechi sou kesyon sa yo.

David dwe te poze tèt li kesyon sa yo, alòs li te wè mond la ap antre nan yon twou. Bebe a te mouri, fanmi an te depatcha (istwa Amon ak Absalon yo montre nan ki nivo pwoblèm nan fanmi an te pil sou pil), li pa t bay lespwa. Poutan, malgre konsekans peche l la ki te touche moun inosan tankou Iri ak ti bebe a, David te kòmanse konprann gras Bondye t ap kouvri sa, e yon jou tout konsekans peche yo ap disparèt. Annatandan, granmesi gras Bondye, li jwenn repo pou konsyans li ki twouble.

Kisa David te panse l bezwen reyèlman ? Kisa l te espere ? Li Sòm 51.1-6.

Nan Sòm 51, David di piblikman sa k pase a epi l konfese peche l. Li kriye bay Bondye, li rele lanmou san fay Bondye a ak konpasyon L. Li te vle rekòmanse.

Lè n ap reflechi sou kisa sa vle di repoze nan Jezi, dabò nou dwe rekonèt nou bezwen yon èd ki pa soti anndan n. Nou se pechè e nou bezwen yon Sovè. Nou rekonèt peche n yo epi n kriye bay Sila sèl ki kapab lave n, pirifye n e transfome n. Le n fe sa a, nou kapab pran kouraj. David se te yon nonm adiltè, yon mètdam, yon asasen, pou pi piti li vyole senk nan dis kòmandman yo. Poutan, li rele Bondye pou ede l e l reklame pwomès padon Bondye a.

Si Bondye padone sa David fè a, ki lespwa n kapab genyen ?

Yon bagay tou nèf

▶ **Lè David fin konfese peche l la, san l pa jistifye l osnon kache l, David kontinye pale ak Bondye. Kisa l mande L ? Li Sòm 51.7-12.**

David mande pou Bondye pirifye l ak izòp. Tout israyelit ki konn al nan tabènak la konn kisa sa vle di. Lè David pale de rityèl (seremoni) pirifikasyon ki nan lwa Moyiz la (*gad Levitik 14.4*), David rekonèt te dwe gen yon sakrifis – Sakrifis la – ki ta pral vini pou retire peche mond lan.

David kontinye pou l deklare li swete Bondye ba l « lajwa » ak « kontantman » (*Sòm 51.10*). Pou jan peche David te grav, èske l pa yon ti kras fwonte ?

Petèt nou ta kapab refè demann sa a konsa : « Di m mwen jwenn padon pou m kapab re-tounen antre nan tabènak la, e m ap tande lajwa ak kontantman sila yo k ap adore W la. »

▶ **Lè Adan ak Èv fin peche, yo mawon Bondye (gad Jenèz 3.8). Dapre nou, poukisa David fè yon demann ki diferan konsa lè l fin peche a ? Li Sòm 51.11, 12.**

David te toujou vle viv nan prezans Bondye. Li te konprann san Lespri Sen an, li pa t ap kapab. Li te konsyan l tonbe rapid vid ak Betcheba, e l kapab pran nan lòt pyèj. Li pa t gen konfyans nan tèt li ankò.

David vin konprann li p ap ranpòte okenn viktwa toutotan l pa konfye l nan Bondye, paske l depann de L totalman.

Pou n ranpòte viktwa nan lavi kreyen nan, nou pa kapab konte sou nou, men, fikse je n sou Jezi. Nou bezwen prezans Li, Lespri L. Nou vle jwenn lajwa sove a. Nou rekonèt nou bezwen pou n transfòme epi restore/repare. Nou bezwen antre nan repo Bondye a, kidonk, nou bezwen refèt/rekreye. Repo kreyasyon an pa diferan de padon an. « O Bondye ! Kreye nan mwen yon kè ki pwòp, remete nan mwen yon lespri ki nòm al » (*Sòm 51.10*). Vèsè sa a nan vokabilè kreyasyon an. Nan Ansyen Testaman an, se sèlman Bondye ki kapab « kreye » (*bara*). E, depi n rekreye, nou kapab repoze n.

▶ **Bondye efase peche n yo e L pran chay ki fè n santi n koupab la, sa ki pèmèt nou viv nan lajwa ak kontantman. Si n poko fè eksperyans sa a, kisa ki kenbe n ? Si w santi w koupab, kisa istwa sa a aprann ou ?**

Reflete limyè Bondye a

Lè n ap viv yon move echèk epi n jwenn padon, nou eseye bliye koze sa a. Alò, souvni echèk yo kapab pa dous.

► **Kisa David te vle fè ak eksperyans anmè l la ? Li Sòm 51.13-19.**

Le n kite yon bagay sot tonbe nan men n, si l kraze, nou fè yon kout soupi, epi n ranmase moso yo, ki vin nan valè, pou n al jete. Nan peyi Japon, gen yon atizay tradisyonèl ki rele *kintsugi*, yo kole po (flè) ki kase yo. Yon pran yon metal ki gen anpil valè, tankou lò osnon ajan, yo fè l tounen likid, epi yo itilize l pou yo kole tout moso yo, yo fè bagay sa ki te kraze a vin byen bèl epi gen valè.

Chak fwa Bondye padone peche n epi repare n, gen yon bagay nan nou ki chanje. Padon L ki gen anpil valè, pèmèt nou rekole moso yo ki kase nan lavi n nan, e tras yo, n pa kapab efase, montre gras Bondye. Lè sa n kapab montre sa Bondye fè pou nou an. « Lang mwen ap pale de jistis ou » (*Sòm 51.16*). Nou menm nou pa bezwen repare tout bagay, menmsi se ta pezape. Lespri n ki tris ak kè n ki nan chagren se yon louwanj ki sifi pou Bondye, e yo se reyon limyè mond lan kapab wè. Eksperyans padon nou viv la kapab atire lòt moun ki swete jwenn padon.

► **Ki rapò ki genyen ant Sòm 51 ak tèks 1 Jan 1.9 la ?**

Tèks 1 Jan 1.9 la se yon ti rezime Sòm 51 an. David deklare : « O Bondye, ou pa meprize yon kè ki an miyèt moso, ki kolboso » (*Sòm 51.19*). E Jan di : « si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan Li. Paske L ap fè sa k gen pou fèt la : la padonnen tout peche nou yo, L a netwaye nou anba tou sa ki mal » (*1 Jan 1.9, HCV*). Nou kapab mande Bondye aplike pawòl Li yo.

Li enpòtan pou n montre yon lòt fwa ankò David pa t kapab repare gwo dega aksyon l lan te lakoz nan fanmi l lan. Li sibi konsekans desizyon l yo ak aksyon l yo. Poutan, li te konnen l jwenn padon. Li konnen l te dwe kwè yon jou, Mouton Bondye a t ap vini e L t ap pran plas li.

► **Kijan w kapab pratike pwomès nan 1 Jan 1.9 la yo nan lavi w, apati jodi a ? Kisa w ta dwe santi apre sa a, lè w konnen pwomès sa yo se pou ou tou ?**

Apwofondisman

« Repantans David la te sensè e l te gen fondman. Li pa t fè yon ti kras efò pou l kache peche a. Priyè l la pa t trayi okenn anvi pou l te chape anba chatiman ki te sou tèt li a. [...] Li te wè jan nanm li sal. Li te rayi peche l la. Se pa t sèlman padon l te mande, li te mande pou kè l vin sen. [...] Li te wè nan pwomès Bondye yo, pou pechè ki repanti a, prèv padon l lan ak favè syèl la l retounen jwenn. [...] ‘Paske w pa pran plezi nan sakrifis, sinon, m t ap ofri W sakrifis ; ou pa aksepte ofrann bèt. Sakrifis ki fè Bondye plezi yo, se yon lespri ki akable’ (Sòm 51.18, 19). David tonbe, men, Bondye remete l kanpe. [...] David mete l piti epi l konfese peche l, alòs Sayil te meprize koreksyon epi l plonje pi rèd nan inikite. Ka David la, pandan plizyè syèk, se yon sous konsolasyon pou nanm ki viktim tantasyon, k ap debat anba santiman kilpablite. Yon pakèt pitit Bondye ki nan peche e ki te pare pou yo te kite dezespwa pote yo ale vin sonje repantans David la, e souvni sa a ba yo kouraj pou yo imite David epi rekomanse mache nan wout kòmandman Bondye yo. Yon moun Bondye blame, ki rekonèt fòt li epi ki konsanti mete l piti pou l konfese l, moun sa a kapab sèten gen lespwa pou li. Tout moun ki resevwa pwomès Bondye yo ak lafwa ap jwenn padon » – Ellen G. White, *Patriarches et prophètes*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 71, p. 707, 708.

MEDITASYON

- 1. Kijan n kapab jwenn ekilib ant nesite pou n rekonèt peche n ak padon n bezwen an, an menm tan, viv tankou pitit gason ak pitit fi Wa linivè a ki jwenn padon ?**
- 2. Poukisa tout peche, finalman, se yon peche kont Bondye ? Kisa sa vle di peche kont Bondye ?**
- 3. Kisa n kapab di yon moun ki pa kwè nan Bondye ki pa dakò aksepte soufrans moun ki inosan tankou Iri osnon ti bebe David ak Betsheba a ? Kijan n kapab esplike l lanmou ak jistis Bondye nan yon sitiyasyon konsa ? Nan kisa gran konfli a kapab ba n yon ti limyè ?**
- 4. Poukisa Bib la konsakre de (2) chapit antye sou vye istwa ant David ak Betsheba a ? Kisa istwa sa a itil ?**
- 5. Reflechi sou reyalite peche a ki separe n de Bondye, jan tèks Sòm 51.11, 12 la raple n sa a. Ki eksperyans pesonòl ou sou sa a ? Kisa w santi parapò a sa ? Kijan w kapab esplike sa separasyon sa a lakoz e nan ki pwèn sa difisil pou w sipote ? Poukisa pwomès gras la se sèl remèd la ?**

5

24 - 30 JIYÈ

« VIN JWENN MWEN ... »

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Matye 11.20-30 ; 5.5 ; Detewonòm 18.15 ; Galat 5.1 ; Egzòd 18.13-22 ; Galat 6.2.

Pasaj pou n memorize a :

*« Vini jwenn Mwen, nou tout ki fatige e k ap pote yon chay, e M ap ba n repo »
(Matye 11.28, HCV)*

« Vini jwenn Mwen, nou tout ki fatige e k ap pote yon chay, e M ap ba n repo. »

Ala yon bèl pwomès Kris la fè n. Bon, kilès nan nou ki pa konn nan lapenn lakoz yon chay lou : yon travay osnon yon bagay ki nan tèt nou (chay mantal) ? La, Jezi di n Li konnen byen sa n ap viv e L kapab ede n, si n vle sa alò.

Aprè sa, lè Kris fin mande n pou n pran joug Li a, Li deklare : « Paske joug Mwen an bon, e chay mwen an lejè » (Matye 11.30). An n di, Li di n : « Voye jete joug nou yo jete ak chay n ap pote yo, ban M yo epi pran pa M yo pito, paske pa M yo pi fasil pou pote. »

Kijan n kapab fè eksperyans repo Jezi ap pale de li a la ? Nou konnen sa deja, n ap viv nan yon mond kote lè Adan te fin peche, Senyè a te di l « W a travay di pou w manje » (Jenèz 3.19). Konsa, nou konnen kisa sa vle di travay epi fatige lakoz chay ki kapab parèt twò lou pou n pote, an n di pou n pote ak pwòp kouraj nou.

Etidye leson semenn sa a pou saba 31 jiyè.

DIMANCH

25 jiyè

« VIN JWENN MWEN »

« M ap ba n repo »

► Li tèks Matye 11.20-28 la, kote Jezi di : « Vini jwenn Mwen, nou tout ki fatige e k ap pote yon chay, e M ap ba n repo ». Nan ki kontèks Li te di sa a ? Kijan Jezi ba n repo ?

Tankou nou menm jodi a, Jezi te toujou ap pale nan yon kontèks patikilye. Pou n byen konprann deklarasyon l yo, nou dwe fè èfò pou n konprann kontèks chak deklarasyon, sitou si n vle evite move entèpretasyon sou ansèyman L yo.

Chapit 11 Matye a make yon etap enpòtan nan liv sa a. Divès deklarasyon ki kritike kèk gwo vil an Galile, fè pati deklarasyon ki pi rèd nan Levanjil la. Jezi pa t ap mande favè, Li t ap montre sa k pa kòrèk. Li te mete L ak « move » moun (*gad Matye 9.9-13*). Paske L fè we l kapab padone peche, sa a se te yon skandal pou chèf relijye yo (*gad Matye 9.1-8*).

Alò, Mèt la pwononse yon seri gwo pawòl kondanasyon kont kèk vil, Li menm asosye yo ak Sodòm, yon vil yo konsidere (jis jounen jodi a) tankou yon kote ki te gen gwo mechanste. « Se poutèt sa a, M ap di nou, nan jou jijman an sa ap pi rèd pou nou pase sa te ye pou Sodòm » (*Matye 11.24*).

Bagay yo t ap dejenere, poutan, malgre tout bagay sa yo Jezi te adopte yon lide tou nèf, e L te ofri vrè repo a bay tout moun ki te swete sa a. Se pou rezon sa a L te kapab – Li toujou kapab – fè l : « Papa M renmèt Mwen tout bagay. Pesonn pa konn kilès moun Pitit la ye, eksepte Papa a. Konsa tou, pesonn pa konn kilès moun Papa a ye, eksepte Pitit la, ak moun Pitit la vle fè konnen li » (*Matye 11.27, HCV*). Kapasite Jezi genyen pou L bay repo a chita sou divinite L e sou inyon/inite L ak Papa a.

Pou n kapab vin jwenn Kris la pou n ba L chay nou yo, nou dwe konprann nou pa kapab pote yo poukont nou. Alò, nou dwe pran konsyans sou jan n ye tout bon anvan n al jwenn Li. Li envite n vin jwenn Li, paske, an reyalite se pi gwo bezwen n genyen.

Pawòl Li yo nan Matye 11.28 kòmanse ak yon vèb nan mòd enperatif, se yon lòd : « Vin jwenn Mwen ». Se pa yon pwopozisyon, men, se premye kondisyon pou w jwenn repo a. Vèb « vini » an vle di ou aksepte pou w pa pa kontwole tout bagay. N ap viv nan yon epòk kote l fasil pou n kontwole divès bagay nan lavi n atravè telefòn nou osnon lòt aparèy sofistike. Vin jwenn Jezi pa natirèl pou nou. Rive lage nou nèt nan men L se yon bagay ki trè difisil pou anpil moun nan lavi kretyèn nan.

Nou renmen pale de tout sa Bondye fè pou nou nan Kris la, e n renmen di jan n pa kapab sove tèt nou, ni sove lòt yo. Tout sa se verite, men, finalman nou dwe fè yon chwa konsyan pou nou « vini » jwenn Jezi, sa ki vle di pou n lage lavi n nan men L. Se konsa, volonte n genyen pou n chwazi a ap nan nannan/nanm lavi n kòm kwayan.

► Ki chay w ap pote ? Kijan w kapab aprann lage yo bay Jezi epi fè eksperyans repo L ofri nou an, e L te peye chè pou sa a ?

« Mete chay Mwen an sou zepòl nou »

► **Li Matye 11.29, 30. Poukisa Jezi mande n pou n pran joug Li a, annik Li fin envite n pote chay nou yo ba Li epi pran vrè repo a ?**

Aprè premye lòd nan Matye 11.28 la, yon fason pou Jezi atire atansyon oditè L yo ak moun ki t ap pral li sa yo ekri sou Li yo jodi a, nou jwenn de (2) lòt lòd nan vèsè 29 la kote Jezi di : « pran » ak « aprann nan men M ». Konsa, nou jwenn envitasyon pou n met joug Li a sou nou epi aprann nan men L.

Relasyon sere ant Papa ak Pitit la nou te wè nan *Matye 11.25-27* la se yon bèl reprezantasyon ki esplike lide joug la nan vèsè sa yo. Papa ak Pitit la ap travay ansanm pou sove limanite. Si joug la se yon senbòl soumisyon (gad Jeremi 27), se tou yon imaj ki montre lè moun gen [yon] menm objektif. Nou jwenn envitasyon pou n aksepte joug Li a, kidonk, misyon L konfyè n nan ki se fè byen pou tout moun ki antoure n. Nou pa pote joug Jezi a, men, nou asosye ak Li anba joug Li a paske l « fasil » e travay la « lejè » (*Matye 11.30*).

Dezyèm lòd la – « aprann nan men M » – fè wè menm mo a. An grèk, koze enstriksyon an makònen ak disip. Lè n aprann nan men Jezi, nou se disip Li vrèman. Obeyisans ak angajman se karakteristik vrè disip yo.

► **Ki diferans ki genyen ant trennen anba yon chay (Matye 11.28) ak pran joug Jezi a (Matye 11.29) ?**

Nan Jidayis la, joug la se te yon imaj popilè pou kesyon lwa a. Tèks Travay 15.10 la sèvi ak mo sa a pou fè referans ak lwa sikonsizyon an. Tèks Galat 5.1 a montre opozisyon ki genyen ant libète Jezi ofri a ak joug esklavaj la ki se yon referans a lwa a kòm mwayen pou n sove. Lè n pran joug Jezi a sa mande pou n pwouve n obeyisan epi manifeste anvi pou n pran angajman pou n suiv tras Li e patisipe nan misyon L lan. Menmsi n pa kapab ajoute anyen sou sove Jezi ba n sou lakwa a, nou kapab devni anbasadè L epi pataje Bon nouvèl la ak sila yo ki antoure n yo. Jan diskou sou montay la a montre sa a (*gad Matye 5-7*), Jezi te pi fèm sou lwa a pase farizyen yo. Lwa a transfome kè n ak motivasyon n yo. Se ekzakteman sa ki fè joug Li a fasil ak travay Li a lejè (*Matye 11.30*).

► **Ala yon bèl pwomès ! Jezi pwopoze n yon vrè repo pou nanm nou. Kijan w viv repo sa a ? Kijan n kapab defini l ? Lè n apiye sou Jezi ak sou sa L ofri n nan, kijan n kapab konnen repo sa a ?**

« Paske Mwen dou e m gen imilite nan kè m »

Dousè se yon kalite yo souzestime jodi a. Yo souvan denigre imilite. Rezo sosyal yo aprann nou pou n konsidere aparans ak sa ki fè pale de li. An reyalyte, divès karakteristik mond nou an se opoze sa Bondye jije ki enpòtan e ki gen valè.

« Konesans verite a depann plis de bon entansyon ak yon lafwa solid ki senp pase gwo entelijans. Zanj Bondye yo kanpe kot sila k ap chache konsèy Senyè a nan imilite. Yo jwenn Lespri Sen an pou L kapab montre yo gwo trezò verite a » – Ellen G. White, *Les Paraboles de Jésus*, « Le semeur », p. 44.

Li Matye 5.5 ; 1 Pyè 3.4 ; Ezayi 57.15. Kijan n t ap defini dousè ak imilite apati tèks sa yo ?

Nan 2 Korentyen 10.1, Pòl pale de « dousè ak byenveyans/bonte Kris la ». Dousè ak imilite se pa premye kalite w jwenn kay moun ki renmen fè kont e ki pa konn rete nan plas yo. Jezi pa t chache kont. Li te souvan evite konfli paske misyon L lan potko fini (gad Jan 4.1-3). Si konfli a te oblije fèt, Li pa t kouri. Men, Li toujou pale ak bonte. Pawòl lamantasyon L yo sou Jerizalèm, anvan L mouri sou kwa a, se pa t ekzanp pawòl madichon L pwononse ak kòlè, men, deklarasyon alamaskay e ki plen tristès konsènan yon lavni ki terib (gad Lik 19.41-44).

Nan Nouvo Testaman an, yo souvan prezante Jezi tankou Nouvo Moyiz la. Li ekspoze prensip wayòm tou nèf Li a sou tèt yon montay (gad Matye 5.1). Li fè mirak, li ofri plizyè gwo foul moun manje (Matye 14.13-21). Tèks Resansman 12.3 a dekri Moyiz tankou yon moun ki gen « imilite », yon tèm Matye 11.29 retounen site. Lè moun yo fin asiste mirak miltiplikasyon pen yo ki pèmèt plis pase senk mil (5000) moun manje, moun yo etone, e yo di : « Se Li menm ki pwofèt la vrèman, Pwofèt ki vin nan mond lan » (Jan 6.14), an rapò ak tèks Detewonòm 18.15 lan e ak wòl pwofèt Moyiz.

Jezi pwouve L gen plis imilite ak bonte pase Moyiz. Se nòmal, Li se Sovè n ki soti nan Bondye. Se vre Moyiz te ofri tèt li pou l sove pèp li a (gad Egzòd 32.32), men, lanmò l pa t ap kapab reyalize anyen paske li menm li se te yon pechè e l te bezwen yon sovè pou pote peche l epi sove l. Istwa lavi Moyiz plen leson pou nou, men, se pa nan li n kapab jwenn sove a.

Nou gen bezwen yon Sovè ki kapab kanpe nan plas nou kòm avoka, men tou, kòm ranplasan. Koze avoka a li plis pase enpòtan, men, se sèl Bondye, ki mouri sou kwa a pou pote peche n yo ak kondanasyon n, ki kapab sove n anba konsekans peche lalwa egzije pou n peye a, konsekans nou pa t ap kapab evite. Se pou rezon sa a san lanmò L ak rezirèksyon L, ekzanp Jezi a pa t ap sèvi anyen.

« Paske joug Mwen an bon »

Nou montre sa deja, mo « joug » Matye itilize nan pati sa a nan levanjil li a sonnen fò nan Jidayis la e nan lòt tèks nan Nouvo Testaman an, pou fè wè yo mal konprann lwa a.

► **Gen divès vèsyon Bib ki tradui mo ki vle di lejè nan grèk la konsa « bon ». Li vle di tou « ekstrawòdinè », « itil » ak « byenveyan ». Pou anpil moun, lwa Bondye a di, difisil pou respekte e, pafwa, san enpòtans. Kijan n kapab ede yo dekouvri jan l bèl epi ede yo renmen Sila ki kreye lwa a ?**

Paran yo toujou sonje jou pitit yo kòmanse mache. Ti moun nan fè yon premye pa ak laperèz, li pran yon ti tan anvan l fè dezyèm nan, epi l fè yon twazyèm, men, gen anpil chans pou l kilbite osnon tonbe divès fwa. Li kapab kriye, li kapab menm blese, men, annik li konprann li gen libète pou l deplase poukont li, li leve epi l eseye mache ankò. Mache, tonbe, leve, mache, tonbe, leve. Seyans sa fèt plizyè fwa anvan ti moun nan reyise mache ak asirans. Poutan, malgre l tonbe, paran yo santi ti moun nan fyè, se kòm si ti moun nan ap di : « Papa, manman, m mache ! »

Mache ak Jezi kapab pa toujou fasil, men, se sa ki toujou pi bon. Nou kilbite e pafwa n tonbe, men, nou kapab leve ankò e kontinye mache ak Li, a kote n.

► **Nan Galat 5.1, Pòl ekri : « Se pou n te ka lib tout bon ki fè Kris la te delivre nou. Se poutèt sa a, an n rete fèm nan libète sa a. Veye kò nou pou n pa tounen esklav ankò » (HCV). Ki sans deklarasyon sa a ? Kijan Kris la fè nou lib ? Ki diferans ant joug Li mande n pote a ak « joug esklavaj » Pòl ba n pinga kont li a ?**

Nou kapab sèten, keèlkanswa sa Pòl ta vle di konsènan « joug esklavaj » la, Pòl pa t ap pale de obeyisans a lwa Bondye a, dis kòmandman yo. Okontrè, nou jwenn vrè repo a ak libète nan obeyisans ak nan lafwa, e lè n konprann se pa nan suiv prensip lalwa n jwenn sove a, men granmesi jistis Kris la ki kouvri n.

► **Kijan lè w mennen yon lavi obeyisans a lwa Bondye a pi bon pase viv nan dezobeyisans ?**

« Chay Mwen an lejè »

Nan deklarasyon Matye 11.30 rapòte a, Jezi itilize imaj yon fado, yon chay : « Paske joug Mwen an bon e chay Mwen an lejè. »

► **Lè Moyiz fin kite Ejipt, li travèse lanmè Wouj ak pèp Israyèl la, Moyiz te kontan wè bòpè l, Jetwo. Li istwa sa a nan Egzòd 18.13-22. Nan istwa sa a, kisa sa sanble lè w ap pote chay yon lòt moun ?**

Nan Egzòd 18.13, nou wè pèp la vin kot Moyiz pou yo mande l pou l tounen jij, soti maten rive aswè. Lè bòpè l wè sa a, li pwopoze l pou l panse òganize bagay yo yon lòt jan pou pèmèt li konsantre sou sijè ki enpòtan yo, e pou l konte sou lòt moun pou dirije lòt bagay ki plis òdinè yo. Bib la di n Moyiz koute Jetwo, e san fòse li fe chanjman nan fason l t ap dirije a.

Lè Jezi di n chay Li a lejè a, Li te vle raple n nou kapab konte sou Li pou pote chay nou yo. Tankou Moyiz, nou dwe aprann nou bezwen lòt moun pou ede n ak chay nou yo. Nan 1 Korentyen 12.12-26, imaj Pòl bay de kò Kris la montre byen kisa sa vle di pataje chay. Nou bezwen yon kò ki fonksyone nòmalman pou n kapab pote yon chay, kèlkanswa chay la. Pou sa, nou bezwen janm-pye, men-ponyèt, zepòl, mis* ak tandon.

► **Li Galat 6.2. Kijan fè lè n pote chay nou yonn lòt sa ede n akonpli lwa Kris la ?**

Kontèks vèsè sa a kapab fè n wè klè. Nan Galat 6.1, Pòl deklare si yon moun nan antouraj nou tonbe lakoz yon tantasyon, nou dwe ede l leve ankò nan yon lespri dousè (sonje vèsè 29 la nan Matye 11 ki presize dousè se yonn nan kalite Jezi). Pote chay sila ki tonbe a vle di ede l leve ankò pou pèmèt li we gras Bondye a. Men, sa vle di tou pou n ede n nou yonn lòt lè n ap travèse difikilte. Mo grèk yo mete pou « fado » osnon « chay » la kapab fè wè yon [gwo] wòch osnon yon bagay ki lou anpil. Li raple n nou tout ap pote fado e nou tout bezwen yon moun pou ede n pote l. Bondye mande n pou n pataje chay yonn lòt, sa k ap mande anpil dousè ak yon lespri konpasyon.

► **Panse a dènye fwa yon moun te ede w pote yon chay ki te sanble lou anpil sou do w. Poukisa sa te enpotan pou ou ? Eske w kapab ede yon moun nan antouraj ou pote chay li a jodi a ?**

Apwofondisman

« Lè w wè chay ou a twò di, lè w ap plenyen lakoz difikilte ak eprèw, lè w di w pa gen fòs pou w reziste a tantasyon, ou pa kapab domine enpasyans ou, lavi kretyèn nan atwòs, ou mèt sèten w pa t pran joug Kris la sou ou, men joug yon lòt mèt » – Ellen G. White, *Elever l'enfant*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2019, chap. 45, p. 277.

« Li nesesè pou w toujou sou pinga w, e pou w sèvi Bondye ak lanmou e senserite, men, sa yo fèt natirèlman lè kè a pwoteje, atravè lafwa, atravè puisans Bondye. Nou pa kapab fè anyen, anyen menm, pou n merite favè Bondye. Pa konte sou tèt nou osnon sou bon aksyon n yo, men, an n al jwenn Jezi, nou menm pechè ki pedi, pou n jwenn repo nan lanmou L. Bondye aksepte tout moun ki vin jwenn Li ki konfyè yo totalman nan kapasite Sovè yo te krisifye a. Lanmou jayi nan kè a. Ou kapab pa an 'èkstaz/trans', men, ou ranpli ak yon konfyans e w anpè pou tout tan. Chak chay lejè, paske joug Jezi di n pran an dous. Devwa a vin yon kontantman, sakrifis vin plezi. Wout la ki te sanble plen fènwa vin ap klere granmesi limyè Solèy Jistis la » » – Ellen G. White, *La foi et les oeuvres*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2019, chap. 3, p. 43.

MEDITASYON

1. Pandan w ap mache ak Jezi, ou sonje ki jou w te finalman deside konfyè w nan li ? Pale de moman sa a ak lòt moun e konsantre w sitou sou rezon ki fe w te pran angajman pou w repoze w sou Li a.
2. Etidye priyè Jezi a nan Matye 11.25-27 e, ak lòt moun, diskite sou fason nou benefisye gras Bondye. Poukisa Bondye kache plan sove L la (« bagay sa yo ») pou moun save ak moun entelijan epi L revele sila ki pi piti yo li ?
3. Nan yon fason ki pratik, kijan n kapab ede sila yo ki bò kote n e k ap goumen pou yo vin jwenn Jezi, pou yo jwenn repo ?
4. Reflechi sou koze dousè ak imilite a. Èske sa yo pa bon pou yon moun k ap valorize tèt li ? Èske n ta dwe santi n pa gen okenn pwoblèm ak tèt nou lè n ap goumen kont dout lakay nou ? Kijan lakwa – ak sa l reprezante – ta dwe ede n konprann sa Jezi vle di le L di fè prèv dousè ak imilite ? An n di, si n konsidere lakwa, poukisa dousè ak imilite se sèl atitud/konpòtman ki vrèman apwopriye ?

JWENN REPO NAN FANMI AN

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Jenèz 34 ; Ebre 11.17-22 ; Detewonòm 4.29 ; 1 Jan 3.1, 2 ; Jenèz 39 ; Efezyen 6.1-13.

Pasaj pou n memorize a :

« Se poutèt sa, frè mwen renmen anpil yo, koulye a nou tou avèti. Pran prekosyon nou pou nou pa kite mechan sa yo trennen nou ale ak manti yo, pou nou pa pèdi pozisyon kote nou kanpe fèm lan. Okontrè, se pou nou grandi nan favè ak konesans Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou. Se pou li tout lwanj la, koulye a ak pou tout tan. Amèn » (2 Pyè 3.17, 18, HCV)

Sa fè plizyè jou yon jenn gason sa te kanpe l ap fikse yon sèl kote, finalman l resi wè frè l yo l t ap chache depi kèk jou. Li pwoche yo epi l fè yo yon siy ak men l, li konstate figi yo pati. Yo akeyi l tankou yon enkonni. Frè l sa yo te gen lide pou touye l. Si se pa t Ribenn, petèt li te kapab pa vivan ankò. Ribenn rive konvenk lòt frè l yo pou yo sèlman bay Jozèf kèk pataswèl epi lage l nan yon pui ki pa gen dlo.

Sa se ekzanp yon fanmi tèt anba !

Nou gen posiblite pou n chwazi anpil bagay nan lavi, men, nou pa chwazi fanmi n. Pa gen moun ki pafè, e okenn nan nou pa gen relasyon ki pafè ak fanmi l. Kèk nan nou gen privilèj pou n gen manman ak papa, frè ak sè, ak lòt manm fanmi ki aksepte lanmou Bondye. Men, se pa sa l ye pou anpil moun. Relasyon nan fanmi yo souvan konplike epi konn bay dlo nan je, yon bagay ki fè lapenn e ki mande reflechi. Se konsa, nou gen yon ray anndan n, epi n al pase l sou lòt moun.

Kijan n kapab jwenn vrè repo a nan Bondye nan domèn sa a nan lavi n ? Semèn sa a, n ap etidye istwa Jozèf, yon fason pou n wè Bondye k ap aji, ki pote gerizon ak repo pou nanm nou, malgre relasyon tèt anba nan fanmi yo.

Etidye leson semenn sa a pou saba 7 dawou.

Yon fanmi tèt anba

Jozèf te konnen kisa ki yon fanmi tèt anba. Sa te kòmanse ak gran gran paran l yo. Lè Sara konprann li steril, li fòse Abraham al kouche ak esklav li ki se te Agar. Annik Agar ansent, se zigzani. Ismayèl ak Izahak ki t ap viv sa a pandan y ap grandi, vin konsève tansyon pwòp fanmi yo. Izahak vin renmen Ezayou pi plis, e Jakòb fè tout lavi l ap goumen pou l jwenn lanmou ak respè nan men papa l. Annapre, Jakòb vin viktim yon kou mètdam, li oblije marye ak de (2) sè ki pa t antann yo e ki t ap fè konkirans pou kesyon fè pitit, yo menm rive fè aranjman pou esklav yo fè pitit pou Jakòb.

► **Regade evènman yo detaye nan Jenèz 34. Ki konsekans santimantal ak relasyonèl yo gen sou tout fanmi an, sitou sou pi piti a ?**

Konkirans ant manman yo rive sou ti moun yo ki t ap grandi, yo toujou sou goumen. Gran frè Jozèf yo te ti jèn gason, lè yo te masakre tout gason nan vil Sichèm. Ribenn, pi gran frè a, mete l anfas papa l lè l kouche ak Bila, ki se yon esklav Rachèl e manman pitit Jakòb (gad Jenèz 35.22). Mete sou sa a, Jida, frè Jozèf, pran madanm pitit gason l ki mouri, kòm pye lejè e finalman l fè yon pè marasa ak li (Jenèz 38).

Nan tout tansyon sa nan fanmi an, Jakòb vin mete luil sou dife a lè l renmen Jozèf pi plis epi l ba l yon ti wòb tout koulè ki te gen anpil valè (gad Jenèz 37.3). Fanmi gran notab sa a te totalman tèt anba.

► **Lè n konsidere relasyon konplike fanmi sa yo, dapre nou, poukisa yo site Abraham, Izahak ak Jakòb tankou modèl lafwa nan Ebre 11.17-22 ?**

Lavi chanpyon lafwa yo se te souvan yon lavi ki te chaje deksepsyon, si n ap konsidere objektif moun sa yo, e yo pa t janm nan nivo esperans Bondye. Se pa sou baz fanmi tèt anba yo te genyen an ki fè yo site yo nan Ebre 11, men, malgre difikilte sa yo. Yo te dekouvri – souvan nan soufrans – lafwa, lanmou ak konfyans nan Bondye alòs yo t ap goumen kont pwoblèm sa yo nan fanmi yo.

► **Ki move bagay ou eritye nan fanmi w ? Kijan lè w lage w nan men Bondye epi suiv wout Li trase a sa kapab kontribye nan kraze chema sa a, menmsi se pa kounye a ?**

Pran yon lòt direksyon

Lè Jozèf t ap vwayaje ale an Ejipt, kote yo ta pral vann li kòm esklav, li te pote doulè l, relasyon konplike ak angwas li t ap viv la. Vwayaj sa te difisil, e l t ap goumen pou dlo pa sot nan je l.

« Alòs karavàn nan t ap mennen Jozèf nan direksyon sid la pou l al an Ejipt, de lwen, jèn prizonnye a t ap gade kolin kote tant/tonèl papa l la yo ye a. Lè l ap panse kijan chagren ak tristès pral fini ak papa l, dlo je l benyen figi l. Epi, sèn krèvkè Dotàn nan monte nan tèt li : l ap reviv frè l yo k ap gade l ak repiyans. Li tandè frè l yo k ap joure l e k ap pase l nan betiz alòs li te dezespere. Lè l ap panse sou demen, li pipi sou li. Ala gwo chanjman nan lavi l ! Yon pitit papa l si renmen, pral vin yon esklav y ap maltrete. Poukont li, san zanmi, kisa l ta pral devni nan peyi etranje yo te mennen l lan ? Jozèf bliye tèt li nan pwòp soufrans li ak laperèz li. [...] Nan yon ti tan, Jozèf vin sonje Bondye papa l la, yon Bondye l te aprann renmen depi l piti. Se divès fwa pandan l anba tant/tonèl papa l, Jakòb, li te tandè istwa vizyon papa l te fè Betèl la, alòs li t ap sove kite kay papa l ! [...] Kounye a, tout ansèyman sa yo ki te gen valè t ap monte nan memwa Jakòb, e l te sèten *Bondye papa l la yo t ap Bondye pa l tou. Rapid vit, li lage kò l nan men Kreyatè l la epi l sipliye l pou l tounen fòs li nan peyi sa yo egzile l la* » – Ellen G. White, Patriarches et prophètes, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 20, p. 191, 192 ; italik la pou atire atansyon n).

Kèk kilti mete aksan sou wòl kominote yo olye sou yon grenn moun, alòs gen lòt kilti ki plis valorize wòl yon moun pase wòl kominote a. Menmsi de (2) aspè sa yo prezan nan Bib la, sa klè, nou jwenn yon apèl pou chak moun angaje l pèsònèlman ak Bondye, osnon pou kominote a angaje l. Jozèf kòmanse jwenn repo nan relasyon l yo lè l pran desizyon pèsònèl pou l suiv Bondye.

Kisa vèsè sa yo aprann nou sou angajman pèsònèl ? (gad *Detewonòm 4.29 ; Jozye 24.15 ; 1 Istwa 16.11 ; Sòm 14.2 ; Pwovèb 8.10 ; Ezayi 55.6*)

► Pou n jwenn repo fòk nou pran desizyon pèsònèl pou n suiv Bondye. Zansèt nou yo se te pote mitan spirityèl yo te ye, men, moun pa transmèt lafwa ak espirityalite. Sonje Bondye se pitit sèlman L genyen, Li pa gen pitit pitit.

► Poukisa l enpòtan pou n chwazi pou n angaje n a Bondye chak jou, an n di angaje n tanzantan ? Kisa k pase lè n pa fè sa ?

Konn sa w vo

Si Jozèf te gen yon ti lespwa tou piti pou l rantre lakay li, ti lespwa sa te etenn nèt le l rive an Ejip kote yo te vann li bay yon gwo fanmi. Tèks Jenèz 39.1 a di n sa : « Yon ejipsyen, Potifar, gwo fonksyonè farawon (wa) an, kòmandan sòlda yo, achte l nan men ismayelit yo ki te mennen l lan ». La menm, Jozèf vin plonje nan yon kilti l pa konnen menm e l te oblije aprann yon lòt lang.

Fanmi n yo ak relasyon n genyen yo nan kè devlopman valè n bay tèt nou. Lè Jozèf t ap grandi, nan tèt li l se yon moun espesyal : premye pitit manman l, e se manman l papa l pi renmen nan tout fi l genyen yo (*gad Jenèz 29.18*). Sètènman li se pitit papa l te pi renmen, e se sèl li menm ki te genyen yon ti wòb divès koulè (*gad Jenèz 37.3, 4*).

Men, kilès li te vin ye kounye a ? Yon esklav, yon moun yo ka achte osnon vann fasil. Reflechi a ki vitès sitiasyon an chanje. Nan yon bat je, evènman yo evolye kont li.

Alò, Jozèf te dekouvri yon leson ki rèd e nou tout dwe aprann li. Si n konte sou lòt moun pou di n kisa n vo vrèman, n ap soufri e n ap viv bagay difisil, paske se pa tout moun ki apresye sa nou ye a ak fason n ap aji. Nou dwe pran konsyans de pwòp valè n pandan n ap reflechi sou sa Bondye panse de nou – fason L wè nou – kidonk, se pa sou wòl n ap jwe kounye a.

► **Kijan Bondye wè chak moun ? (gad Ezayi 43.1 ; Malachi 3.17 ; Jan 1.2 ; 15.15 ; Women 8.14 ; 1 Jan 3.1, 2).**

Bondye gade nou chak la nan yon loup ki fèt ak gras. Li wè tout kapasite n, bèlte n ak talan n yo (anpil fwa n pa konsyan de talan yo). Alò, Li te pare pou L mouri pou nou, pou n te kapab gen posiblite pou devni tout bagay li te kreye n pou n te devni an. Pandan lakwa ap montre n peche n ak gwo pri sa te koute pou n te kapab sove, li fè n pran konsyans de gwo valè n genyen nan je Bondye. Kèlkanswa sa n ta panse de tèt nou osnon sa lòt moun ta panse de nou, Bondye renmen n e L ap chache sove n, nonsèlman anba chay peche n, men tou, anba lanmò etènèl la.

Gwo kesyon an toujou la : Kijan n reyaji devan lanmou Bondye, jan sa parèt nan Jezi a ?

► **Divès moun ak divès òganizasyon ba n konsèy pou n renmen tèt nou jan n ye a, e pou n aksepte tèt nou, san n pa kesyone anyen. Poukisa l pa fin twò bon ? Èske valè n pa soti nan Sila ki kreye n nan e ki konnen vrè valè n ?**

Relasyon moun ak moun daprè Bondye

Istwa Jozèf la nan an Ejip kòmanse an byen. Li lage l nan men Bondye e Bondye beni l. Apre sa l vin gen pòs lakay Potifar, bagay li pa t janm imajine.

► **Ki fason pratik benediksyon yo te manifeste nan lavi Jozèf ? Kijan n kapab defini relasyon l te genyen ak lòt moun yo ? Li Jenèz 39.1-6.**

Jozèf sanble te antann li ak Potifar, e relasyon l ak moun nan kay la ni moun deyò yo te parèt korèk. Men, se pa t senp konsa. Li te yon moun ki te twouble nan zantray li.

► **Ki pwoblèm relasyonèl Jozèf t ap viv ? Kijan l te chwazi jere sa a ? Gade Jenèz 39.7-10**

Jozèf te gen pwoblèm ak madan Potifar. Men, petèt nou ta dwe refòmile l konsa pito : madan Potifar te gen pwoblèm. Li te konsidere moun li t ap frekante yo tankou [nenpòt] bagay li kapab itilize tankou ti maryonèt. Li te vle « itilize » Jozèf . Bib la di n : « Jozèf te bèl gason anpil anpil » (Jenèz 39.6). Li pa fasil pou Bib la mansyone karakteristik fizik yon moun, paske : « Lèzòm gade sou sa ki parèt devan je yo. Men, Mwen menm Mwen gade sa ki nan kè moun » (*1 Samyèl 16.7, HCV*). Nan ka sa a menm, bèl te Jozèf te plis sanble yon de venn pou li olye yon èd nan efò l t ap fe pou l te viv nan sennte epi ret fidèl a prensip Bondye yo.

Malgre pèsistans dam malveyan sa a, Jozèf sanble fè yon bagay ki pa t pote fri. Li te aplike prensip bibliik yo nan tout relasyon l yo, e se konsa tou l aji ak madanm Potifar. Menm jan tout moun ki sibi konsekans peche a kapab temwanye sa a, prensip bibliik yo konsènan relasyon moun ak moun yo pa egzajere.

Tèks bibliik la montre istwa n ap pale la a se se pa yon ti istwa tou kout ki annik pase : madan Potifar lage nan kò Jozèf chak jou (gad Jenèz 39.10). Jozèf eseye esplike l sou ki baz li pa vle a (gad Jenèz 39.8, 9), men, se pou granmesi.

Jozèf vin konprann li pa kapab kontwole chwa lòt moun. Alò, li deside viv, renmen e kenbe relasyon l ak lòt moun yon fason k ap onore Bondye. Jozèf aprann viv nan prezans Bondye. Detèminasyon sa a ede l reziste anba tantasyon.

► **Èske w eseye mete tout relasyon w yo nan kad prensip bibliik yo menmsi lòt moun yo pa gen yon atitud/konpòtman pozitif ? Èske sa mache ? Li Matye 5.43-48. Poukisa l enpòtan pou w viv konsa ?**

Gran konfli a

Kòm nou dekouvri lè n ap li istwa bibliik yo (gad Jenèz 39.11-20), Jozèf te travèse moman eprèv lakoz li te pran desizyon pou l respekte prensip Bib la. Yo mete l nan prizon. Paske se esklav Potifar li te ye, yo te kapab touye l san yo pa jije l. Li te klè, Potifar pa t kwè madanm li, men, pou l te pwoteje repitasyon l li te pran yon desizyon. Poutan, malgre move sikonstans Jozèf t ap viv la, Bib la di : « Senyè a te ak Jozèf » (Jenèz 39.21).

Lavi sou latè pa toujou gen jistis. Yo pa toujou rekonpanse moun ki fè byen, ni pini moun ki fè mal, imedyatman. Men, kanmenm gen bon nouvèl : Jozèf rive jwenn repo, menm nan prizon an, paske Bondye te ak li. Pandan l fèmen an, li te kapab plede reflechi sou enjistis nan sitiasyon l lan, li te kapab rete nan li menm e menm voye Bondye jete.

Men, kisa Jozèf te fè nan prizon an ? Ki rapò l te genyen ak moun nan antouraj li ? Li Jenèz 39.21 rive 40.22.

Nan prizon an, Jozèf te aksepte reyalite a e l pa t debousole, malgre bagay yo te dwe pase yon lòt jan. Li travay ak lòt moun e li ede moun, menmsi relasyon l te tabli nan prizon an pa t sa l te swete a. E Jozèf pa t ezite pou l te mande èd epi montre l fèb. Li mande 'echanson' an (yon moun ki la pou goute tout sa yon gwo chèf ap manje osnon bwè, epi sèvi l manje ak bwè) èd lè l fin entèprete rèv echanson an.

Kisa Pòl di n sou relasyon moun ak moun nan Efezyen 6.1-13 ?

Relasyon n yo se imaj gran konfli ki dechennen ant Bondye ak Satan an depi lontan. Sa vle di pa gen relasyon ki pafè. Tout relasyon dwe grandi e devlope, e pou Satan kapab anpeche plan Bondye a reyalize nan lavi n, li itilize tout relasyon n yo, sitou relasyon n ak moun ki pi pwòch nou yo. Nou kapab remèsye Bondye paske n pa poukont nou nan batay sa yo. Pawòl Bondye a defini prensip konsènan relasyon n yo. E jan Bondye te fe pou Jozèf la, Li pwomèt L ap toujou ak nou lè n nan relasyon difisil.

Panse a pwomès Bondye nan Jak 1.5, e pran yon moman pou n mande Bondye pou L ede n fè prèv sajès nan relasyon n yo. Kijan w kapab fe efò pou w kite Lespri Sen an aji nan relasyon w yo ?


Apwofondisman

Konsènan sa k te pase nan lavi Jozèf la, lakoz sa k te pase ak madan Potifar lan, Ellen White ekri: « La, nou gen yon ekzanp pou tout jenerasyon k ap vini sou latè [...] Bondye se yon sekou ki toujou la, e Lespri L se boukliye n. Fanm ak gason kapab jwenn gwo gwo tantasyon tout kote, men, yo gen a dispozisyon yo yon sous fòs, atravè li menm yo kapab reziste. Moralite Jozèf te anba gwo atak. Tantasyon an te soti kot yon moun ki gen pouvwa, ki te kapab fè Jozèf kite chemen an fasilman. Men, Jozèf reyaji rapid vit, byen fèm. [...] Kanta repitasyon l ak enterè l yo, li te lage tout nan men Bondye. Menmsi eprèv li a te dire yon bon ti tan – sa ki pèmèt li prepare l pou yon gwo misyon – Senyè a veye sou repitasyon l ki te sal lakoz yon vye akizasyon, yon repitasyon ki repare [nan] moman sa te dwe fèt [la]. Bondye sèvi menm ak prizon an pou L fè Jozèf okipe yon gwo pozisyon. Kalite moral Jozèf te jwenn rekonpans li lè moman an te rive. Boukliye ki t ap pwoteje kè Jozèf la se te sèlman krentif pou Bondye, se sa k te fè l fidèl epi bon anvè mèl li, e lwayal anvè Bondye. Li chwazi pa engra, si l te engra sa t ap kapab fè l abize konfyans mèl li, menmsi mèl li ta kapab pa janm konnen si l te kouche ak dam nan » – Ellen G. White, *The Spirit of prophecy*, vol. 1, chap. 14, p. 132.

MEDITASYON

1. Lè n di rele kretyen osnon nou gen « kilti » advantis sa p ap ede n jwenn repo nan relasyon n yo. Ki diferans ant yon moun ki gen « kilti » advantis ak yon moun ki kwè nan Bondye tout bon ?
2. Sè entèl fenk rantre legliz. Li marye ak yon moun ki pa advantis. Li renmen mari l, men, l pa apresye chanjman l wè lakay li yo. Ki konsèy ki chita sou Bib la w kapab ba li ?
3. Yon otè ris, ki rele Léon Tolstoï ekri : « Tout fanmi ki ere yo sanble ; chak fanmi ki malere malere nan fason pa l ». Nan yon sans, tout fanmi yo gen yon bagay ki pa mache, paske se pechè ki konpoze yo tout, sa ki pa mache kay chak moun al rebondi sou fanmi an. Pou n kapab repare relasyon nan fanmi yo, kijan, atravè gras Bondye, nou kapab suiv prensip bibliik lanmou, padon ak soutyen yonn pou lòt, elatriye ?
4. Tout bagay ap byen mache nan lavi yon moun, jis yon jou, bripsoukou, yon trajedi rive. Nan moman sa yo, poukisa l enpòtan pou n rete soude nan lafwa e nan pwomès Pawòl Bondye yo ? Poukisa se yon nesosite pou n pran tan, lè tout bagay ap byen fonksyone, pou n prepare n pou difikilte ki gen pou vini yo ?

Rekèy sa a, ki san patisyon,
se konpilasyon 263 im ak kantik
nan lang kreyòl Ayisyen.



Disponib avan lontan...

ISBN: 978-99970-66-28-2

Depo Legal: 18-04-182

© 2021 Alelouya! Publishing

Rekèy kantik Lespri ak Lavi a
tradui volonte **Alelouya! Ministries**
pou ede popilasyon an louwe Bondye
nan lang nasyonal Ayisyen yo.

Klike la pou
PLIS DETAY



ALELOUYA.ORG

REPO, RELASYON AK GERIZON

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Jenèz 42.7-20 ; Matye 25.41-46 ; Jenèz 42.21-24 ; 45.1-15 ; Lik 23.34 ; Jenèz 50.15-21.

Pasaj pou n memorize a :

*« Kounye a, nou pa bezwen atriste e n pa bezwen fache poutèt nou te vann mwen an, paske se pou m sove lavi lòt moun Bondye te voye m davans, anvan n vini »
(Jenèz 45.4-5, HCV)*

Te gen yon nonm yo ta pral rele Djonni, yo te akize l kòm kwa l fè tizonmay sou yon fi. Lè fi a rive Lapolis, rapid vit li te sètifye/konfime se mesye a. Yo te vin ak bonjan prèv, e dam nan te sèten misye koupab.

Yo kondane Djonni pou l pase katòz (14) lane nan prizon, men, pou yon krim li pa komèt. Se yon analiz ADN* yo ta pral fè ki te montre l inosan, e dam nan ta pral konprann li te fè yon gwo erè.

Li te vle rankontre Djonni apre l fin libere. Nonm sa ki te sitèlman souffri, ta pral fas pou fas ak dam sa ki gaspiye lavi l, kisa misye ta pral fè ?

Dam nan te chita nan sal datant lan. Lè Djonni rive yo tou de gade yonn lòt epi dam nan pran kriye.

Dam nan ap rakonte : « Djonni pwoche, li mete men m nan men l, li gade m, epi l di m : 'mwen padone w'. Mwen pa t vle kwè. Nèg sa m te rayi pandan yon pakèt lane, e m te swete l mouri, li kanpe devan m. E l di m byen vit li padone m, alòs mwen fè l yon pakèt mal. Se nan moman sa a mwen kòmanse konprann kisa ki gras la. Depi lè a, m kòmanse geri epi m jwenn soulajman. »

Semèn sa a, n ap etidye koze padon an ak efè l genyen sou kè ki ajite yo.

*Etidye leson semèn sa a pou saba 14 dawou.

Fè faskare ak pase a

Finalman sitiyaşyon an vin ap byen dewoule pou Jozèf, e Jozèf soti byen ladan. Nonsèlman li te soti nan prizon an, men, li te vin aprann yo nome li premye minis Ejip, lè li te fin entèprete rèv Farawon an (*gad Jenèz 41*). Li te marye e li te gen de pitit (*gad Jenèz 41.50-52*). An Ejip, lè famin (gwo grangou) yo te anonse a te rive, depò manje yo te plen. Epi, yon jou, frè Jozèf yo debake an Ejip.

► **Li istwa premye rankont Jozèf la ak frè li yo nan Jenèz 42.7-20. Kijan n konprann atitud/konpòtman Jozèf la ? Kisa li te vle fè lè premye rankont sa a ?**

Jozèf te gen yon gwo pouvwa, li te kapab vanje li sou frè li yo, san li pa t bay pèsonn eksplikasyon. Men, lespri vanjans pa t nan tèt li. Li te sousye li de manm fanmi li, kote li te soti a. Li t ap enkyete li pou papa li sitou. Èske papa li te vivan, èske papa li te toujou ak fanmi tèt anba sa a ? E pou Benjamen, ti frè li ? Benjamen se baton vyeyès papa li, e kounye a li sanse ranplase Jozèf nan kay la. Kidonk, èske frè Benjamen yo te rayi li ? Kounye a Jozèf te nan pozisyon pou li te veye sou moun nan fanmi li yo ki vilnerab/fèb, e se sa li ta pral fè.

Aplike prensip bibliik yo nan relasyon n yo pa vle n di n kapab osnon n dwe aksepte abi. Chak moun gen valè nan je Bondye. Jezi mouri sou lakwa pou nou tout.

► **Poukisa Jezi gade sa gwo anpil lè y ap maltrete osnon meprize lòt moun ? Li Matye 25.41-46.**

Nou tout konekte atravè san Jezi, e nou se pou Li. An reyalyte, tout moun k ap maltrete moun se Jezi y ap maltrete.

Kèlkanswa jan sa ye, abi seksyèl ak vyolans emosyonèl osnon fizik pa gen plas yo nan fanmi an. Si ta genyen yo, se pa zafè fanmi ki regle an fanmi. Sa mande èd ak entevansyon lòt moun. Si ou menm osnon manm fanmi w viktim abi, ou dwe mande èd yon pwofesyonèl ou fè konfyans.

► **Ki prensip bibliik nou dwe pratike nan kad tout relasyon famiyal difisil nou kapab viv ?**

Preparasyon

Jozèf padone frè l yo. Nou pa konn kilè ekzakteman, men, li klè l te deside padone yo, anvan menm yo te rankòntre. Petèt, Jozèf te kapab pa rive nan pozisyon l te rive a si l pa t padone yo pou sa yo te fè l la, paske kòlè ak rayisman t ap vin ravaje Jozèf, sa ki t ap nui relasyon l ak Senyè a.

Yo etidye plizyè moun ki rive reziste anba gwo tray ak gwo soufrans, e yo wè padon an se yon eleman esansyèl ki pèmèt yo jwenn gerizon e repran direksyon lavi yo. San padon, n ap rete viktim. Padon an plis konsène n pase moun ki fè n mechanste a.

Menmsi Jozèf padone frè l yo, li pa t pare pou reprann relasyon famiyal yo kote l te kite yo a, sa vle di nan twou Dotàn nan. Li te dwe wè si frè l yo te chanje.

► **Kisa Jozèf te tandè. Li Jenèz 42.21-24. Kisa l te aprann sou frè l yo ?**

Jozèf ak frè l yo te kominike atravè yon entèprèt. Kidonk, frè l yo pa t konnen si l te kapab konprann yo. Jozèf tandè konfesyon yo a. Yo te panse paske yo te debarase yo de li, yo pa t ap pale papa a de li ankò. Yo te kwè yo pa t ap janm gen pou yo tandè rèv li yo osnon pou yo wè l ap pwofite paske se li papa l te pi renmen. Men, olye yo jwenn repo, konsyans yo t ap kale yo depi kèk tan. Lakoz sa yo te fè a, yo te panike e yo te pè pou Bondye pa t fè yo peye yon gwo chatiman. Men, Jozèf te tris anpil paske l te wè yo t ap soufri. Li kriye pou yo.

Jozèf te konnen famin nan t ap dire plizyè lane. Pou rezon sa a, li ensiste pou frè l yo mennen Benjamen ak yo pwochèn fwa y ap vin achte manje a (*gad Jenèz 42.20*). Li deside kenbe Simeyon kòm garanti y ap mennen Benjamen (*Jenèz 42.24*).

Lè Jozèf fin aprann Benjamen toujou vivan, pou l gad si frè l yo toujou gen gwo kè a, li òganize yon fèt, e pandan fèt sa a li bay Benjamen plis vale. Yo pa montre sa deranje menm, Jozèf konnen kijan frè l yo te kapab gen may. Nou sonje yo te twonpe tout yon vil (*gad Jenèz 34.13*), e l te sipoze yo te bay papa a manti sou sa k rive l la (*gad Jenèz 37.31-34*). Kidonk, li deside kontinye teste yo (*gad Jenèz 44*).

► **Li Jenèz 45.1-15. Kisa pasaj sa a aprann nou sou sa Jozèf te santi pou frè l yo ak sou padone l te padone yo a ? Ki lesou n dwe tire nan istwa sa a ?**

Jwenn padon lè w fin padone

Nou kapab defini padon an tankòu lè yon moun vle abandone yon santiman rankin, abandone kondanasyon ak vanjans anvè yon moun osnon yon gwoup ki te fè enjistis. Men kisa doktè Marilyn Armour, yon terapeut (medsen) familyal ki travay ak moun ki te viktim Olokos (masak juif yo) la di, yon fason pou l dekouvi kijan moun sa yo fè e kijan yo te konprann sa k te rive yo a : « Padone se nesèsman yon aksyon viktim nan chwazi fè. Se pa yon bagay ki rive konsa ».

Padone pa vle di p ap gen konsekans. Padone pa vle di kite koupab la kontinye fè sa l ap fè a. Padone souzantann lage lapenn nan ak anvè vanjans lan nan men Bondye. Sinon, kòlè, tristès, repiyans ak rayisman ap agrave sa moun nan te fè n nan.

► **Kisa padon pwodui lakay nou ? Reflech sou tèks Matye 18.21-35 lan.**

Pa gen dout sou sa a, yonn nan kle ki pèmèt nou aprann padone se konprann tout sa Kris la padone n pou yo. Nou tout peche, nonsèlman kont pwochen nou, men tou, kont Bondye.

Alò, chak peche se yon peche kont Senye a, Kreyatè n ; poutan, nan Jezi, nou kapab espere yon padon total pou tout peche n yo, se pa paske n merite sa – non, se pa sa – men, se sou baz gras Bondye fè n nan. Lè n byen konprann verite enpòtan sa a, lè n rive n pran padon sa a, lè n fè eksperyans reyalite padon Bondye a, nou kapab kòmanse moli, e padone lòt yo. Nou padone se paske lòt yo merite sa a, men, paske n resevwa nan men Bondye sa n bezwen pou nou menm nan. Alò, èske n pa bezwen jwenn padon ?

Jan n te wè l la, Jozèf bay manm fanmi l yo yon dezyèm chans. Li pa kite rayisman manje kè l, e li pa t retounen nonplis sou sa k te pase depi plizyè lane a.

Li prèske enposib pou w rekòmanse nan yon fanmi lè chak moun ap fè tout sa yo konnen pou yo blese yon lòt. Men, Jozèf pa t reyaji konsa. Sa te klè, li te vle kite sa k te pase a dèyè l, epi pou l kontinye avanse pandan l ap pwouve l gen lanmou e l aksepte frè l yo jan yo te ye a. Si Jozèf te gen yon konpòtman diferan, istwa a te kapab pa fini konsa, fini bèl konsa.

► **« Ala bon sa bon pou moun lè Bondye padonnen peche yo, lè Bondye pa gade sou fòt yo fè! Ala bon sa bon pou yon moun lè Bondye pa mande l kont pou sa li fè ki mal ! » (Women 4.7, 8, HCV). Kisa Pòl di n sou sa nou jwenn kòm kado nan Jezi a ? Ki enpak bèl pwomès sa a ta dwe genyen sou relasyon n ak sila yo ki fè n mal ?**

Dimansyon pratik padon an

Pou yon moun padone, fòk li admèt yo te blese l. Sa kapab difisil pou fèt, paske pafwa l pi fasil pou nou pou n eseye kache santiman nan fon kè n olye n afwonte yo. Se pa yon pwoblèm pou w rekonèt ou gen rankin osnon kòl epi pale sa ak Bondye. Otè Sòm yo rakonte kalte santiman sa yo lè y ap viv yo. Kidonk, nou lib pou n di Bondye n pa apresye sa k te pase a osnon tretman n te jwenn nan, sa ki fè n tris la, sa k fè n anraje a.

Jozèf menm, li te kriye le l rewè frè l yo, e lè kèk santiman pase te retounen.

► **Kisa deklarasyon Jezi sou padon an aprann nou, alòs Li te sou lakwa ? Li Lik 23.34.**

Jezi pa t tann nou mande L padon anvan L padone n. Nou pa bezwen tann se koupab la ki vin mande n padon. Nou kapab padone lòt yo san yo pa aksepte padon nou an.

► **Kisa tèks Lik 6.28 la ak Matye 5.44 la aprann nou sou fason n dwe konpòte n ak sila yo ki fè n mal ?**

Tankòu lanmou, anvan padon an se yon chwa, li se yon santiman. Nou kapab fè chwa pou n padone, menmsi n pa gen anvi a natirèlman. Bondye konnen, si n chita sou fòs nou, chwa sa a enposib, men, « tout bagay posib pou Bondye » (*Mak 10.27*). Se pou rezon sa a nou jwenn envitasyon pou n priye pou sila yo ki fè n mal. Nan kèk ka, moun sa yo konn gentan mouri, men, malgre sa, nou kapab mande Bondye pou L ede n padone yo.

Padone pa janm fasil, e pa gen dout sou sa. Doulè ak soufrans yo lakoz yo kapab ravaje n, blese n, kolboso n, dekonstonbre n. Nou kapab geri si n vle, men, lè n kontinye viv ak rayisman, kòlè ak rankin, sa fè gerizon an pi difisil, alòs li posib.

Evènman ki pase sou lakwa yo montre n trè byen kisa padon Bondye a koute L. Li te konnen anpil moun t ap voye L jete, men, Li mouri pou tout moun. Kidonk, nou kapab aprann padone tou.

► **Kilès moun ou dwe padone, menmsi se pa ta pou byen moun sa a, men, pou byen w ?**

Jwenn padon lè w fin padone

Finalman, fanmi Jozèf rive an Ejip. Pa t gen sekre tris nan fanmi an ankò. Sètènman, frè Jozèf yo rekonèt yo te vann Jozèf lè yo esplike papa yo pitit li a yo panse ki te mouri se premye minis Ejip li ye.

Menmsi l pa toujou posib osnon saj pou n retabli relasyon yo, sa pa vle di n pa kapab padone. Petèt nou ka pa kapab bay koupab la yon akolad epi kriye ak li, men, nou kapab kominike ak li pou n di l nou padone l. E, nan nivo sa posib, li bon pou n eseye diminye soufrans nou yo. Petèt doulè a ap rete, men, nou kapab diminye ladan e pran wout gerizon.

► **Li Jenèz 50.15-21. Poukisa frè Jozèf yo t ap enkyete ? Kisa yo te pè ? Kisa laperèz sa a di n sou yo ?**

Frè Jozèf yo gen pase disèt (17) lane depi yo an Ejip (*gad Jenèz 47.28*). Poutan, lè Jakòb mouri, yo te pè pou Jozèf pa t vanje l. Yon lòt fwa ankò, yo we kijan yo te blese frè yo a. Jozèf mete yo an konfyans lè l raple yo l padone yo. Byen petèt rapèl sa te bon ni pou Jozèf, ni pou frè l yo.

Le n blese fò, sa rive n dwe padone plizyè fwa. Si souvni mal yo te fè n yo retounen nan lespri n, nou dwe al kot Bondye nan priyè e fè chwa pou n padone yon lòt fwa.

► **Li Jenèz 50.20. Nan ki nivo vèsè sa yo, esplike n [yon ti kras] volonte Jozèf pou l te padone frè l yo malgre li ?**

Jozèf te kwè evènman yo nan lavi l te fè pati yon pi gwo plan Bondye pou kontribye nan sove mond sa (mond nan epòk li a) anba famin nan. Li te kwè tou Senyè a te swete pwomès pou l te fè fanmi l vin yon gran nasyon an reyalize. Paske l te konprann Bondye dejwe plan frè l yo te fè yo, e tout sa te pwodui bon bagay, sètènman sa te ede l padone.

► **Istwa Jozèf la te byen fini. Kijan pou n reyaji lè bagay yo pa fini byen jan n te swete a ? Èske n kapab di n ap konstate tout bagay va byen fini lè gwo konfli a va rive nan bout li, lè peche a va elimine, lè tout pwoblèm va fini ? Kijan lespwa sa a kapab ede n rete kanpe lè bagay yo pa twò byen fini ?**

Apwofondisman

« Pa gen dout sou sa a, paske Jozèf te rete an Ejipt, li te vin yon sovè pou fanmi l. Toutfwa, sa pa t fè frè yo pa koupab. Menm jan an tou, lanmò Jezi sou lakwa fè l tounen Redanmtè limanite, Sovè yon ras pèdi ak sèl chèf mond lan. Men, krim sila ki te touye l se t ap menm bagay la si Papa a pa t mande L pou L kontribye nan glwa L pou byen rachte yo. Menm jan se frè Jozèf ki te vann li bay payen an, se yonn nan disip Jezi yo ki te vann li bay pi gwo lennmi L yo. Poutèt sennte Jozèf la yo te pale l mal epi mete l nan prizon. Konsa tou, Jezi, poutèt lavi san defo L la, yon lavi ki t ap kondane peche, yo meprize l, voye l jete, yo kondane l sou baz fo akizasyon » – Ellen G. White, *Patriarches et prophètes*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2020, chap. 21, p. 2016, 217.

« Anyen pa kapab jistifye sila ki pa gen lespri padon an. Sila ki montre l pa gen mizerikòd pou lòt moun pwouve li menm li p ap patisipe nan gras Bondye a. Mizerikòd syèl la ap atire nanm ki egare/pèdi yo pou vin jwenn Sila ki gen lanmou san mezi a. Rivyè konpasyon Bondye a anvayi kè pechè a, e atravè pechè sa a, lòt moun jwenn konpasyon tou. N ap jwenn tandrès ak mizerikòd Kris la te manifeste sou tè sa a lakay sila yo ki patisipe nan gras Kris la » – Ellen G. White, *Les paraboles de Jésus*, « Avertissements », p. 211.

MEDITASYON

1. Gen yon moun ki di : « Pa padone se tankou w bwè pwazon epi w ap tann se lòt moun nan k ap mouri ». Kisa deklarasyon sa a vle di ?
2. Ki objektif tout plan Jozèf te fè yo anvan l te di frè l yo l kilès li ye ? Ki konsekans plan Jozèf yo te genyen pou li ak pou frè l yo ?
3. Sètènman, domestik Jozèf la te patisipe nan kèk desizyon konsènan frè Jozèf yo (*ekzanp gad Jenèz 44.1-12*). Nan ki nivo eksperyans padon an kapab touche lòt moun ki se senp obsevatè ?
4. « Bondye pa janm pa kondui pitit Li yo kote yo t ap swete ye a si yo te kapab wè lafen davans, epi wè glwa plan Bondye y ap sèvi a, yo menm ki se kolaboratè Bondye » – Ellen G. White, *Jésus-Christ*, chap. 22, p. 189. Panse a pwòp lavi w le w ap reflechi sou deklarasyon sa a. Nan ki nivo lide sa a ede w soti nan eprèv yo epi mennen batay ou yo ?

LIB POU W REPOZE

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Mak 2.1-12 ; 1 Wa 18 ; 1 Wa 19.1-8 ; Matye 5.1-3 ; Ezayi 53.4-6 ; 2 Wa 2.11.

Pasaj pou n memorize a :

« Seyè a se limyè mwen, se li ki delivrans mwen. Ki moun ki ka fè m pè ? Se Seyè a k ap pwoteje mwen. Ki moun ki ka fè m tranble ? » (Sòm 27.1, HCV)

Nan ministè l, Jezi te rankòntre anpil moun malad, e kèk nan yo konn menm kondane. Yo t ap kouri vin jwenn Jezi pou yo te kapab geri e pou yo te jwenn yon fòm repo. Yo toujou jwenn [yon] soulajman.

Pafwa Jezi konn annik di yo yon ti mo epi yo geri totalman. Pafwa L touche yo epi yon mirak fèt, yo geri. Sa konn rive Li voye yo ale lwen, epi gerizon an fèt oframezi y ap avanse nan chemen an. Jezi geri gason ak fanm, ti fi ak ti gason, juif ak sila ki pa juif, rich ak pòv, tout kalte moun. Li geri moun ki te gen [yon] lèp sovaj sou yo osnon moun ki avèg nèt. Li geri moun ki gen pi gwo maladi a ki se lanmò.

Semèn sa a n ap etidye de (2) ekzanp gerizon ki diferan anpil. Nan premye a, nèg la te tèlman malad li pa t menm kapab vin kot Jezi poukont li. Tout moun nèt te kapab wè sentom li yo. Nan dezyèm ekzanp lan, okenn sentom pa t parèt. Nan de (2) ka yo, Bondye geri malad sa yo nan bon moman an, e nan fason pa L.

Alòs n ap reflechi sou mo repo a nan sitiyasyon doulè ak soufrans, n a pral medite sou yon kesyon n konn poze tèt nou kanmenm pandan n ap mache ak Bondye : Kisa k pase lè priye n fè pou gerizon yo san repons ?

Lè sa a, kijan n jwenn repo ?

**Etidye leson semenn sa a pou saba 21 dawou.*

Yon repo ki repare

Lè n malad nou sitou bezwen repo. Repo fizik la se yon nesesite pou sistèm defans kò n vin pi fò.

Nou bezwen repo pou lespri a tou, e pafwa, nou konn gen maladi ki pa met lavi n an danje, tankòu rim osnon tèt fè mal. Nou kouche epi n eseye pa panse sou tout sa n ta dwe fè, alòs nou pa gen fòs pou n fè sa a.

Lè gen yon maladi ki met lavi n an danje, sa rive souvan n pa domi. Nou toumante, n ap tann rezilta egzamen lopital yo. E, byen souvan, nou kòmanse ap mande tèt nou poukisa n malad. Èske maladi n nan se paske n mal mennen lavi n ? Èske se medikaman yo preskri n yo ki lakoz, sa gen nenpòt 20 lane ? Èske se gwo n vin gwo a ki lakoz ? Èske se Bondye k ap pini n pou peche sekrè sa a pèsounn moun pa konnen an ?

Li Mak 2.1-4. Kisa k te pase jou sa a ?

Tèks sa a pale n de yon andikape. Nan liv *Jésus-Christ* (éditions IADPA, 2007, chap. 21, p. 165-167), Ellen White ba n kèk eleman sou gerizon sa a. Andikape a te fè bagay li pa t fyè de yo. Peche l te fè yo te lakoz maladi sa a, e kèk moun te tabli yon rapò dirèk ant maladi l la ak zak li yo. Li te vin malad lakoz peche l yo, pa t gen okenn remèd.

Nou jwenn konpòtman sa a souvan. Kesyon sa toujou nan tèt nou : kilès ki lakoz ? Si yon vyolasyon fèt, yon moun dwe peye pou sa a. Si yon aksidan fèt, fòk gen yon moun yo pousuiv. Men, lage fòt la sou lòt moun p ap geri ni l p ap soulaje malad la.

Nan plan Bondye a pa t janm gen doulè, maladi, soufrans. Maladi rive sou planèt la ansanm ak peche. Se poutèt sa a Bondye fè n rekòmandasyon konsènan sante, yon fason pou n benefisye yon pi bon kalite lavi kounye a. Men, toutotan n nan mond peche sa a, nou pa gen garanti n ap benefisye yon sante pafè, menmsi n ta pratike a sanpousan prensip sante yo.

Men bon nouvèl la : Bondye kapab ba n repo, kit nou malad osnon an sante, kèlkanswa se aksyon n osnon neglijan lòt moun ki fè n malad, kèlkanswa se maladi n pran nan fanmi n osnon lakoz peche. Bondye konn kijan pou L ba n repo.

Si yon moun malad, li pa bon pou w kòmanse ap repwoche l. Kidonk, nan kèk ka, èske lè yon moun dakò l malad sa ap ede l anpil pou l jwenn gerizon e pou l retabli ?

Tretman koz yo

Yo te mennen andikape a devan Jezi, e tout moun t ap gad Jezi. Èske L ta pral geri yon pechè ? Èske L ta pral di yon bagay pou geri nonm sa a ?

► **Kijan Jezi te geri andikape ? Ki premye bagay Li fè pou li ? Li Mak 2.5-12.**

Kòm nou pa janm konsyan n malad san n pa santi sentom yo, nou souvan panse depi pa gen sentom pa gen maladi, e n panse si n pa wè sentom yo ankò nou geri. Jezi wè maladi yon lòt fason. Li konnen rasin tout soufrans ak tout mal, epi l vle trete sa dabò.

Nan ka andikape a, olye Mèt la trete sentom yo imedyatman, li site dirèkteman sa k te plis deranje nonm malad sa a. Li te santi l koupab, se te yon gwo chay sa te ye pou li, e l te santi l separe ak Bondye, sa te fè l souffri plis pase andikap la. Yon moun ki repoze sou Bondye kapab sipòte tout soufrans fizik li kapab sibi nan mond peche sa a. Se konsa, Jezi te dirèk, Li ofri padon l dabò.

► **Li Mak 2.8, 9. Ki kesyon Jezi te poze skrib yo ? Ki pwoblèm Li te konstate ?**

Nou souvan gen tandans pale vaykevay, men, se pa Bondye. Se granmesi pawòl Li ki puisan Li kreye tout bagay (*gad Jenèz 1*). Se vre, padon an se pa yon bagay nou kapab wè, men, toutfwa, li gen yon pri. Padon an koute lavi pitit Bondye a sou lakwa. Tout lòt bagay yo pa gen enpòtans. Pou demontre puisans ak reyalite padon an, Jezi chwazi geri andikape a.

Bondye vle geri n anndan n dabò. Apre, pafwa, L chwazi geri kò n imedyatman, jan L te fè pou andikape a. Konsa tou, pafwa n dwe tann gran jou rezireksyon an pou n fè eksperyans gerizon fizik la. Nenpòt jan sa ye, Sovè nou an vle n repoze nan [asirans] lanmou L, gras Li ak padon L, jodi a menm, nan mitan soufrans nou yo.

► **Kijan n kapab jwenn repo ak lapè, menmsi priyè n fè pou n geri yo san repons, an n di san repons pou kounye a ?**

Sove [mawon]

Dapre done (enfòmasyon) Òganizasyon Mondyal Sante a (OMS), maladi ki plis popilè nan mond lan, ki touche plis pase 300 milyon moun chak ane a, li pa toujou gen sentom moun kapab wè. Se depresyon. Depresyon se pi gwo koz maladi nan mond lan.

Malerezman, nan relijyon kretyèn nan, se rarman yo pale de sa a, paske petèt divès moun konsidere l tankou yon mank lafwa. Bon, èske kretyen yo pa toujou gen lajwa, bonè ak lòt santiman pozitif ? Èske depresyon an se pa yon siy ki montre gen yon bagay ki pa mache nan relasyon n ak Bondye ?

Anpil moun konnen se pa vre. Menm kretyen ki pi fidèl yo kapab viv depresyon, sitou apre yon evènman ki twomatize/choke yo, e sa se pa yon mank lafwa osnon mank konfyans nan Bondye. La ankò, n ap dekouvri nan Sòm yo doulè, soufrans ak panik pitit Bondye yo ki fidèl te sibi nan tan pase yo.

Pafwa, se pezape n tonbe nan depresyon e n idantifye maladi sa a sèlman lè sentom yo vin pi grav. Pafwa, li rive rapid, apre yon gwo chòk, nou pa kapab sipòte. Eli, yon pwofèt fidèl, te santi kò l ak lespri l fatige, apre sa k te pase sou montay Karmèl la.

Nan 1 Wa 18, Eli sot wè mirak difek i soti nan syèl la. Paske l te priye, li wè lapli tonbe, sa ki mete fen nan yon sechrès ki te genyen depi twa (3) lane. Poukisa Eli reyaji devan menas Jezabèl yo pandan l kouri ? Li 1 Wa 19.1-5.

Eli fin pase yon jounen traka. Yon jounen kote l viv yon tranzisyon bosal epi l jwenn menas lanmò, eksperyans sa a deklannche depresyon l lan.

Mete sou sa a, Eli asiste masak pwofèt Bahal yo. Anviwon 850. Petèt menm Eli te touye anpe nan yo (*gad 1 Wa 18.40*). Yon evènman konsa, menmsi se ta pou yon bon koz, kapab pwovoke strès twomatik (se yon moun ki pa gen kapasite pou l retounen djanm apre l fin viv yon bagay) lakay moun ki te temwen yo, pi mal toujou, lakay moun ki te patisipe yo.

Alò, Eli kòmanse kouri, l ap tante mawon. Pafwa, nou anvi kouri, nou kouri al kote k gen manje nan kay la osnon lòt kote, e n manje pou n kapab jwenn bonè, nou dòmi anpil paske lespri n fatige, osnon n eseye viv yon relasyon tou nèf, n al viv yon lòt kote osnon n al travay yon lòt kote. Sa ka rive n travay san pran souf e n pran plis randevou pou n eseye chape anba sa n pa rive idantifye a, sa k fè n pa kontan an, sa k retire dòmi nan je n nan. Anfèn, sètènman, pou n diminye nan doulè a, anpil moun pran divès medikaman. Men, finalman, olye medikaman yo rezoud pwoblèm nan, yo sèlman maske/kamoufle/kache sentom yo, yo konn menm agrave pwoblèm nan.

Twò fatige pou sove

Eli te twò fatige pou l kontinye kouri. Se sa k fè, li rekòmanse priye. Priyè sa a te diferan de priyè l te fè ak lafwa e Bondye te reponn sou montay Karmèl la (*1 Wa 18.36, 37*), devan prèt ak pwofèt Bahal yo, manm gouvènman an ak pèp la. Eli fè yon priyè senp, tou kout, ki chaje ak dezespwa.

► **Nan 1 Wa 19.4, Eli deklare l pa gen plis vale pase zansèt li yo. De kisa l t ap pale ?**

Lè Eli resi kalme, li vin santi l koupab. Li vin wè paske l t ap eseye ale rapid, vin pa t gen posiblite ankò pou l fè okenn refòm an Israyèl. Li konprann li te deseewa sila yo k te bezwen l lan. Li pa t kapab fè anyen pou amelyore sa a. Se konsa, nan yon moman doulè, l ap kesyone tèt li, li menm ki byen konn istwa pèp li a, li wè tèt li jan l ye a.

Pran konsyans de kilès ou ye reyèlman kapab yon revelasyon ki tris pou chak moun. Konsa, nou dwe rekonesan anpil paske, malgre tout peche n yo, Bondye pwomèt L ap wè n jan L wè Jezi a. Pou rezon sa a, ak lafwa, nou kapab benefisye jistis Kris la, sa k ap pou nou pi gran sous lespwa ki genyen an (*Filipyen 3.9*).

Toutfwa, lè n deprime, nou konn gen tandans rayi tèt nou. E kèk moun konn kòmanse panse lanmò se sèl solisyon ki genyen.

Se sa k te sanble rive Eli. Sa te twòp pou li. Li di : « Se twòp atò ! Kounye a, Senyè, pran lavi m, paske m pa pi bon pase zansèt mwen yo » (*1 Wa 19.4*).

Men bon nouvèl la, Sila ki kapab geri n nan pa t kondane Eli. Bondye konprann sa n ap pase pi byen pase n nan batay nou kont depresyon.

« Pandan n ap priye, nou kapab pa wè yon prèv spesyal kote Senyè a panche sou ka n nan ak konpasyon e lanmou, toutfwa, se sa l ye. Nou kapab pa santi L k ap touche n, men, men L sou nou, e men sa a asire n L ap ba n lanmou ak konpasyon » – Ellen G. White, *Vers Jésus*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2007, chap. 11, p. 148.

Bondye konnen e L konprann vwayaj la « twò long » (*1 Wa 19.7*) pou nou, men, pafwa Li oblije tann nou sispann kouri e sispann mawon. Apre sa a, Li kapab entèvni.

Pafwa, moun k ap nwaye yo konn tèlman panike, yo goumen ak moun ki vin sove yo a. Lè sa a, moun ki vin sove yo a dwe tann moun nan pèdi konesans anvan l rive sove l.

► **Ki lespwa ak ki fòs nou jwenn nan tèks sa yo : Sòm 34.18 ; Matye 5.1-3 ; Sòm 73.26 ; Ezayi 53.4-6 ?**

Repo, ak lòt bagay ankò

Bondye konnen Eli te fatige lakoz li t ap mawon. Li konnen tou lespri Eli te fatige e l te santi l koupab anpil. Menm jan Jezi ta pral fè pou andikape a, anpil tan apre, Bondye pèmèt Eli lage l nan men L, e pou L kapab ba l repo. Finalman, li te rive dòmi epi rekòmanse sou lòt baz.

Nou te ka imajine se t ap fen istwa a, men, se pa t sa. Repo Bondye a se yon bagay ki annik parèt epi l disparèt lapoula. Antre nan repo Bondye a sa mache ak gerizon. Li vle n libere n de [chema] vye lide yo ak abitud k ap detwi n yo. Bondye pa fè gerizon anvan lè.

► **Li 1 Wa 19.5-8. Ki kote Eli ale, e poukisa ?**

Lè Eli fin repoze li rekòmanse kouri. Men, fwa sa a, Bondye montre l jan pou kouri. Bondye konnen viv nan mond pechè sa a kapab lakoz depresyon, l ap lakoz depresyon. Li konprann anvi n genyen pou n kouri a, men, Li vle montre n kijan pou n kouri. Li swete n kouri vin jwenn Li, olye n al adopte yon lavi ki kapab detwi n, nan lide pou n eseye jere sityasyon an poukont nou. E, depi n kòmanse kouri al jwenn Li, Li vle aprann nou koute « ti vwa fen » an (*1 Wa 19.12*) ki kapab ba n repo.

Eli pa t gen enèji l ap bezwen pou l kanpe a, e pou l mache rankontre Bondye. Men, Bondye ba n enèji n bezwen pou n al jwenn Li a, epi L pwomèt nou yon pi bon lavni.

Alòs Eli te anba yon pyebwa, epi l te vle mouri, li te sèten pa t gen lespwa pou demen.

► **Li 1 Wa 19.15, 16 ak 2 Wa 2.11. Kisa k te gen ankò pou Eli ?**

Bondye te konnen te gen bèl bagay ki t ap tann Eli. Li ta pral geri l, paske l ta pral aprann li viv dapre kadans Bondye epi aprann repoze. Te rete wa pou Eli te konsakre, e fòk li te chwazi yon moun pou ranplase l. Bondye te konn tou, ak lafwa, Eli ta pral fè dife sot nan syèl la (*gad 2 Wa 1.10*). Se pa dezespwa ki te touye Eli anba ti pye jenè a (yon plant), men, se yon charyo [flanm] dife ki t ap vin pran l, pou mennen l repoze nan syèl la.

► **Kisa istwa Eli a aprann nou sou rezon ki ki fè n dwe toujou konte sou fòs Bondye, e pou n pa abandone, kèlkanswa sa n ap viv la ?**

Apwofondisman

« Lakoz sikonstans yo k ap chanje tanzantan, gen anpil chanjman nan lavi n. Chanjman sa yo kapab fè n kontan osnon deprime (gen gwo chagren). Men, chanjman sikonstans yo pa kapab pran plas relasyon Bondye gen ak nou an. Bondye se menm Bondye a, ni yè, ni jodi a, e pou toutan, e L mande n pou n konfye n totalman nan lanmou L » – Ellen G. White, *Dans les lieux célestes*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2013, 23 avril, p. 121.

« Gade Jezi san rete, priye L an sekre, ak lafwa, pran fòs Li a, kèlkanswa sa w santi a. Avanse ak kouraj, tankou chak priyè n yo t al abite sou twòn Bondye a, tankou priye sa te jwenn repons nan men Sila ki toujou reyalize pwomès Li yo. Ale dwat devan w, chante, resite Sòm yo pou Bondye nan kè w, menmsi w santi w deprime, tris osnon san fòs. Mwen konn sa m ap di a, limyè a ap vini, w ap gen lajwa, bwouya osnon lafimen yo ak nyaj yo ap disparèt. N ap chape anba vye enfliyans fènwa yo pou n kapab vin nan limyè ki nan prezans Bondye a. » – Ellen G. White, *Messages choisis*, vol. 2, p. 278.

MEDITASYON

- 1. Li souvan difisil anpil pou n ede yon moun k ap souffri ak twoub mantal (ekzanp maladi foli) osnon depresyon. Kisa Legliz ou a kapab fè pou l fè yon pi bon travay pou/ ak moun sa yo ?**
- 2. Nou souvan fè efò pou n onèt ak Bondye. Gad kèk Sòm, w ap wè kijan sila ki ekri nan Bib la te onèt ak Bondye. Kijan n kapab kreye yon atmosfè/anviwònman ouvèti ak onètete legliz la ?**
- 3. Nou souvan mare pou n priye lè n ap viv depresyon. Diskite ansanm sou pouvwa priyè entèsasyon pou sila yo kip a ka priye pou tèt yo.**
- 4. Poukisa li enpòtan pou n sonje la fwa se pa yon santiman ? Se pa paske n manke lafwa osnon konfyans nan Bondye ki fè n deprime, nou dekouraje, nou pè, nou panike. Nenpòt kilè nou gen dwa deprime, nou dekouraje, nou pè, nou panike, jan sa ye pou tout moun nan yon moman nan lavi yo. Nan sikonstans sa yo, kijan n kapab aprann mande èd, ak lafwa, nenpòt jan sa ta parèt difisil ?**
- 5. Ki lespwa istwa andikape a kapab ba n, sitou lakoz lavi n ki gen tras peche a, ki fè n malad epi fèb ?**

KADANS REPO A

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Jenèz 1 ; Egzòd 20.8-11 ; 16.14-31 ; Detewonòm 5.12-15 ; Sòm 92 ; Ezayi 58.13.

Pasaj pou n memorize a :

« *Bondye beni setyèm jou a e L fè l tounen yon jou sakre pou Li, paske nan jou sa a Bondye repoze apre tout travay Li fin fè yo, lè L t ap kreye a* » (Jenèz 2.3 - HCV¹)

Kilès ki kapab imajine kijan [pwosesis] kreyasyon an te dewoule? Kilès ki kapab di kijan limyè kreye pou vin klere nan fènwa a, oseyan (lanmè) ki plen bèt ak plant, zwazo ki annik rete yo vole, kreyasyon Adan ak Èv? Nou pa konn anyen menm menm sou kijan sa te rive fèt.

Lè Bondye fin kreye latè ak tout sa k ladan, Bondye konsantre l sou lòt bagay. Si n annik fè yon kout je konsa konsa, nou p ap wè sa bèl tankòu lè labalèn ap vole nan lanmè osnon bèl zwazo ki gen plim divès koulè. Bondye senpman kreye yon jou, setyèm jou a, e L fè l espesyal. Anvan menm limanite kòmanse kouri monte desann, li mete yon limit, pou n kapab sonje kreyasyon an. Li te vle pou jou sa a kapab yon okazyon pou n pran yon poz, e pou n pwofite viv : yon jou pou ki nou, men, pa pou n fè [travay], yon jou pou n selebre kado Bondye ba n yo tankòu zèb, lè* a, bèt, dlo, moun parèy nou, e sitou, yon jou pou n selebre Kreyatè a ti te fè tout bagay yo bon.

Envitasyon sa a pou n selebre Bondye ak lavi te dwe kontinye apre yo premye koup (mari ak madanm) la te kite Edenn. Bondye te vlèseten envitasyon sa toujou la, menmsi ta gen van ak tanpet. Poutèt sa a, Li chwazi mete l nan tan an.

Semèn sa a, n ap etidye bèl kreyasyon Bondye a pou n kapab antre nan yon repo ki kòrèk, chak semèn.

Etidye leson semenn sa a pou saba 28 dawou.

Yon preparasyon pou repo

Bondye te la depi nan kòmansman. Senyè a, Bondye, te pale, e lavi parèt. Limyè a separe la-jounen ak lannwit. Dezyèm jou a, Li kreye tout anlè a (firmaman), syèl la ak lanmè yo. Twa-zyèm jou a L kreye tan an ak espas la, epi Li ranpli yo nan twa jou ki vin apre yo. Kontrèman ak istwa pifo kilti ansyen yo, istwa bibliik kreyasyon an montre ak lè solèy la, lalin nan osnon zetwal yo, se pa dye yo ye. Se jis sou katriyèm jou a yo parèt, granmesi pawòl Kreyatè a.

Moyiz dekri senkyèm ak sizyèm jou a (*gad Jenèz 1.20-31*), li montre lavi ak bèlte. Zwazo yo, pwason yo, zannimo ki sou tè a... yo tout ranpli espas (kote) Bondye te prepare a.

► **Kijan Bondye te kalkile kreyasyon an ? Jenèz 1.1-31.**

Bondye pa t annik kreye yon kote konsa konsa, men, yon kote pafè. Kreyati ki gen lavi nan yo ranpli tè a. Tankòu L t ap kadanse kreyasyon an, chak lè jounen an pral fini, Bondye repete tout bagay te « bon ».

► **Nan kisa kreyasyon lòm diferan de kreyasyon rès mond lan ? Li Jenèz 1.26, 27 ak 2.7, 21-24.**

Bondye akwoupi, li kòmanse travay labou. Bondye kreye lòm sanble ak Li, sa se yon leson sou jan Bondye atache ak nou e sou fason L pwòch nou. Li panche, epi L soufle lavi nan nen Adan, epi la menm, nou gen yon moun vivan. Paske Bondye kreye Èv yon fason ki trè spesyal – apati zo kot Adan – sa ajoute yon lòt eleman enpòtan nan semèn Kreyasyon an. Maryaj fè pati plan Bondye pou limanite, e l se yon alyans ki chita sou konfyans ant ‘*ich*’ ak ‘*icha*’, gason ak fanm.

Fwa sa a, Bondye ki wè tout sa L fè sizyèm jou a, Li konstate yon bagay diferan : « Lè sa a, Bondye wè tout sa L fè yo : *se te trè bon* » (*Jenèz 1.31, se nou ki mete l an italik*).

► **Panse ak gwo diferans ki genyen ant istwa Kreyasyon an dapre Bib la ak lòt istwa Kreyasyon an ki pa chita sou Pawòl Bondye a. Kisa sa aprann nou sou nesite pou n depann de Pawòl Bondye pou n konprann verite a ?**

Lòd pou w repoze a

Kreyasyon an te petèt « trè bon », men, li potko fini. Se saba a – jou repo ak benediksyon an – ki vin fini (klotire) l. “Bondye beni setyèm jou a e L fè l tounen yon jou sakre pou Li, paske nan jou sa a Bondye repoze apre tout travay Li fin fè yo, lè L t ap kreye a” – (*Jenèz 2.3*).

Saba a nan kreyasyon an. Se li menm ki dènye bout kreyasyon an. Bondye kreye repo a e L defini yon tan ekzat pou limanite (pou epòk la, se Adan ak Ev ki fòm limanite) kapab kanpe sou aktivite l konn ap fè chak jou e pou l repoze kote Kreyatè l la.

Malerezman, peche a antre nan mond sa a e tout bagay chanje. Kounye a l vin pa t posib ankò pou yo kominike dirèkteman ak Bondye. Olye sa, vin gen doule nan akouchman, relasyon fanmi vin tèt anba, travay vin di, elatriye. Nou konn byen tout malè k ap plede repete nan mond pèdi nou an. Poutan, nan mitan tout bagay sa yo, saba Bondye a ap rete. Se yon senbòl kreyasyon an k ap toujou la. Si lòm te bezwen repo saba a anvan peche, lè l fin peche a li bezwen l plis.

Divès lane te pase, lè Bondye fin libere israyelit yo ki te esklav nan peyi Ejipt, Li retounen raple yo jou sa se yon jou spesyal.

► Li Egzòd 20.8-11. Kisa pasaj sa a aprann nou sou enpòtans saba a an rapò ak kreyasyon an ?

Atrave kòmandman sa a, Bondye rele n pou n sonje kote n soti. Kontrèman a sa anpil moun kwè, nou pa rezilta aza (se pa zèklè/loraj ki kale n), gwo fred, ki san sans e ki pa gen vizyon. Men, nou se moun ki fèt sanble ak Bondye, Li kreye n pou n viv yon relasyon sere sere ak Li. Se vre yo te trete israyelit yo tankou esklav ki san valè. Chak saba, yo te jwenn yon apèl spesyal pou yo te raple yo kilès yo ye, moun ki kreye sanble ak Bondye menm.

« Saba a, kòm moniman kreyasyon an, se yon prèv lanmou ak puisans Kris la » – Ellen G. White, *Jésus-Christ*, Doral, Floride, éditions IADPA, chap. 29, p. 242.

► Reflech sou enpòtans doktrin kreyasyon pandan sis (6) jou a. Bon, poukisa saba a tèlman enpòtan pou jis Bondye mande n konsakre yon setyèm nan lavi n, chak semèn, yonn deye lòt, pou nou sonje evènman sa a ? Kisa sa a dwe aprann nou sou gwo enpòtans pou n sonje ki kote n soti a, jan sa ekri nan liv Jenèz la ?

Sikonstans tou nèf

Aprè karant (40) lane monte desann nan dezè a, yon jenerasyon tou nèf vin fèt, jenerasyon sa pa t twò viv sa k te pase nan peyi Ejip la. Israyelit epòk sa a, pa t viv ditou menm bagay ak zansèt yo. Lakoz yo te temwen zansèt yo ki t ap plede pedi lafwa, sa fè yo te pèdi nan dezè a tou, alòs jenerasyon ki soti an Ejip la te sanse mouri.

Israyelit yo te gen privilèj pou yo wè tabènak la nan mitan kote yo te rete a. Yo te kapab wè lafimen an ki montre Bondye kouche sou tèt tabènak la. Lè lafimen an ap deplase, yo konnen lè a te rive pou yo te pran bagay yo pou yo deplase tou. Lafimen sa te tounen lonbray pou yo lajounen, e ki te limyè ak chalè pou yo lannwit se te yon fason pou Bondye raple yo tanzantan Li renmen yo e L ap fè yo byen.

Ki rapèl pèsònèl ki nan repo saba a yo t ap pwofite la ? Li Egzòd 16.14-31.

Kontrèman ak yon lide ki popilè, vèsè sa yo montre n saba setyèm jou a te la anvan Bondye te bay lwa a Sinay.

Kisa k te pase ?

Manje spesyal Bondye te bay pèp la te la pou raple chak jou Kreyatè a prezan nan kreyasyon L lan. Tout moun te kapab wè sa a, Senyè a te satisfè bezwen israyelit yo. Chak jou se te yon mirak granmesi manje ki parèt epi ki disparèt lè solèy la prale. Chak fwa yon moun eseye sere manje pou demen, manje a si epi l fè vè. Poutan, chak vandredi israyelit yo te kapab pran de fwa lavalè, rès ki te rete pou yo te manje demen an te rete fre, se yon mirak.

Bondye te tabli sèvis tabènak la nan mitan pèp ki te konnen tout lwa ak tout règ ki nan liv Levitik ak Resansman an. Poutan, Moyiz ki vin granmoun, konvoke tout pèp la e l raple yo istwa yo, ansanm ak lwa Bondye te ba l yo (gad Detewonòm 5.6-22).

Finalman, jenerasyon tou nèf sa a te pare pou antre sou Tè pwomès la. Te gen nouvo dirijan ki t ap vin gide Israyèl, e Moyiz, ki fin granmoun, te vle sèten jenerasyon sa a ap sonje kilès li ye ak ki misyon l genyen. Li pa t vle israyelit yo refè menm erè ak paran yo. Kidonk, li retounen ba yo lwa Bondye a. Li raple jenerasyon sa a ki te pou anvayi Kanahan an dis kòmandman yo, yo pa t dwe bliye yo.

Depi yon moun mouri, se kòm si Jezi retounen pou moun sa a. Se sa k fè retou L la toujou tou pre n, petèt, pi pre pase jan n ta imajine. Kijan respè saba a raple n, nonsèlman sa Bondye fè pou nou an, men tou, sa L ap fè pou nou lè L retounen an ?

Yon lòt rezon pou w repoze

Pèp Israyèl la te enstale nan pati lès bò rivyè Jouden an. Li te pran tè wa Bazan an ak de (2) wa amoreyen. Yon lòt fwa ankò, nan moman enpòtan sa a, Moyiz reyini israyelit yo e l raple yo alyans li te konkli sou Sinay la se pa t sèlman pou paran yo, men, pou yo menm tou. Li te ensiste sou dis kòmandman yo, toujou pou byen yo.

Konpare Egzòd 20.8-11 ak Detewonòm 5.12-15. Kijan fason Bondye bay kòmandman saba a diferan la ?

Nan Egzòd 20.8, kòmandman saba a kòmanse ak mo « sonje ». Alòs, tèks Detewonòm 5.12 la kòmanse ak vèb « obsève ». Vèb « selebre » a vini apre nan kòmandman an (gad Detewonòm 5.15). Nan vèsè sa a, Bondye mande israyelit pou yo sonje yo te esklav. Menmsi jenerasyon sa a pa t nan esklavaj, israyelit yo t ap toujou esklav si Bondye pa t fè yon mirak pou L sove yo. Kòmandman saba a te dwe raple yo Bondye ki t ap aji nan istwa kreyasyon an t ap aji tou nan delivrans yo : « W a sonje w te esklav nan peyi Ejip, e Senyè a, Bondye w la, ki te fè w soti ak fòs ponyèt Li, se men L Li te lonje » (Detewonòm 5.15).

Verite sa a te mache ak sitiyasyon israyelit yo ki te twouve yo pou yon dezyèm fwa sou fwontyè Tè pwomès la, anviwon karant (40) lane apre gwo echèk premye jenerasyon an. Yo menm tou, menm jan ak zansèt yo ki t ap kouri pou Ejip, yo pa t kapab anvayi tè sa a. Yo te bezwen Bondye sa a ki t ap aji ak « fòs ponyèt » Li e ak « men lonje ».

Saba a ta pral pran yon lòt dimansyon. Paske Bondye te idantifye l kòm Bondye liberasyon an, yon lòt fwa ankò pèp Israyèl la te jwenn envitasyon pou obsève jou saba a (gad Detewonòm 5.15).

Se sèten, kòmandman saba a nan tèks Detewonòm 5 lan te mawonnen ak kreyasyon an tou, menmsi sans lan diferan tou piti. Nan yon sans, liberasyon pèp Israyèl la nan peyi Ejip se te kòmansman yon kreyasyon tou nèf, ki sanble ak kreyasyon nan Jenèz la. Kòm pèp ki libere, Israyèl se te kreyasyon tou nèf Bondye a (*gad tou, ekzanp, Ezayi 43*).

E paske yo konsidere soti an Ejip la tankou yon senbòl liberasyon anba peche – kidonk yon senbòl sove a – nou kapab jwenn nan li yon senbòl kreyasyon ak sove an menm tan. Se konsa, byen klè, saba a mennen n jwenn Jezi, Kreyatè n ak Redanmtè n.

Li Jan 1.1-13. Kisa vèsè sa yo aprann nou sou Jezi, Kreyatè ak Redanmtè n ?

Obsève saba a

Bondye mande pèp Li a pou l respekte jou saba a. Mete sou sa a pou l pa touye e pa vòlò, menmsi Bib la pa ba n detay sou fason ekzat pou n obsève l, Li mande n pou n sonje l.

► **Ki atmosfè/anbyans nou ta dwe kreye jou saba a ? Gad Sòm 92 ak Ezayi 58.13**

Paske selebre saba a vle di selebre kreyasyon an ak sove a, anbyans spesyal jou sa a dwe yon anbyans jwa ak bonè nan Senyè a, e se pa yon anbyans tristes. Alò, premye saba a se te dènye bagay nan kreyasyon an, nou ta dwe sonje jou saba a pandan tout semèn nan pou n kapab òganize n davans, yon fason pou n sispann travay nou t ap fè pandan semèn nan pou n fè jou sa yon « jou sakre » lè l kòmanse. Prepare n davans pandan semèn nan e sitou jou preparasyon an (gad Mak 15.42), ki se vandredi, sa nesèsè, e sa pèmèt nou tann jou spesyal sa a nan lajwa.

► **Ki aspè enpòtan selebrasyon saba a tèks Levitik 19.3 a peze sou li la ?**

Obsève saba a vle di tou vin pi pwòch fanmi n ak zanmi n yo. Bondye swete n fè yon poz sou fason n ap sèvi ak tan n, pou n kapab konsakre tan pou fanmi n. Poz sa konsène tou moun k ap travay ak nou ak bèt ki nan fanmi an (Gade Egzòd 20:8-11. Saba ak fanmi mache ansam.

Kidonk, repo ak tan nou pase an fanmi se prensip ki enpòtan. Men, respekte saba vle di tou patisipe ak lòt moun nan yon sèvis adorasyon ki santre sou Bondye ak bèl fanmi legliz la reprezante. Jezi te konn gen bon jan patisipasyon nan sèvis adorasyon yo pandan l te sou tè a (gad Levitik 23.3 ; Lik 4.16 ; Ebre 10.25).

Nou tout nou gen yon lavi ki ajite e n toujou prese, men, nan nou menm sou toujou swete ak tout kè n pou n jwenn vrè repo saba a, nan yon kominyon sensè ak Kreyatè n nan. Lè n sonje kanpe sou tout aktivite n yo pou n pase tan ak Bondye, e pou n ranfòse relasyon n yo, nou byen viv jou repo a, nan tout sans li.

► **Kisa w viv jou saba a ? Dapre ou, ki benediksyon ki kapab genyen nan respekte jou saba a ? Kisa w kapab fè pou w kapab pi byen viv moman sa Bondye rezève a ?**

Apwofondisman

« Bondye bay lòm yon moniman [ki soti nan] puisans Li ki kapab kreye, yon fason pou yo kapab byen wè lè L ap ajì. Saba a envite n kontanple glwa Bondye nan kreyasyon L lan. [...] Pandan moman sakre jou repo a, nou ta dwe spesyalman medite mesaj Bondye yo ki ekri pou nou nan liv lanati a. [...] Lè n al nan lanati, prezans Kris la vin pi reyèl ; Li pale n de lapè ak lanmou L » – Ellen G. White, *Les Paraboles de Jésus*, « Du naturel au spirituel », p. 17.

« Yonn nan rezon enpòtan ki fè Senyè a te delivre Israyèl nan esklavaj an Ejipt se te obsèvasyon saba L la ki sen. [...] Moyiz ak Ahawon te raple byen klè sa Bondye te di sou jan saba a sen, paske Farawon an di yo : ‘Gade. Nou wè jan pèp sa a vin pi plis pase moun peyi a. Koulye a atò, nou ta vle pou yo kite travay yo (Egzòd 5.5) ?’ Sa sanble montre Moyiz ak Ahawon te kòmanse [fè] yon refòm an Ejipt konsènan saba a. Obsèvasyon saba a pa t dwe yon komemorasyon esklavaj an Ejipt la. Men, obsèvasyon saba a, pou sonje kreyasyon an, te dwe yon bon souvni delivrans anba maspinay relijye an Ejipt ki te fè li difisil pou yo te respekte saba a. Menm jan an tou, delivrans anba esklavaj la te dwe pèmèt Israyèl toujou byen konsidere pòv yo, sila y ap maltrete yo, ofèlen yo ak fanm ki pèdi yo » – Ellen G. White, *From Eternity Past*, Appendice, p. 549.

MEDITASYON

1. Divès kretyen, gen advantis tou, konsidere tewori evolisyon teyis la (yon lide ki vle fè kwè se tanzantan Bondye fè yon ti bagay Li suiv kijan sa ye, epi L kite l transfome pandan plizyè lane, jistan L resi kreye tout bagay apre yon pakèt ak yon bann pil lane) kòm kwa se sèl eksplikasyon ki genyen pou Kreyasyon an. Nan kisa saba a montre evolisyon teyis la pa mache ak kwyayans Legliz advantis? Sou kisa obsèvasyon setyèm jou a chita si se divès milya lane l t ap komemore/raple, sitou lè n konnen Pawòl Bondye a klè konsènan saba a, apre sis premye jou kreyasyon an?

2. Kisa w t ap reponn yon moun ki di w komemorasyon/selebrasyon an pa gen enpòtan depi n annik respekte yon jou repo chak semèn ? Yon lòt bo, kisa w t ap reponn yon moun ki di w se Jezi ki se repo saba n nan, poutèt sa l pa nesesè pou n obseve yon jou repo, kèlkanswa jou a ?

3. Nan ki nivo obsèvasyon saba a kapab yon rapèl konsènan liberasyon? Kijan n kapab evite fè saba a tounen yon jou ki chaje ak pinga (restriksyon), epi yon bagay ki chita sou lalwa sèlman?

4. Kèk moun fè konnen obsèvasyon saba a se yon aksyon ki la pou w ede w twouve wout syèl la. Sa w panse ?

REPO SABA A

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Jenèz 1.26, 27 ; Jenèz 9.6 ; 2 Pyè 2.19 ; Women 6.1-7 ; Egzòd 19.6 ; Jan 5.7-16.

Pasaj pou n memorize a :

« *N ap travay pandan sis jou ; men, setyèm jou a, se ap saba, repo saba, konvokasyon sakre. Nou p ap fè okènn travay : se yon saba pou Senyè a, nan tout kote n va ye* »
(Levitik 23.3 – HCV)

Nou souvan tande agiman kont obsèvasyon saba setyèm jou a. Kèk moun deklare se Jezi menm ki chanje saba a an dimanch osnon L aboli saba a. Gen lòt ki deklare Pòl aboli l osnon lòt apot yo mete dimanch lan nan plas li poutèt Jezi te resisite jou dimanch, elatriye. Nan jou sa yo, yo vin ak lòt agiman ki pi klè. Pafwa yo menm di Jezi se repo saba nou an, kidonk, nou pa bezwen obsève jou sa a spesyalman osnon nenpòt ki lòt jou se jou sen. Genyen menm ki deklare lè n repoze setyèm jou a n ap chache sove atravè aksyon n ap poze.

Yon lòt kote, gen kretyen ki vin plis pa enterese ak koze repo a, ak koze yon jou repo a, menmsi y ap di jou repo a se dimanch osnon sa pa gen enpòtans, yo aksepte sa Bib la di sou repo a e yo konprann poukisa l gen valè konsa.

Se sèten, kòm advantis setyèm jou a, nou kwè lwa moral Bondye a p ap chanje e n konnen respè katriyèm kòmandman an se pa yon aksyon ki pèmèt nou sove, menm jan sa ye pou respè premye, senkyèm, sizyèm osnon nenpòt lòt kòmandman an.

Semèn sa a, n ap etidye an detay repo Bondye ofri n nan nan kad kòmandman saba a ak rezon ki fèl enpòtan an.

**Etidye lesou sa a pou saba 4 septanm.*

Saba a ak kreyasyon an

Nan dis kòmandman yo, se sèl katriyèm nan ki kòmanse ak vèb « sonje ». Alò, nou pa li : « Sonje pou n pa volè », osnon « Sonje pou n pa gen gwo lide ». Sèl katriyèm nan itilize vèb sa a : « Sonje saba a ».

Mo sonje a gen rapò ak listwa. Li ta vle di yon bagay ki te rive nou dwe sonje. Lè n sonje, nou retounen nan pase a, e n sonje saba a pou n fè l yon jou sakre, sa pèmèt nou trase yon liy dwat ki fè n retounen nan semèn kreyasyon an.

Li Jenèz 1.26, 27 ak Jenèz 9.6. Kisa sa yo aprann nou sou sa ki fè n spesyal kòm moun e ki fèn diferan de rès kreyasyon Bondye a sou latè ? Poukisa l enpòtan pou n konprann dimansyon sa a ?

Lè n sonje kreyasyon an, nou sonje Bondye kreye n sanble ak Li, yo pa di rès bagay nan kreyasyon an sanble ak Bondye. Kòm moun, se nòmal pou n diferan de tout lòt kreyati sou tè a, kèlkanswa pati ADN nou pataje ak kèk zannimo. E, kontrèman ak yon lide popilè, nou pa pitit pitit makak ki evolye. Kòm moun ki fèt sanble ak Bondye, nou apa nan tout sa Bondye kreye nan mond sa a.

Kijan istwa kreyasyon an raple n lyen n ak kreyasyon an ? Li Jenèz 2.15, 19.

Lè n konsyan se Bondye ki kreye mond lan, sa raple n responsablite n anvè kreyasyon an. Nou dwe « domine » kreyasyon an. Domine pa vle di eksplwate. Bondye rele n pou n byen jere kreyasyon L lan e konsidere lè [tout] lanati reyaji, menm jan Bondye t ap fè.

Se vre, peche a blaze kreyasyon an, epi l gache yon pakèt bagay, men, tè sa a toujou kreyasyon Bondye, e pa gen anyen ki ba n dwa pou n eksplwate l, sitou si se nan dezavantaj lòt moun, e souvan se sa k fèt.

Saba a se moniman kreyasyon an ak Kreyatè a. Men, kijan sèlebrasyon saba a kapab ede n konprann pi byen nan ki nivo sa enpòtan pou n byen jere lanati ak sa k ladan ?

Selebre libète

Kòm nou te wè sa a, saba pa raple kreyasyon an senpman. Lè Moyiz rebay dis kòmandman yo, li raple karant (40) lane pèp la te pase nan dezè a. Fwa sa a, fraz la ki presize poukisa Bondye mande n obsève saba a pa konsène kreyasyon an, men, liberasyon anba esklavaj an Ejip (*gad Detewonòm 5.12-15*).

E, menmsi n pa esklav an Ejip jodi a, nou tout kapab esklav yon bagay, yon moun, yon esklavaj ki konn rèd menm sa te ye an Ejip la.

► **Ki lòt fom esklavaj n ap viv jounen jodi a ? Li Jenèz 4.7 ; Ebre 21.1 ak 2 Pye 2.19**

Saba a se sèlebrasyon liberasyon anba tout sa ki kenbe n nan esklavaj ? Li raple n nou libere anba peche, se pa granmesi pwòp efò n, men, se granmesi puisans Bondye ofri nou atravè lafwa. Fòk nou sonje tou se pa goumen n goumen pou libète sa a. Premye-ne (premye pitit gason) Israyèl yo te sove granmesi san mouton an ki te sou planch (bwa) ki sou tèt pòt yo, jou swa anvan pèp la te kite Ejip la (*gad Egzòd 12*). Nou menm tou san Mouton an sove n e kounye a Bondye rele n pou n byen jwi libète n nan Jezi.

► **Li Women 6.1-7. Kisa Pòl di konsènan sa n jwenn nan jou saba a ?**

Nan Detewonòm 5.15 nou li : « W a sonje w te esklav an Ejip e Senyè a, Bondye w la, fè w soti ak fòs ponyèt Li, Li lonje men L : se pou rezon sa a Li ba w lòd pou w obsève jou saba a ». Pasaj sa a montre aklè se puisans ak aksyon Bondye an favè pèp la ki pèmèt li sove. Nou menm kòm kretyen, nou gen plis rezon pou n pran konsyans se puisans ak aksyon Kris la an favè n ki sove n anba peche.

Dapre kòmandman sa a, nou jwenn envitasyon pou n jwi repo granmesi sove Kris la ofri n ak fòs ponyèt Li a. Nou libere anba tantativ pou n fè tèt nou jistis nou menm, si n sonje Bondye se Kreyatè n, si n sonje n kapab fè L konfyans pou L rekreye n epi libere n anba esklavaj peche, kounye a menm. Annik kite L aji nan nou.

► **Ki eksperyans ou fè nan esklav peche ? Kijan n kapab pran pwomès Bondye yo pou nou, pwomès libète anba esklavaj nou jwenn nan Jezi a ?**

Etranje a ki lakay ou

► **Li Egzòd 19.6. Kisa tèks sa a di n sou sa pèp Israyèl Ansyen Testaman an te dwe ye ? (gad tou 1 Pyè 2.9)**

Pèp Israyèl la te jwenn apèl pou soti an Ejipt pou l te kapab pèp alyans Bondye a, si nasyon sa a te rete fidèl, granmesi li menm, tout mond lan t ap konnen Levanjil la. Pa gen okenn dout sou sa a, Bondye te konsidere pèp sa a anpil, li te benefisye privilèj espesyal, e l te gen gwo responsablite tou.

► **Li Egzòd 23.12. Kisa k pase la ? Kisa tèks sa a aprann nou sou fason Bondye konsidere sila yo ki pa t fè pati pèp Israyèl la ?**

Anpil moun pa konprann saba a inivèsèl. Saba a pa t fèt senpman pou juif. De (2) premye chapit Jenèz yo klè sou sijè sa a. Bon, se Bondye ki kreye tout pèp yo. Konsa, tout pep yo te dwe sonje jou saba a.

Se vre, li enpòtan pou n toujou sonje kisa saba a reprezante pou nou, men, nou pa dwe bliye kisa l di nou sou moun parèy nou. Anvi n pou antre nan repo saba a e viv yon relasyon sere ak Kreyatè e Redanmtè nou an, nan yon sans, tou natirèlman sa pouse n wè pwochen n yo yon lòt jan, nou vin wè se menm Bondye ki kreye nou an, ki renmen nou an, e ki mouri pou nou an, se menm Bondye sa tou ki kreye yo, ki renmen yo e ki mouri pou yo. Jan n te wè l la (gad Egzòd 20.10 ; Detewonòm 5.14), sèvitè yo, etranje yo, menm bèt yo dwe benefisye yon repo saba tou.

Paske menm etranje ki t ap viv nan mitan pep Israyèl la – sa vle di sila yo ki pa t (potko) patisipe nan pwomès alyans Bondye te bay Israyèl la yo – te dwe pwofite repo saba a, sa vle di anpil bagay. Moun, e menm zannimo, pèsonn pa t dwe janm eksplwate yo, maltrete yo osnon konsidere yo mal. Chak semèn, menm jan ak pèp Ebre (Israyèl) a nan epòk Ansyen Testaman an, nou te dwe sonje tout sa n genyen e moun parèy nou genyen tou. E menmsi n gen benediksyon ak privilej lòt moun pa genyen, nou jwenn envitasyon pou n sonje n fè pati menm ras la, nou se yon sèl fanmi, kidonk nou dwe trete yonn lòt ak respè e ak diyite.

► **Kijan fason n obsève saba a kapab yon benediksyon pou sila yo ki pa respekte l la ? An n di, nan ki sans saba a kapab yon okazyon pou n temwànye lanmou Bondye ?**

Rann sèvis, yon fason pou onore Bondye

Nan epòk Nouvo Testaman an, chèf relijye yo te fè saba a tounen yon veritab atizay. Yo mete yon pakèt pinga (restriksyon) pou ede chak moun obsève saba a.

Yo entèdi moun yo pou mare osnon demare kèlkanswa bagay la, yo pa t ka demawonen yon fil, etenn yon dife, deplase yon bagay pou y al mete yon lòt kote si kote a pa twò lwen kote tout moun ap pase.

► Ki akizasyon yo lage sou Jezi nan Jan 5.7-16 ?

Dirijan yo nève paskè nèg ki geri a t ap pote kabann li an piblik jou saba a, yo pa wè mirak mèveye Jezi fè a pou L delivre nèg sa a anba maladi l la. Olye yo we kijan Senyè a – « Mèt saba a » (Mak 2.28) – t ap viv jou spesyal sa a, chèf relijye yo, sèl bagay yo te bezwen fè se pwoteje règ yo ak tradisyon yo. Menm jan an, nou jwenn envitasyon pou n pa fè menm erè sa yo, nan fason pa n ak nan kontèks n ap viv la.

► Kisa tèks Ezayi 58.2, 3 a di sou fason Bondye te planifye obsèvasyon saba a ?

Bondye pa vle yon kil/adorasyon vid osnon yon silans ki sensè. Li vle pou pitit Li yo ede lòt moun, sitou moun y ap maltrete yo ak sila yo mete sou kote yo.

Ezayi di sa klè nan Ezayi 58.13, 14 : « Si nou veye kò nou pou nou respekte jou repo a, pou nou pa regle pwòp zafè n nan jou ki apa pou Mwen an, si se yon plezi pou nou lè jou repo a rive, si nou respekte jou ki apa pou Mwen menm, Seyè a, pou jou sa a nou pa nan fè sa ki nan lide nou, nou pa nan vwayaje, nou pa nan fè travay, ni nou pa nan pa di ak fè vye koze, lè sa a, n a jwenn plezi nan fè sèvis pou mwen. M a fè tout moun sou latè pote nou anlè, n a jwi lavi nan peyi mwen te bay Jakòb, zansèt nou an. Se Mwen menm, Seyè a, ki di sa ! »

« Regle pwòp zafè nou » fèdi pase saba a anba pye. Okipe zafè lòm pa fè pati rèv/ideyal Bondye pou saba a. Nou jwenn envitasyon pou n okipe n de moun ki nan difikilte, ki pa gen libète, ki grangou, ki toutouni, k ap mache nan fènwa, ak moun tout moun sanble bliye yo. Plis pase lòt jou nan semèn nan, saba se okazyon pou n renonse a pwojè pa n, pou n panse a lòt yo e a bezwen yo, olye n plis panse a tèt nou e a bezwen n yo.

Yon siy ki montre n se pou Bondye

Pandan Dezyèm Gè mondyal la, Angletè konnen lame Almay la t ap anvayi l. Otorite yo t ap prepare yo pou yo defann peyi yo jan yo kapab. Yo enstale defans (fòtifikasyon) anplis sou plaj yo. Sou wout yo yo te mete yon seri bon barikad kèk kote kle (stratejik) pou anpeche lame lennmi an reyalize objektif yo. Mete sou sa, otorite anglè yo decide fè yon bagay dwòl : pou yo kapab ralanti lennmi an epi fè yo pedi, yo retire tout pankat/pano ki montre wout yo. Tout pano endikasyon ki te nan mi yo e yo pa t kapab retire, yo mete beton sou yo.

Siy yo gen yon sans. Yo la kòm makè, kòm gid. Avan te gen GPS (yon sistèm ki pèmèt ou idantiye kote w ye a – apati yon aparèy – depi w jwenn siyal) nou te gen kat, e n te toujou konsidere tout siy yo.

► **Siy kisa saba a ye ? Li Egzòd 31.13, 16, 17. Nou menm ki kwè lwa Bondye a ap toujou la, apati jodi a, ki fason n kapab pratike sa tèks la di la a ?**

Menmsi pawòl yo se dirèkteman pèp Israyèl Bondye te di yo, nan epòk Ansyen Testaman an, nou menm ki se pou Kris, ki se « ras Abraham, eritye dapre pwomès la » (*Galat 3.29*), jis jounen jodi a saba a se toujou yon siy ant Bondye ak pèp Li a. Chapit 31 an nan liv Egzòd la montre saba a se yon siy alyans Bondye a k ap toujou la (*gad Egzòd 31.16, 17*). Siy sa a ede n pi byen « konnen » Kreyatè nou an, Sovè nou an ki sanntifye n. Nou kapab konpare saba a ak yon drapo yo monte chak sèt (7) jou, nan lide pou rafrechi memwa n, paske nou tout gen tandans bliye.

Alò, saba Bondye a raple n tanzantan kote n soti a, liberasyon n, lavni n ak responsablite n anvè moun yo met sou kote yo ak sila y ap maspinen yo. Li tèlman enpòtan nou pa gen anyen pou n fè pou saba a egziste. Li vini chak semèn, san eksepsyon, pou raple n kilès nou ye, kilès ki kreye n, kisa Bondye fè pou nou e kisa L pral fè pou nou finalman, lè L va kreye yon syèl ak yon tè tou nèf.

Bondye nou an, ki sen, envite tout moun ki aksepte alyans Li a, pou yo MEDITÈ sou saba a ki pèmèt nou konprann pi byen sa k vrèman enpòtan an : relasyon ant Kreyatè e Redanmtè a ak kreyati L yo ki pèdi pou L kapab sove yo. Chak semèn, nou jwenn envitasyon pou n antre nan repo n jwenn nan Jezi a, ki se « fondatè lafwa e ki akonpli lafwa » (*Ebre 12.2*).

► **Kijan w kapab viv yon relasyon pi sere ak Bondye jou saba a ?**

Apwofondisman

« Fòk nou sonje saba a pandan tout semèn nan pou n kapab obsève l dapre kòmandman an. Lè jou a rive, an n pa repoze n sèlman tankou se sa k te lwa a » – Ellen G. White, *Témoignages pour l'Eglise*, vol. 3, chap. 2, p. 20.

« Tout syèl la obsève saba a ; men, se pa nan chita p ap fè anyen osnon nan fè manfouben. Nan jou sa a, nanm nan dwe reklame tout enèji l yo. Eskè n p ap prepare n pou n rankontre Bondye e Kris la, Sove n ? Kontanpfle Senyè a atravè lafwa ; Li mande n sèlman pou n met lavi nan pitit Li yo e pou n beni yo » – *Menm otè a*, p. 29.

« Nan jou saba a, n ap tann plis bagay nan men Bondye pase lòt jou yo. Alò, pèp Bondye a kanpe sou travay yo abitye fè pou yo medite epi adore. Li mande Bondye pi gwo favè nan jou sa a pase lòt jou yo. Li reklame yon atansyon spesyal. Li reklame pi bèl benediksyon yo. E Bondye pa tann saba a pase pou L fè yo favè sa yo. Syèl la pa kanpe travay, e lòm pa ta dwe janm sispann fè byen. Objektif saba se pa pou l yon moman w san aktivite ki pa itil. Pandan jou repo a Senyè a entèdi tout travay nou abitye pou n fè kòb osnon pou n fè tèt nou plezi. Men, menm jan Bondye sispann kreye a, Li repoze [jou] saba a epi L beni l, lòm dwe renonse a tout okipasyon l yo pou konsakre tan sakre sa a pou l jwi repo ki sove a, pou l adore epi ede moun. Lè Kris la geri malad yo, Li te an amoni ak lalwa. Li t ap onore saba a » – Ellen G. White, *Jésus-Christ*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2018, chap. 21, p. 171.

MEDITASYON

- 1. Kounye a pwoteksyon anviwònman an se yon sijè politik, anpil moun pa sispann diskite sou li nan divès peyi. Kòm advantis, kijan n kapab byen jere lanati, san n pa angaje n nan okenn pwogram politik ?**
- 2. Sèvi, se nan lespri w sa ye dabò. Kijan n kapab ankouraje moun ki bò kote n yo (fanmi n, legliz nou ak moun n ap frekante yo) pou yo fè plan pou ede lòt moun ? Èskè saba a se yon mwayen pou n rive fè sa ?**
- 3. Chak saba raple tout limanite se Bondye ki te kreye l. Jou sa a, n jwenn envitasyon pou n wè sila ki antoure n yo jan Bondye wè yo a. Kijan saba a kapab ede n sonje : diferans koulè po, ran sosyal, sèks/janr, bagay sa yo san enpòtans paske se Bondye ki kreye n sanble ak Li e Li renmen nou tout ?**

ANVI PLIS

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

1 Korentyen 10.1-11 ; Levitik 4.32-35 ; Jan 1.29 ; Ebre 4.1-11 ; Sòm 95.8-11

Pasaj pou n memorize a :

« *Tout bagay sa yo rive pou sa sèvi nou leson pou nou pa kite move lanvi kaye nan kè nou tankou yo te genyen l lan* » (Jeremi 31.31, HCV)

Nan mize Queens, New-York, Etazini, se la w ap jwenn pi gwo fanal ki (makèt*) nan mond lan ki reprezante vil New-York, li gen tout konstwiksyon vil la. Sou yon echèl 1/1200, l ap fè anviwon yon teren 30 santyèm. Se yon ekip anviwon san (100) atizan ki te fini fanal sa a an 1964, yo te travay pandan plis pase twa (3) lane pou yo te kapab fini pwojè sa a.

Men, finalman, sa pa anyen lòt bagay : se yon kopi, yon reprezantasyon yon bagay ki pi gran, ki pi laj, pi wo e pi konplike pase fanal la.

Se menm bagay la pou tout reprezantasyon : yo se senbòl yon bagay ki orijinal. Yon reprezantasyon ki kapab ede n konprann nannan (esans) bagay ki orijinal la, men, li p ap janm kapab ranplase l. Olye sa a, li la pou ede n konprann pi byen kisa k orijinal la.

Nou jwenn nan Ekriti yo divès reprezantasyon aktivite ak enstitisyon ki fè n wè reyalite ki pi enpòtan nan sa ki konsène Bondye. Chapit 4 liv Ebre a ede n dekouvri yonn nan reyalite sa yo ki gen rapò ak kesyon repo bibliik la.

*Etidye leson semèn sa a pou saba 11 septanm.

Batèm Moyiz la

► **Li 1 Korentyen 10.1-11. Kisa Pòl te vle di moun ki t ap li lèt li a nan Korent lè l pale de ekzanp lan ?**

Nan pifò vèsyon Bib, mo grèk *typos* ki nan 1 Korentyen 10.6 la (yo anplwaye yon lòt fòm konsa tou nan 1 Korentyen 10.11) yo tradui l ak mo « ekzanp ». An fransè, mo « *tip* » la soti nan lang grèk. Yon tip (osnon ekzanp) pa janm orijinal la, men, se yon senbòl osnon yon reprezantasyon sa k orijinal la. Se reprezantasyon yon lòt bagay.

Tèks Ebre 8.5 lan ofri yon bon ekzanp tip reprezantasyon sa a : « Nan sèvis prèt sa yo ap fè nan tanp ki sou latè a, se kopye y ap kopye sou sa k ap fèt nan syèl la. Sa y ap fè a ou ta di se lonbraj sa k ap fèt nan syèl la. Se konsa sa te ye pou Moyiz tou. Lè Moyiz ta pral moute tant lan, Bondye di li : Gade byen pou ou ka fè tout bagay dapre modèl mwen te moutre ou sou mòn lan » (HCV).

Pasaj sa a nan lèt pou Ebre yo montre rapò dirèk ant reyalite syèl la yo ak reyalite latè yo, e apre l site vèsè Egzòd 25.9 la kote Bondye mande Moyiz pou l konstwi tabènak dezè a egzakteman sou menm « modèl » li te wè sou montay la. Alò, tabènak sou tè a, ak tout rityèl (seremoni) li yo ak tout tradisyon l yo, se te yon senbòl, yon reprezantasyon sa k ap pase nan syèl la ak Jezi k ap syeje kòm gran Prèt nan tabènak syèl la.

Lèn met sa nan tèt nou, nou konprann pi byen sa Pòl ap pale de li nan 1 Korentyen 10 la. Nan vèsè sa yo, li retounen sou kèk gwo eksperyans pèp la te viv nan dezè a, alòs li ta prale sou Tè pwomès la. Ekspresyon « zansèt » nou yo apot la itilize pou pale de juif ki te kite Ejipt la yo, ki suiv nyaj la e ki travèse lanme wouj la, e ki libere anba esklavaj kounye a, vin gen yon lòt kòmansman* e se « batèm » sa a ki senbolize l.

Pòl konsidere divès etap vawyaj israyelit yo nan dezè a tankou yon tip, osnon ekzanp, batèm pèsònèl. Konsa, dapre jan l konprann bagay yo, « manje spirityèl » la se pou l pale de lamàn (*gad Egzòd 16.31-35*). Israyèl te bwè dlo ki soti nan yon wòch e Pòl montre wòch la se Jezi (*gad 1 Korentyen 10.4*). N ap suiv sa, yo rele Jezi « pen [ki bay] lavi a » (*Jan 6.48*) ak « dlo vivan » an (*Jan 4.10*), e tout sa yo kòrèk (lojik). Konsa, Pòl chita sou istwa Ansyen Testaman an pou l revele verite spirityèl ki konsène chak kretyen jodi a.

► **Reflechi sou eksperyans israyelit yo alòs yo t ap vwayaje nan dezè a. Ki leson spirityèl nou kapab tire nan bon ak nan move « ekzanp » yo kite pou nou yo ?**

Rityèl (seremoni) ak sakrifis

Sistèm seremoni ak sakrifis nan Ansyen Testaman an, jan sa ye nan Levitik la, gen plis ekzanp pase sa n te wè yo : senbòl Ansyen Testaman an konsène verite nan Nouvo Testaman an. Jodi a, sila yo k ap li Bib la pa pran twòp tan sou seremoni sa yo. Poutan, yo gen anpil verite spirityèl ki enpòtan e ki plen leson pou sila k ap etidye yo a.

► **Li rekòmantasyon yo ki nan Levitik 4.32-35 la konsènan ofrann pou peche israyelit yo. Kisa n kapab aprann sou rityèl sa a, menmsi n pa ofri sakrifis pou peche n yo sou lòtèl yon tabènak osnon yon tanp ? Fè yon rapò ant seremoni sa a ak sa ki di nan Jan 1.29 ak 1 Pyè 1.18-21.**

Yon rityèl se yon bon mwayen pou transmèt/pataje valè ak enfòmasyon enpòtan, e fòk yo pran rityèl la nan kontèks li. Pou l gen sans, li dwe fèt nan yon moman spesyal, yon kote spesyal, e tout aksyon anndan rityèl la dwe gen yon objektif. Lè n ap li enstriksyon Ansyen Testaman yo konsènan sakrifis yo, nou konstate Bondye bay detay klè sou sa moun kapab sakrifye, ki lè, ki kote, dapre ki rityèl ak ki fason.

Sètènman koule san epi voye san an se te nannan yon pakèt rityèl. Li pa t bèl, men, Bondye te dakò l, paske peche a se bagay ki pi lèd nan linivè.

Ki wòl ekzat san an te jwe, e poukisa yo te dwe mete l sou kòn lòtèl la ? Ansyen Testaman an presize ki fason seremoni ki gen rapò ak tabènak la te dwe dewoule. Men, yo pa t gen tout eksplikasyon. Petèt israyelit yo te konprann tout sa sa vle di. Se sèten, yo te konn kisa san an vle di (gad Levitik 17.11).

Toutfwa, ekzanp ki nan Levitik 4.32-35 lan gen yon eksplikasyon n jwenn nan vèsè 35 lan : « prèt la va fè ofrann bèt pou wete peche moun lan te fè san l pa t konnen an, epi Bondye va padonnen l sa » (HCV). Konsa, san an se te poto mitan seremoni an. Se gras ak mwayen sa a, nou menm ki se pechè, nou kapab rekonsilye ak Bondye nou an ki sen. Se konsa, sakrifis yo se yon tip, yon reprezantasyon lanmò Kris la ak ministè L an favè nou.

► **Paske se Jezi, ki [se] Bondye, yo te dwe sakrifye pou peche n kapab jwenn padon, sa di n anpil bagay sou jan peche a grav. Kisa sa aprann nou sou rezon ki fè n dwe konte sèlman sou gras la, e se pa sou zèv nou yo ? Bon, kisa n ta kapab mete sou sa Kris deja fè pou nou an ?**

Ekzanp repo a

Aprè Ekzanp nou etidye deja yo, nou kapab aplike koze tip ak senbòl la yo ak konsèp/mo nou jwenn nan Bib la ki se repo. Pou n kapab sèten, an n gad kisa lèt pou Ebre yo nan Nouvo Testaman an di.

► **Li Ebre 4.1-11. De kisa pwomès antre nan repo Bondye a ap pale ? Kisa eksperyans pèp Israyèl la montre n sou kesyon antre nan repo Bondye a, eksperyans kote l t ap soti Ejip la e l te pèdi nan dezè a ?**

Mo pèsèverans ak fidelite a enpòtan anpil nan tèks sa a. Pasaj sa a pale de saba setyèm jou a, men, premye objektif vèsè sa yo (ak sa k vin anvan yo, gad Ebre 3.7-19) se rele pèp Bondye a pou yo gade lafwa, sa vle di rete fidèl a Bondye e a Levanjil la.

Pasaj sa yo ankouraje sila yo k ap li Bib la pou yo pran oserye lesou n jwenn nan fason Bondye kondui pèp Li a nan tan pase yo : « pou okenn moun pa tonbe menm jan an, nan refize obeyi » (Ebre 4.11). Nou jwenn envitasyon pou n konsidere pawòl sa yo. Tèks la kontinye pou l montre pèp Israyèl la te konnen bon nouvel la, men, l pa t aksepte Pawòl Bondye a. Lafwa israyelit yo pa t vin pi djanm, yo pa t fè Bondye konfyans, yo pa t montre yo obeyisan e yo chwazi rebelyon (konpare l ak Ebre 3.7-15). Konsa, yo pa t janm fè eksperyans repo a jan Bondye te vle l la.

Tèks Ebre 4.3 a montre genyen yon relasyon sere ant lafwa ak repo. Nou pa kapab rantre nan repo a awotan nou fè Jezi konfyans e n kwè nan Li ki pwomèt nou repo sa a, Li ki gen kapasite pou kenbe pwomès sa a.

► **Reli Ebre 4.3. Kisa k te pi gwo pwoblèm moun sa yo ? Ki lesou n kapab tire pou nou, nou menm ki te jwenn « bon nouvel » la, menm jan ak yo ?**

Premye kominote kretyèn nan te aksepte revelasyon Bondye a nan tan pase yo (nan Ansyen Testaman an) e l te kwè Jezi se Mouton Bondye a, sakrifis pou peche mond lan. E atravè lafwa nan sakrifis sa a, sila ki kwè yo rive fè eksperyans sove a nan Jezi, e ak repo n jwenn nan Li a.

► **Lè n konprann kisa sa vle di le w sove nan Jezi a, kijan sa ap ede n antre nan repo n jwenn nan Jezi a, lè n konnen nou sove atravè gras la, e se pa sou baz sa n fè ?**

Pa fè rebèl

- **Li Ebre 4.4-7 ak Sòm 95.8-11. Ki avètisman yo ba n la, nou jwenn an menm tan nan lèt pou Ebre yo ak nan Sòm yo, e ki sans sa gen pou nou jodi a ?**

Tèks Ebre 4.4-7 la site an menm tan istwa Kreyasyon an ak vèsè Sòm 95.11 lan nan kontèks enfidelite israyelit yo, yo pa t kapab antre nan repo Bondye a. Alò, tèks Sòm 95.8-11 lan mete yon lyen ant eksperyans pèp Israyèl la nan dezè a ak repo Bondye a, e l pale de sèman Bondye te fè a, dapre sèman sa a pèp la pa t ap rantre nan repo L la paske yo pa fidèl. Yon repo yo konprann tankou se Tè pwomès la.

Se sèten, pèp Israyèl la te antre nan Tè pwomès la. Yon jenerasyon travèse fwontyè a e, ak èd Bondye, yo pran tout « fò » yo (kote ki gen sòlda yo) epi yo enstale yo nan peyi a.

Men, israyelit yo pa antre nan repo Bondye a. Alò, se paske yo te manke lafwa e yo bay prèv la nan dezobeyi, anpil pa viv reyalyte sove nan Jezi a. Dayè, menmsi yo asosye repo a ak Tè pwomès la, repo a pa t rete sèlman sou teritwa Tè pwomès la.

- **Tèks Ebre 4.6 la sanble montre tout moun ki tande pale de pwomès Bondye a konsènan vrè repo a pa antre lakoz dezobeyisans yo. Ki rapò ki genyen ant dezobeyisans ak pa antre nan repo Bondye a ?**

Mo « jodi » a montre gen ijans. Li vle di pa gen tan pou pèdi ankò, fòk gen yon repons ak yon desizyon.

Pòl itilize mo *sèmeron*, se mo « jodi » a ki tradui l, li montre nan ki nivo tout sa enpòtan nan kontèks repo a. Tèks Sòm 97.7, 8 la, sou bò pa l, se yon avètisman ak yon apèl pou pèp Bondye a pa refè menm erè l te fè nan tan pase yo, e pou l pa manke antre nan vrè repo a, ki twouve l sèlman nan sove Bondye ofri n nan.

- **Jodi a, kisa pawòl sa yo vle di pou nou : « Jodi a, si n tande vwa L, pa fè tèt rèd ». Poukisa mo « jodi » a enpòtan konsa ? Alò, yo te deja itilize l nan tèks Sòm yo, sa gen divès milye lane. Poukisa deklarasyon sa a gen menm sans lan pou nou « jodi » a plis pou sila ki te tande l, sa gen divès milye lane ?**

Al dèyè site syèl la

Fason yo devlope lide prensipal chapit 4 lèt pou Ebre yo parèt klè nan vèsè 8-11. Jozye pa bay Israyèl repo a. Kidonk, paske Bondye pa [konn] bay manti, sanble genyen yon lòt fòm « repo » pou pèp Bondye a. Pèp sa a se pa sèlman juif ki kwè nan Bondye yo ki fòme l. Se tout moun ki aksepte Jezi pou Sove pèsònèl yo.

► **Li Galat 3.26-29. Note tout karakteristik pèp alyans lan, apre sa k fin pase sou lakwa a. Kisa sa vle di pa genyen ni Juif, ni Grèk, ni esklav, ni moun lib, ni gason, ni fanm, nan kontèks Pòl ekri la a ?**

Pafwa gen moun ki itilize Ebre 4 pou ensiste sou obsèvasyon saba setyèm jou a, an menm tan, moun itilize l pou di koze repo sa pa valab ankò, paske gen yon lòt repo n ap gen pou n viv nan fen tan an. Pa gen okenn nan entèpretasyon sa yo ki reflète aklè tèks bibliik la. Okontrè, tèks la sanble montre, depi Kreyasyon an, gen anfas (aksan) sou repo spesyal n ap jwenn nan fen tan an, e l montre selebrasyon saba a chak semèn ba n yon avan-gou de vrè repo a. Pou juif yo saba a se yon ti apèsi de *olam haba* a (« mond ki gen pou vini an »).

Repo pèp Bondye viv granmesi obsèvasyon saba a e ki se menm repo Bondye te ofri depi premye saba nan istwa tè sa a, vle di nou kapab sispann travay nou et konte sou akonplisman pwomès sove a.

Kontrèman ak sa kèk otè deklare pafwa, kontèks tèks la pa pèmèt nou soutni lide ki fè kwè kòmandman saba ta fin akonpli/reyalize nèt nan sove Kris la ofri a, nan ka sa, se pou granmesi kretyen yo t ap obeyi kòmandman saba a. Pwomès dènye repo Kris fè nou an pa ranplase saba setyèm jou bibliik la ; okontrè, li ranfòse saba a.

Nan yon mond ki valorize moun ki aprann poukont yo (otodikdat), travay san pran souf ak detèminasyon, se kòm si n deseve yon pakèt moun lè n repoze nan Jezi e lè n kwè nan gras Li a ki sifi pou sove n e transfòme n.

► **Kijan n kapab ede lòt moun jwenn repo nan Jezi lè yo panse peche yo twò grav, ki kwè kè yo pa kapab chanje e sitiyasyon yo a vrèman dezespere ? Ki tèks bibliik ou kapab pataje ak yo ?**

Apwofondisman

« Nou pa toujou gen anvè vin jwenn Jezi ak eprèw nou yo, difikilte n yo. Pafwa n rakonte lòt moun pwoblèm nou, nou pale de lapenn nou yo ak lòt moun ki pa kapab ede n, e n pa panse pote yo bay Jezi ki kapab transfòmè chemen doulè n nan, pou fè l tounen chemen ki plen kontantman ak lapè. Lè w bliye tèt ou e w sakrifye w pou lòt moun, sa onore vikwa Kris la te ranpòte a sou lakwa. Pwomès Bondye yo gen anpil valè. Nou dwe etidye pawòl Li si n vle konnen sa L vle. Lè n pran etid Pawòl la oserye epi n mete l an pratik, nou pran yon wout ki pa fasil pou n suiv, yon wout nou pa kapab mache ladan san n pa kilbite. Se pou tout pastè ak tout fidèl yo pote chay yo ak pwoblèm yo bay Jezi, ki pare pou koute yo e ki pare pou ba yo lapè ak repo ! Li p ap janm abandone sila ki konfyè yo nan Li. » – Ellen G. White, *The Signs of the Times*, 17 Mars 1887, p. 161.

« Jèn, èske n ap tann ak kè kontan, moman kote Senyè a, Jij san defo a, ap pale de nou devan Papa a ak zanj sen yo ? Pi bon fason n kapab prepare n pou retou Kris la se gen yon lafwa solid nan sove Jezi te ofri n nan lè L te premye vin sou tè a. Kwè nan Kris la, ki se Sovè pèsònèl ou. » – Ellen G. White, *Our High Calling*, p. 368.

MEDITASYON

5. Nan kisa saba setyèm jou a spesyal e l anonse repo Bondye rezève pou pèp Li a nan syèl la ? An n di, kijan repo saba a kapab ba n yon avan-gou letènite ?

6. Padon se sinonim rekonsilyasyon e l pèmèt nou jwenn chemen ki mennen n jwenn Bondye a. Panse a deklarasyon enpòtan sa a ki nan Women 5.11 : « Epi se pa sa sèlman. Nou jwenn tout plezi nou nan Bondye, gremesi Jezikri, Seyè nou an, ki fè nou byen ak Bondye ankò depi koulye a » (HCV). Si yon moun mande : « Kisa sa vle di rekonsilye ak Bondye, e ki diferans rekonsilyasyon sa a fè nan lavi w ? », kisa w t ap reponn li ?

7. Kijan n kapab evite pou n konsantre n senpman sou ti bagay piti nan lavi n kòm kretyen ? Kisa ki pèmèt nou enterese n dabò a plan sove Pawòl Bondye a prezante a ?

8. Repanse ak erè e ak mank lafwa israyelit yo nan dezè a. Se vre, yo viv pwoblèm ki diferan de pa n yo (nou pa pèdi nan yon dezè), men, kisa n jwenn nan eksperyans yo ki nan pa n nan tou ? An n di, èske n kapab jwenn menm difikilte ak yo pandan n ap mache ak Kris la ? Kijan n kapab aprann apati erè yo te fè yo ?

PWOFÈT LA PANIKE

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Jonas 1-4 ; Jeremi 25.5 ; Ezayi 14.6 ; Revelasyon 2.5 ; Lik 9.51-56 ; Jid 1.25

Pasaj pou n memorize a :

« Epi w pa ta vle M gen pitye pou vil Niniv, gwo kapital sa a, kote ki gen depase san-ven-mil (120.000) moun, moun ki pa konnen ni sa ki byen ni sa ki mal, ansanm ak yon bon kantite bèt. » ((Jonas 4.11, HCV)

Istwa Jonas la se yonn nan istwa ki pi bèl nan Bib la. Jonas se te yon pwofèt Bondye. Bondye te rele l, men, li te deside mawon. Men, lè vin gen yon gwo mirak, ki konvenk li, li deside chanje davi, pou l obeyi Senyè a, li dakò aji, men, pou l fè kisa ? Pou l plenyen, paske moun li t al bay temwanyaj la, moun sa yo vin repanti, kidonk yo pa sibi chatiman destriksyon Jonas te anonse a.

Jonas se te yon pwofèt ki toumante, ki pa t anpè, jis li rive pale konsa : « Kounye a, Senyè, pran lavi m, m ap sipliye w, paske pito m mouri tan m viv » (*Jonas 4.3*).

Jezi site istwa Jonas la lè l di : « Jou jijman an, moun Niniv yo va kanpe, y a kondane jenerasyon sa a, paske yo menm yo te chanje nèt lè yo kin koute mesaj Jonas la ; poutan, isit la gen plis pase Jonas » (*Matye 12.41*). Pi gran pase Jonas, alò ! Sinon, Li pa t ap kapab Sovè n.

Semèn sa a, nou pral etidye wout Jonas te suiv la e n ap wè ki leson nou kapab tire apati istwa l la ki plen toumant, ak lapè l pa t kapab jwenn nan.

**Etidye leson semenn sa a pou saba 18 septanm*

Yon mawonaj

Jonas se te yon trè bon misyonè. Men tou, tèt li te rèd, an n di nan kòmansman an. Yon jou, Bondye rele l, e sa chanje lavi l totalman. Olye Jonas te mete joug Bondye a se sou zepòl li e pou l te dekouvri poukont li joug la te « bon » e chay la « lejè » (Matye 11.30), Jonas deside jwenn repo a poukont li. E l fè sa nan sove al nan yon direksyon ki opoze ak sa Bondye te rele l pou l suiv la.

Ki kote Jonas te espere jwenn lapè ak repo lè l t ap mawon pou apèl Bondye a ? Èske l te rive fè sa ?

Se kòm si Bondye di Jonas pou l fè nan Sid, Jonas menm chwazi fè nan Nò. Li pa menm pran tan pou l diskite ak Bondye, tankou lòt pwofèt nan Bib la a te konn fè sa a, lè yo te jwenn apèl pou yo vin mesaje (pot-pawòl) Bondye (*ekzanp, gad Egzòd 4.13*).

Fòk nou note se pa t pou premye fwa Bondye te rele Jonas pou pale nan non L, si n ap byen li 2 Wa 14.25 kote Jonas sanble te fè sa Bondye te mande l fè a. Men, pa fwa sa a. Poukisa ?

Dokiman istorik ak akeyolojik yo montre kijan chèf nouvo-asiryen ki t ap dirije (domine) Pwòch-Oryan, nan lane 700 yo avan Jezi, kijan yo te sadik (kriminèl), se nan epòk sa a Jonas t ap fè ministè l la an Israyèl. Anviwon 75 lane annapre, wa nouvo Asiri a, Senakerib, atake Jida. Israyèl ak Samari te deja anba men yo depi 20 lane, e wa Ezekyas sanble t al rejwenn yon gwoup opoziyon lokal kont Asiri.

Depi lè sa a, tan an te vini pou asiryen yo vin regle zafè yo. Bib la (*gad 2 Wa 18 ; Ezayi 36*), dokiman istorik asiryen yo ak sa ki grave (ki ekri osnon desine) nan mi palè Senakerib la, nan Niniv, yo rakonte kijan Lakich tonbe yon fason ki sadik, Lakich se yonn nan gwo fò (sitadèl) nan epòk Ezekyas la, nan sid peyi Asiri. Dapre yon tèks, Senakerib deklare l fè anprizone plis pase de-san-mil (200 000) moun nan 46 gwo vil li di l te detwi. Lè wa asiryen an pran Lakich, plizyè santèn osnon plizyè milye moun pil sou pil. Patizan ki te pi fidèl a wa Ezekyas la yo, yo koupe yo an moso tou vivan, alòs yo voye lòt moun yo nan peyi Asiri pou yo te vin esklav.

Asiryen yo te kapab sadik, yo fè mal tout moun ap fè a pi mal. E Bondye voye Jonas anndan peyi sa a. Èske sa ap fè n sezi paske l pa vle ale ?

Mawon Bondye ? Èske sa rive w aji konsa ? Si wi, èske sa te pozitif ? Ki leson w kapab aprann nan erè sa ?

Yon repo twa (3) jou

Lè Jonas t ap kouri a, li te viv bonjan eprèv. « Repo » l la ki te kout, te fini lè Bondye fè yon entèkansyon mirak granmesi yon tanpèt. Bondye sove Jonas nan tonm likid li (lanmè a) a lè L bay yon pwason lòd pou vale Jonas pou pwoteje l.

Men, se lè Jonas vin pran yon « repo » fòse pandan twa jou nan lestomak gwo pwason sa a li vin wè nan ki nivo l depann de Bondye. Pafwa, fòk nou nan yon sitiyaasyon kote sa mond lan ofri n nan pa kapab fè anyen menm pou nou pou n pran konsyans Jezi se Sila n vrèman bezwen an.

► **Li priyè Jonas fè nan vant pwason an (gad Jonas 2.1-9). Kisa ki te sijè priyè l la ?**

Jonas te nan yon sitiyaasyon danje anpil, men, nan priyè l la, li site tabènak la : « M ap rewè tanp sakre W la » (*Jonas 2.5*). Ki sans deklarasyon l lan ?

Se tanp la ki sijè prensipal priyè sa a, e l ta dwe sijè santral tout priyè. Nan Ansyen Testaman an, se yon sèl kote w kapab jwenn Bondye : nan tabènak la (*gad Egzòd 15.17 ; 25.8*). Tabènak la se pwon santral priyè e kominyon ak Bondye.

Poutan, Jonas pa t ap pale de tanp Jerizalèm nan, men, pito, de tabènak syèl la (*gad Jonas 2.7*). Se la esperans li a te soti, paske se la Bondye ak tout sove l ofri n nan ye.

Finalman, Jonas konprann enpòtans gwo verite sa a. Li te fè eksperyans gras Bondye a e l te sove. Lè gwo pwason sa lage l atè a, li te konprann byen klè kijan Bondye renmen l, li menm ki se yon pwofèt ki t ap mawon. Byen petèt li te menm aprann (menm si se yon fason alanvè) sèl solisyon yon moun ki kwè nan Bondye genyen se fè volonte Bondye.

Lè sa a, Jonas deside fè devwa l epi obeyi lòd Senyè a. Finalman, l pran direksyon Niniv. Se te vrèman yon demach lafwa, paske l ta prale nan yon vil danje, san moral, byen petèt sitwayen yo pa t ap apresye pwofèt etranje sa a k ap vin di yo men nan ki nivo yo pa bon.

► **Pafwa, nou sèlman bezwen pran yon ti distans pou n konprann kèk sitiyaasyon. Istwa Jonas la ki te viv granmesi yon mirak nan vant pwason sa a se yon ka ki vrèman spesyal. Lè w pran yon ti distans (panse yon lòt jan) kijan sa kapab ede w wè bagay yo yon lòt jan ? Èske se pa sa nou tout bezwen pafwa ?**

Misyon akonpli

Si n ap mezire vil Niniv lan ak vil Israyèl yo, Niniv te gwo anpil : « Niniv te yon gwo lavil ki mande twa jou pou mache soti nan yon bout ale nan lòt bout la » (Jonas 3.3, HCV).

► **Li Jonas 3.1-10. Kijan abitan Niniv yo te reyaji ? Konsènan efò n ap fè nan domèn temwanyaj la, ki lesou n kapab aprann nan istwa sa a ?**

Jonas mache nan tout vil la, l ap pwoklame mesaj Bondye a : « Nan karant (40) jou, p ap gen Niniv ankò » (Jonas 3.4). Mesaj la te klè. Bib la pa ba n prezizyon, men, li klè, abitan Niniv yo t ap koute pawòl Jonas yo, e yo tout la te aksepte mesaj li te transmèt yo a.

Menm jan sa te konn fèt souvan nan Pwòch-Oryan an, wa Niniv la pibliye yon dekrè (yon arete), pou l deklare ofisyèlman kè pèp la transfòme. Tout moun – ni bèt yo tou – te dwe jene epi mete yo piti devan Bondye (tèks la pa di kijan bèt yo fè). Wa a desann sou twòn nan e l chita nan sann dife, yon aksyon senbolik ki enpòtan anpil.

► **Li Jonas 3.6-9. Konpare l ak Jeremi 25.5, Ezekyèl 14.6 e Revelasyon 2.5. Kisa wa a te di ki montre l te konn kisa ki vrè repantans lan ?**

Predikasyon Jonas la te kout e dirèk, nan domèn tewoloji, nou kapab di li trè bon e l byen montre kisa ki yon vrè repantans. Pandan Jonas t ap preche, sètènman Lespri Sen an t ap aji nan kè ninivit yo.

Ninivit yo pa t konnen ni tout istwa ki montre fason Bondye aji ak Israyelit yo, ni lanmou ak pasyans Li te genyen pou yo. Poutan, yo aji yon fason pozitif. Se sètèn yo te di : « An n konte sou Mizerikòd Bondye, se pa sou pwòp efò n ! An n aksepte tout gras Li ak tout bonte L ».

Nou sezi wè, Jonas ki te viv, pèsònèlman, eksperyans gras Bondye a, sanble te panse gras Bondye a se te sèlman pou kèk grenn moun.

► **Poukisa repantans se yon eleman ki enpòtan konsa nan eksperyans kretyen an ? Kisa sa vle di repanti tout bon de peche n yo, sitou peche n tante refè souvan yo ?**

Yon misyonè ajite e an kòlè

Malerezman, istwa Jonas la pa fini ak chapit 3 a.

Li Jonas 4.1-11. Ki pwoblèm pwofèt la te genyen ? Ki leson n kapab tire nan karaktè l ?

Nan kòmansman chapit 4 la, nou aprann Jonas te an kòlè kont Bondye, paske misyon an te pote fri. Jonas te pè pou yo pa t pran l pou enbesil. Nou konstate nan chapit sa a, Senyè a te pran tan pou l pale epi diskite ak pwofèt la ki te konpòte l tankou yon ti moun k ap fè kapris.

Sa se yon gwo prèv nou jwenn ki montre vrè disip Bondye yo – menm pwofèt yo – dwe grandi toujou epi travay sou defo nan karaktè yo.

« Lè Jonas aprann Bondye deside fè Niniv gras paske Niniv te repanti nan peche l yo, Niniv jene sou sak ak nan sann difè, olye pou Jonas ta premye moun ki kontan poutèt mirak gras la, li mete nan tèt li y ap pran l pou yon fo pwofèt. Paske l te egoyis pou kesyon repitasyon l, li vin pa wè tout valè nanm moun yo ki t ap viv nan vil koripsyon sa a. » – Ellen G. White, *Prophètes et Rois*, chap. 22, p. 207.

Bondye montre l gen yon gwo pasyans ak pwofèt la. Li te vle Jonas fè sèvis Li, e lè Jonas mawon an, Li voye yon tanpèt ak yon pwason pou fè Jonas tounen. E, yon lòt fwa ankò, Jonas kanpe kont Bondye, Bondye ap chache fè l reflechi : « Ou gen rezon pou w fache a ? » (*Jonas 4.4*).

Li Lik 9.51-56. Ki menm bagay nou jwenn ant istwa sa a ak pa Jonas la ?

« [...] Bondye sitelman renmen lèzòm Li bay sèl Pitit Li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan Li p ap pèdi lavi yo. Okontrè y a gen lavi ki p ap janm fini an » (*Jan 3.16, HCV*), osnon tankou Bondye di nan Jonas 4.1 « Epi w pa ta vle M gen pitye pou vil Niniv, gwo kapital sa a, kote ki gen depase san-ven-mil (120.000) moun, moun ki pa konnen ni sa ki byen ni sa ki mal, ansanm ak yon bon kantite bèt » ! Bondye se Sila k ap jije kè, lespri ak motivasyon chak moun. Se pa wòl nou pou n fè sa a, e n kapab rekonesan paske sa se wòl Bondye.

Kijan, tankou Bondye, nou kapab aprann pwouve konpasyon ak pasyans pou lòt moun ? Osnon, kijan n kapab reflekte konpasyon sa a ak pasyans sa a ?

Yon wout ki monte desann

Pa gen dout sou sa, Jonas te plis yon menas pase l te yon opòtinite. Niniv se te yon vil danje, men, lè n gad liv Jonas la, sanble se pa abitan yo ki te lakoz vil la konsa. Yo konprann mesaj Bondye a epi yo repanti rapid vit. Se Jonas, misyonè a, ki parèt kòm ti wòch nan diri a.

Lè n ap li liv Jonas la n konstate Bondye rapousuiv pwofèt rebèl la, paske L te konnen Jonas te bezwen fè vwayaj misyonè sa a nan menm nivo ninivit yo te bezwen tande mesaj li a.

► **Li liv Jid la. Kijan n kapab rete fèm « nan lanmou Bondye a » (Jid 21). Kisa sa vle di ?**

Nan liv li a ki tou piti nan Nouvo Testaman an, men kisa Jid di n : « Rete fèm nan renmen nou gen pou Bondye a, pandan n ap tann Segnè nou, Jezikri, k ap vin ban nou lavi ki p ap fini an paske li gen pitye pou nou » (*Jid 21, HCV*).

Fè eksperyans pèsònèl lanmou ak gras Bondye a se pa yon bagay toudenkou. Yon nan bon mwayen pou n rete fèm « nan lanmou Bondye a » se pataje bon nouvèl la ak lòt moun. Nan vèsè ki vini annapre yo, Jid mande n pou n gen « konpasyon » e pou n sove moun n ap abode yo, pandan n ap « rache yo nan dife ».

► **Li Jid 20-23. Ki menm bagay nou jwenn nan pasaj sa ki nan istwa Jonas la tou, e kisa vèsè sa yo di n ?**

Bondye rele Jonas pou l ale Niniv petet paske Bondye pa t pran twòp tan ap reflehi sou relasyon Jonas ak Asiryen yo, anvan apèl spesyal sa a. Byen petèt, Jonas te konsyan l pa renmen yo, men, li pa t konn nan ki nivo l te rayi yo, e l te pa t konnen si l te kapab fè tout sa l konnen pou l pa an kontak ak yo, menm lè k te fin resevwa apèl Bondye a. Jonas pa t pare pou l te pale ak ninivit yo, podyab ! Li pa t aprann renmen yo menm jan Bondye renmen an. Bondye rele Jonas pou l al Niniv paske l renmen ninivit yo e L te vle yo antre nan wayòm Li a. Bondye te rele Jonas tou paske L renmen l. Li te vle misye gen matirite e pou l vin plis sanble Bondye pandan l ap travay ak Li. Bondye te vle l jwenn vrè repo n kapab viv la sèlman si n rete nan relasyon (alyans) L lan ki kapab sove n e si n fè volonte L, sa mande pou n al jwenn lòt yo e pou n pale ak yo sou lafwa n ak esperans nou.

► **Èske w pran tan pou w travay nan sove lòt moun ? Sou plan spirityèl, kijan sa ede n jwenn vrè repo a nan Kris la ?**

Apwofondisman

« Misyon Jonas la te genyen yon gwo responsablite ; men, Sila ki te ba l fè misyon an te kapab soutni l epi ede l akonpli l fidèlman. Si l te obeyi san l pa ezite, li t ap evite divès eprèv e l t ap reseswa anpil benediksyon. Men, nan moman kote dezespwa anvayi Jonas la, Senyè a pa abandone l. Si l sibi yon seri gwo eprèv, annapre l te jwenn benediksyon estrawòdinè. Konfyans li nan Bondye ak nan puisans Bondye a ki sove te dwe vin pi fèm. » – Ellen G. White, *Prophètes et Rois*, chap. 22, p. 204.

« Yon pakèt moun kapab transfòme granmesi fason ki pi senp lan. Gason ak fanm ki gen plis konesans yo, sila yo konsidere tankou moun ki pi entelijan yo, yo jwenn lavi nan pawòl byen senp yon nanm ki renmen Bondye pwononse, yon nanm ki kapab pale de lanmou sa a tou natirèlman, menm jan sila ki atache ak mond sa a pwoteje sa ki gen anpil valè pou li a. » – Ellen G. White, *Les paraboles de Jésus*, « L'amour de Dieu à la recherche de l'Homme », p. 195.

MEDITASYON

- 1. Yon « pwofèt Bondye » ki kontrarye paske pèp li t ap preche sove a aksepte sove a... Kijan n konprann atitid/konpòtman Jonas la ? Ala yon gwo ekzanp sou pasyans Bondye ak pèp Li a, menm lè pèp la aji yon fason ki pa ale nan sans limyè l resèvwa a ?**
- 2. Istwa Jonas la sanble montre Bondye pa vle sove sèlman sila ki egare yo, Li vle transfòme disip Li yo tou. Kijan n kapab genyen yon « kè nèf » ak yon « lespri nèf », menmsi n deja konn Senyè a ak verite bibliik yo ? Ki diferans ant lè w konnen verite a ak lè verite a transfòme w ?**
- 3. Reli liv Jid la. Ki mesaj prensipal liv sa genyen, e poukisa l enpòtan pou nou, kòm Legliz jodi a ?**
- 4. Poukisa lè n ap travay pou lòt moun sove fè n byen konsa nan domèn spirityèl ?**
- 5. Kèlkanswa bon rezon Jonas te genyen, osnon l te panse l genyen, pou l refize ale Niniv, Bondye montre l nan ki nivo l te twonpe. Èske sa rive n gen menm atitid/konpòtman ak pwofèt la ?**



Les **CROYANCES** fondamentales des Adventistes du Septième Jour

Dieu: Nous croyons que Dieu aime

Dieu est amour, puissance et splendeur – et Dieu est un mystère. Ses voies sont impénétrables, mais Il ne cesse de tendre Sa main vers nous. Dieu est à la fois infini et intime, trois et un, omniscient et pourtant Il pardonne tout.

Humanité:

Nous croyons que Dieu Crée

De neurones à nébuleuses, de l'ADN aux galaxies lointaines, nous sommes entourés de Ses merveilles. Cette beauté est cependant entachée.

Salut: Nous croyons que Dieu rachète

Amour. Harmonie. Perfection. Jadis, toute la création chantait la même chanson glorieuse.

Eglise:

Nous croyons que Dieu y habite

Jésus a laissé à Ses disciples une mission épique : parler au monde de Son amour et Sa promesse de revenir, prendre soin des gens tout comme Il a pris soin d'eux.

Vivre:

Nous croyons que Dieu transforme

La loi de Dieu à travers les Dix Commandements nous montre comment nous devons vivre et fait ressortir clairement notre besoin de Jésus. Bien que la loi nous montre le chemin à suivre et nous convainc du péché, il s'agit de bien plus que simplement suivre une file.


Apocalypse:

Nous croyons que Dieu triomphe

Du jardin d'Eden à la Tour de Babel, de la destruction de Sodome à l'Exode du pays d'Égypte, Dieu a toujours analysé la situation avant de passer à l'acte.

PLIS DETAY
Sou Kwayans yo





A L E L O U Y A . O R G

DÈNYE REPO A

SABA APRE MIDI

Lekti pou etid semenn sa a :

Revelasyon 1.9-19 ; 14.6-12 ; Matye 24.4-8, 23-31 ; Ebre 11.13-16 ; Filipyen 4.4-6.

Pasaj pou n memorize a :

« Men, jan sa ekri a, sa je poko wè, sa zòrèy pa janm tande, e sa k pa janm vini nan ke lom, se sa Bondye ap prepare pou sila ki renmen l yo »

(1 Korentyen 2.9, HVC)

Èske w konn santi w nan mitan yon gwo batay, yon batay ant byen ak mal ? Anpil moun, moun ki kwè nan Bondye ak sila ki pa kwè nan Li, konn santi sa pafwa. E si n santi sa, se paske se sa l ye. N ap viv nan mitan yon gwo konba ant byen ak mal, ant Kris la (byen an) ak Satan (mal la).

Konsa, lavi ap dewoule nan de nivo. Gwo batay ant Kris la ak dyab la k ap fèt nan tout mond lan, paske se nan syèl la l te kòmanse (*gad Revelasyon 12.7*). Poutan, lakoz konfizyon/melanj ki genyen toupatou nan mond lan, li fasil pou n sispann wè plan sove Bondye fè pou limanite a. Lagè, batay politik ak katastwòf natirèl konn fè n santi n pè epi n pa kapab fè anyen. Men, pwofesi Bondye yo kapab ede n resonje ki kote n prale finalman, e ki fason n kapab rive la.

Gran konfli a fèt tou nan yon nivo ki pi pèsònèl. Chak grenn moun rankontre difikilte nan lavi l chak jou, e lafwa n ap sibi eprèv. Si n ap viv jistan Jezi retounen, n ap konnen lanmò tou. Semèn sa a, n ap etidye kijan n kapab jwenn repo nan Jezi, malgre mond nou an souvan ap chanje epi n gen dout (ensètitud) sou lavni n, te mèt pa pou anpil tan. Si n ap gade de lwen, lavni sanble mèveye.

**Etidye leson semenn sa a pou saba 25 septembre.*

Yon vizyon sou dènye tan yo

Dènye disip Jezi ki te rete vivan an, yo te anprizone l sou yon zile plen wòch, li te lwen tout bagay ki te gen valè pou li. Kisa k te dwe ap pase nan lespri Jan lè l te prizonye sou zile dezè sa a ? Poukisa l te twouve l nan sitiasyon sa a ? Bon, li te wè Jezi k ap monte nan syèl la. E de (2) zanj ki te kanpe la te di l : « Nou menm, moun Galile, poukisa nou rete la ap gade syèl la konsa? Jezi sa a ki fèk sot nan mitan nou an pou moute nan syèl la, li gen pou L tounen menm jan nou wè L moute nan syèl la » (*Travay 1.12, HCV*).

Men, gen anpil tan ki te pase depi evènman sa yo te rive, e Jezi potko vini. Lòt apot yo te gentan mouri. Yo te maspinen pifò nan yo. Yon jenerasyon tou nèf te rive nan jèn Legliz la ki t ap sibi gwo pèsekisyon deyò a, epi anndan an menm se te mouvman fo doktrin, ansèyman ki pa chita sou Bib la. Jan te dwe santi l poukont li, fatigue epi ajite. Epi, bripsoukou l gen yon vizyon.

Dapre nou, ki rekonfò Jan te jwenn nan vizyon sa a ? Li Revelasyon 1.9-19.

Jezi te di disip Li yo : « Mwen ak nou jistan mond lan va fini » (*Matye 28.20*), sètènman pawòl sa yo te ankouraje l, alòs li t ap viv nan yon prizon poukont li. Sètènman vizyon sa a – « revelasyon » sa a Jezi fè a – se te yon gran rekonfò pou Jan. Alò, Jezi, « Alfa ak Omega (kòmansman ak lafen) », « premye ak dènye », te fè apot egzile a wè l yon fason spesyal.

Nan vèsè ki vin annapre yo, n ap dekouvri divès vizyon konsènan lavni mond nou an. Jan jwenn yon apèsi jeneral e ki estrawòdinè. Pou nou menm jodi a, vizyon sa yo abòde istwa Legliz kretyèn nan, men, pou Jan vizyon sa yo se te lavni Legliz la. Nan mitan eprèv ak tribilasyon ki ta pral rive yo, li te dekouvri kijan sa ta pral fini. « Apre sa, mwen wè yon syèl tou nèf ak yon tè tou nèf ; paske premye syèl la ak premye tè a te disparet, lanmè a pa t la ankò. E, m wè vil sen an, Jerizalèm tou nèf la, k ap desann nan syèl la, sot kot Bondye a, li pare tankou yon lamarye ki pare pou mari l » (*Revelasyon 21.1, 2*).

Gwo vizyon revelasyon sa Jan ekri nan Revelasyon an ede l jwenn repo ak konfyans nan desizyon ak pwomès Bondye yo.

Lavi sa a gen dwa difisil, li kapab menm terib pafwa. Lè n konnen Bondye konnen lavni e lavni n ap bèl nan lavni, èske sa kapab rekonfòte n kounye a ?

Konte devan deyè

Sou montay Doliv yo, Jezi pale de istwa limanite yon fason jeneral lè L t ap reponn kesyon disip yo : « Di nou kilè sa ap rive ? Ki siy ki va fè n konnen lè w ap vini ak lè tan sa a va pase ? » (*Matye 24.3*).

Gwo diskou Jezi a nan Matye 24 konsène (kouvri) tout listwa tè sa a, depi ministè L sou latè jis rive lè L va vini an.

Jezi te vle bay tout pèp Li a yon apèsi konsènan pwofesi fen tan yo, yon fason pou sila yo ki gen pou viv pwofesi sa yo kapab pare pou evènman final la. Li te vle n kapab repoze nan kè poze nan lanmou L, menm lè tout bagay ta tèt anba nan lavi n, nan mond lan.

Advantis yo byen konnen deskripsyon Danyèl fè a : « Se pral yon tan kè sere moun poko janm wè depi yo sou latè » (*Danyèl 12.1, HCV*). Jezi vle pou n prepare n pou evènman [yo] k ap genyen anvan l tounen an.

► Kijan retou Jezi a ap fèt ? Kijan n kapab evite pou n pa pèdi ? Li Matye 24.4-8, 23-31.

Retou Jezi a ap fèt yon fason literal, li pa senbolik (tout moun ap wè l), nan fen tan yo. Lè n konsidere jan pwofesi bibliik yo pale ak diskou Jezi yo ki pale de pwòp retou L, se ap yon gwo evenman.

Dènnye fwa yon katastwòf mondyal, ki konsène anviwònman an (klima a), te fèt se sèlman uit (8) moun nan tout mond lan ki te pare. Jezi konpare aspè bripsoukou retounen L lan menm jan ak evènman sa a : delij la (*gad Matye 24.37-39*). Men, menmsi okenn moun pa konnen ni jou ni lè Kris la ap retounen (*gad Matye 24.6*), Bondye bay yon seri evènman ki dwe rive nan mond lan, e n kapab konstate se konsa y ap dewoule.

► Nou gen yon wòl pou n jwe nan dram/katastwòf pwofetik sa a. Ki wòl ? Konsantre n sou Matye 24.9-14.

Nan batay inivèsèl sa a, nou pa senp moun k ap suiv. Nou jwenn apèl pou n patisipe aktivman nan pwoklamasyon Levanjil la nan dènnye bout latè, sa ki vle di n ap sibi pèsèkasyon tou.

► Kisa sa vle di « pèsèvere jis nan fen tan an » ? Kijan n kapab fè sa a ? Ki chwa n dwe fè chak jou pou n pa pèdi, jan anpil moun te fè e ap kontinye fè ?

Annouwè (An avan)

Tablo jeneral ak pwofetik listwa a pa pèmèt nou kontante n chita nan plas nou san n pa fè anyen, alòs evènman yo ap dewoule : evènman n pa kapab kontwole vrèman. Gen moun ki kapab panse : *ebyen, evènman fen tan yo ap fèt jan sa te deja ekri, alò, kisa n kapab fè, sinon suiv sa k ap pase a É Bon, sa m kapab fè pou kont mwen ?*

Se pa konsa kreyen yo jwenn envitasyon pou yo konpote yo nan mond sa a ki antoure yo a, sitou lè se evènman fèn tan yo. Chapit 14 Revelasyon an di wol nou jwenn nou jwenn apèl pou n jwe a, nan moman sa a nan limanite, se pale moun yo de jijman Bondye epi ede yo prepare pou retou Jezi a.

► **Li Revelasyon 14.6-12. Ki ansèyman (leson) n jwenn la, e kisa n dwe pwoklame nan mond lan ? Poukisa mesaj sa ijan konsa ?**

Kòm advantis setyèm jou a, nou kwè « verite moman » an (2 Pyè 1.12) chita nan vèsè sa yo n rele « mesaj twa zanj yo ». Nou jwenn rezon (esans) apèl (vokasyon) nou an nan moman sa menm nan istwa latè.

Nan kòmansman an, se yon kesyon « Levanjil etènèl », se mèvèye nouvel lanmò ak rezireksyon Kris la, se sou yo sèl lespwa n gen pou n sove a chita. Nan Revelasyon 14.7, nou li tou « lè jijman L lan rive », yon moman fò ki fè wè fen tan yo. Pasaj sa se yon apèl tou pou n adore Sila ki « ki fè syèl la ak tè a », li opoze ak avètisman terib konsènan sila yo ki rete nan Babilòn, k ap adore « bèt la ak imaj li » (vèsè 9). Finalman, yo site/mansyone pèp Bondye a nan fen tan yo : « Se la, pèseverans sen yo, k ap gade kòmandman Bondye yo ak lafwa nan Jezi » (vèsè 12).

► **Li Revelasyon 14.11. Kisa pasaj sa a di n sou absans repo pou sila yo k ap adore bèt la ak imaj li ?**

Pa gen repo, lajounen tankou lannwit, pou sila yo k ap adore bèt la ak imaj li ? Menmsi yo entèprete pawòl sa yo divès fason, tewolojyen yo met ansanm pou yo di moun sa yo pa viv repo Bondye ofri sila yo ki fidèl la a Li a.

► **Dapre ou, poukisa premye pati mesaj twa zanj yo konsène « Levanjil etènèl » la ? Poukisa n dwe toujou gade bèl pwomès verite sa a nan tèt nou, lè n ap pwoklame mesaj sa nan mond lan ? Nan ki nivo Levanjil la nan mitan konsèp/mo repo a ?**

Repoze an pè

Depi plizyè syèk, kretyen yo ap tann retou Kris la. Se li menm ki dènye bout esperans nou an, pa sèlman esperans pa n, men esperans tout pitit Bondye yo.

► **Li Ebre 11.13-16. Ki gwo pwomès tèks sa genyen ladan, nonsèlman pou pèp Bondye a atravè listwa, men tou, pou nou menm jodi a ?**

Nou kapab di, vèsè sa yo pa t ap gen okenn sans si sa anpil moun konn ap di sou lanmò se te verite. Kisa n tandè yo souvan di ? Moun ki mouri yo swadizan nan syèl kounye a ak Jezi, y ap jwi rekonpans yo a. Lè Billy Graham (yon predikatè ameriken) mouri, anpil moun di kounye a l nan syèl ak Jezi.

Fason sa moun yo wè bagay yo yon ti jan dwategòch tou, paske souvan, lè yon moun mouri n tandè ekspresyon sa a : « Se pou l repoze an pè ». Men, kisa l ye vrèman ? Èske moun sa a ap repoze an pè, osnon èske l nan syèl la l ap fè yon bagay (ekzanp, l ap gade sa k ap pase sou latè) ?

► **Kijan Jezi dekri lanmò ? Li Jan 11.11**

Li kòrèk lè yon moun mouri yo di l ap repoze an pè. Mo yo ap repoze. « Lanmò a pa anyen pou sila ki kwè nan Bondye a. Kris la t ap pale de lanmò, Li te di : ‘Si yon moun obsève pawòl Mwen, li p ap janm wè lanmò’. Lanmò kretyen an se yon sòmèy, yon repo nan silans ak nan fènwa. Si w kwè lavi w kache ak Kris la nan Bondye, e ‘lè Kris la, lavi w, va parèt, alò w ap parèt ak Li tou nan glwa a’ (Jan 8.51, 52 ; Kolosyen 3.4) » – Ellen G. White, *Jésus-Christ*, Doral, Floride, éditions IADPA, 2018, chap. 81, p. 706.

Jezi konpare kondisyon yon moun, ant lanmò l ak jou rezireksyon an, tankou moun nan ap dòmi l pa konn anyen (*gad Jan 11.11, 14*), men tou, Li montre sila ki sove yo, ak sila ki pèdi yo ap resèwva sa yo merite a apre rezireksyon an (*gad Jan 5.28, 29*). Li montre tou li nesèsè pou w prepare lanmò w, pou kèlkanswa lè l ta rive a.

► **Ki rekonfò jwenn lè w konnen moun pa w yo ki mouri jwenn repo sa vrèman ?**

Rejwi pou tout tan nan repo a

Google Maps se yonn nan aplikasyon yo plis itilize sou telefòn yo. Nou gen difikilte pou n sonje kijan n te konn fè lè pa t gen GPS sou telefòn nou yo. Ale yon kote w pa janm ale kapab fè w strese. Men, ak Google Maps sou telefòn nou nou kapab konfyans n ap jwenn chemen an nan nenpòt ki vil nou pa konnen. Èske konfyans sa a se pa yon imaj repo Bondye vle pèmèt nou viv la granmesi pwofesi yo ?

Toutfwa, sa konn rive n antre yon adrès nou pa konnen sou aplikasyon nan, osnon n pa deside suiv endikasyon yo ba n yo, paske n panse n konnen yon wout ki pi kout. Nan tou de (2) ka yo, pafwa n konn pèdi, sa ki fè n pa kontinye wout la nan kè poze.

Li Filipyen 4.4-6. Dapre Pòl, kijan n kapab jwenn vrè repo a ak yon lapè san parey, menm nan mond sa a ki ajite e toumante a ?

Nan pasaj sa a, Pòl pa mande n pou n toujou ap rejwi, nan tout eprèv n ap travèse yo. Men, li di : « Toujou rejwi n nan Senyè a ». Kèlkanswa sa n ap viv la, kelkanswa difikilte n ap travèse a, si n fè Bondye konfyans, si n konte sou bonte L, lanmou L ak sakrifis Li pou nou sou lakwa, nou kapab rejwi n nan Li epi jwenn lapè pou nanm nou ki fatige.

Fason vèsè sa ekri a, li sanse pale de repo, lapè ak lespwa ki depase tout sa k nan mond lan, e li pèmèt nou gade/fikse yon lòt reyalite.

Alò, si n te kapab pa bay tèt nou pwoblèm pou kèlkanswa bagay la, nou ta kapab viv yon repo mèvèye. Se vre, pèsonn nan mond la pa kapab atenn/reyalize objektif sa a (menm Pòl te gen sousi*), men, lè n konnen se Bondye nou an ki gen lanmou, se Li k ap kòmande, k ap sove n e k ap pèmèt nou antre nan repo wayòm Li a, sa kapab ede n wè sa k ap ba n pwoblèm nan yon lòt fason.

« Senyè a bò kote n », se sa Pòl di n. Sa vle di l toujou bò kote n. E lè n va fèmen je n, e n ap repoze nan [sòmey] lanmò, premye bagay n ap gen pou n wè se Kris la k ap vin chache n.

Lavi ranpli ak pwoblèm, eprèv ak konfli. Pèsonn nan nou pa chape, menm apot Pòl (*gad 2 Korentyen 11*). Men, apot la di n, malgre tout sa n ap viv kounye a, nou kapab kontan poutèt sa n te jwenn nan Kris la, alò, lè sa n ap jwenn repo pou nanm nan, kounye a.

Apwofondisman

« Nou tout, nou ta vle depi n annik priye pou Bondye reponn nou dirèkteman, lapoula, e lè n pa jwenn repons lan lè n te swete a osnon l rive nan lè n pa t panse a, nou gen tandans dekouraje. Men, Bondye twò saj epi L twò bon pou L ta toujou reponn priyè n yo nan fason ak nan moman n chwazi yo. Li fè pi plis e pi bon bagay pou nou olye L ba n tout sa n anvi yo. E paske n kapab konfye n nan sajès Li ak nan lanmou L, an n pa mande L pou L fè volonte n, men, an n chache antre nan volonte L epi pou n fè sa L vle a. Anvi n yo ak entèrè n yo n te dwe disparèt nan volonte Bondye. » – Ellen G. White, *Le ministère évangélique*, section 6, p. 213.

« Yon ti tan, yon ti kras tan, dwe pase avan Jezi tounen pou L sove pitit Li yo e pou L fè yo pa janm mouri. [...] Tout tonm yo va louvri, e mò yo ap soti vivan ak kè kontan, e y ap di byen fò : ‘Lanmò kot fòs ou a ? Lanmò, kot viktwa w la ?’ (1 Korentyen 15.55). Pwòch nou yo k al dòmi nan Jezi a ap reveye pandan yo abiye ak imòtalite. » – Ellen G. White, *Conseils à l'économe*, chap. 68, p. 365.

MEDITASYON

- 1. Panse a gwo konfli a. Kijan l fèt nan mond lan ? E kijan l ye nan lavi pa w ? Èske w panse se yon batay ki reyèl ? Konfli a reyèl plis pase sa n ta imajine, paske gen anpil moun ki pa kwè nan [egzistans] dyab la. Poukisa l enpòtan pou n konnen batay sa reyèl pou n kapab konprann sitiyasyon an nan mond nou an. Mete sou sa, èske n pa pran kouraj lè n konnen konfli sa va fini ?**
- 2. Pwofesi yo kapab yon sous erè si n eseye ale pi lwen pase sa Bondye revele n aklè yo. Konbyen fwa manm Legliz la mete tèt yo nan sitiyasyon difisil, nan fè pwofesi ki pa verite, osnon nan kwè pwofesi ki pa chita sou anyen kèk moun fè. Kijan n kapab evite tonbe nan mòd pyèj sa a ?**
- 3. Nan klas ou a, reli tèks Revelasyon 14.9-11 lan, epi reflechi sou reyalite sa a : moun k ap adore bèt la ak imaj bèt la pa jwenn repo. Kisa sa vle di ?**
- 4. Èske n jwe yon wòl ki pèmèt Kris la vini pi rapid ? Sa se yonn nan sijè nan Legliz la ki fè poze anpil kesyon. Kèlkanswa pozisyon n adopte sou sijè sa a, poukisa l enpòtan pou n patisipe aktivman nan pwoklame mesaj retou Kris la ?**

Entwodiksyon pou trimès k ap vini an

Oktòb – novanm – desanm 2021

Detewonòm

1. Entwodiksyon Detewonòm nan (25 septanm – 1ye oktob)
2. Leson nan istwa Moyiz la (2 – 8 oktob)
3. Alyans etènèl la (9 – 15 oktob)
4. Renmen Senyè a, Bondye w la (16 – 22 oktob)
5. Etranje ki lakay ou yo (23 – 29 oktob)
6. Ki nasyon k ap gran konsa ? (30 oktob – 5 novanm)
7. Lwa ak gras (6 – 12 novanm)
8. Chwazi lavi (13 – 19 novanm)
9. Pran lòt chemen (20 – 26 novanm)
10. Sonje, pa bliye (27 novanm – 3 desanm)
11. Detewonòm nan sa ki ekri anvan yo (4 – 10 desanm)
12. Detewonom nan Nouvo Testaman (11 – 17 desanm)
13. Rezireksyon Moyiz la (18 – 24 desanm)

Detewonòm, sije etid nou an pou trimès pwochen an, ta kapab gen tit sa a « Verite moman an nan liv Detewonòm nan », paske n ap panche sou verite moman an nan Pawòl Bondye a pou pèp Li fe alyans ak li a. N ap etidye tèm yo ki nan liv la, e n ap dekouvri tèm tankou alyans etènèl, kisa renmen pwoche n ak renmen Bondye

n vle di, ak fason liv la montre lanmou Bondye. Nou ta kapab rezime liv sa a konsa : Israyelit yo ki fin kite Ejip e ki antre nan alyans ak Senyè a, sou Sinay, yo monte desann pandan karant (40) lane nan dezè a. Nan moman yo pral antre nan Tè pwomès la, Moyiz mande yo pou yo pa bliye ni sa Bondye fè pou yo a, ni sa Bondye egzije yo pou yo fè a : renmen L ak tout kè yo e ak tout nanm yo, e montre lanmou nan obeyi tout komandman L yo, dapre alyans lan. Pou montre enpòtans alyans lan, Moyiz repete dis (10) kòmandman yo pou yo, ki se baz legal (ki chita sou lalwa) obligasyon yo nan kad alyans Senyè a te fè dabò ak zansèt yo, e L ta pral refè l ak yo, kounye a yo te sou fwontyè Kanahan. Èske gen rapò ant sa israyelit yo te viv lè yo te pre antre Kanahan, ak sa n ap viv jodi a alòs nou pre antre nan syèl la ? Wi, n ap wè genyen.